№42 (19875) hakikat_gazeta hakikat1917@mail.ru hakikat.info

АССАЛАМУ ГIАЛАЙКУМ

# ХIАКЪИКЪАТ

МАГIАРУЛАЗУЛ РЕСПУБЛИКАЯЛЪУЛАБ КАЗИЯТ

27 октябрь 2023 с. рузман

## ВАЦЛЪИЯЛЪУЛ УЛКАБАЗДА

# Расулил юбилей - Узбекистаналда



21-23 октябралда Узбекистаналъул тахшагьар Ташкенталда тIобитIана «Расул ХIамзатовасул иццал» абураб музыкалиябгун театралияб литературияб тадбир. Гьенир гIуцIун рукIана шагIирасул гIумруялъулги творчествоялъулги хIакъалъулъ бицунел церелъеял.

Гьеб байрамалде ун рукIана Дагъистаналъул вакилзабиги. Гьезие нухмалъи гьабуна ДРялъул хIукуматалъул председатель ГI. ГIабдулмуслимовас. Гьел дандчIвана Узбекистаналъул пачалихъиял хIакимзабигун ва гьаруна кIиязего пайдаял къотIи-къаял.

*(Хадусеб 3-аб. гьумералда)*

## СПОРТ

### ЧарангIан къвакIарал, къуват бергьарал



6 гьум. >>>

## РАКЬАЛДА ЛЪАЛКIАЛ

### БакьгьечIиса МахIач



9 гьум. >>>

## ГIАММАБ ДИКТАНТ

# МацIгун маданият цIунизе бокьарални дагьал гьечIо, амма...



Дагъистаналъул халкъазул мацIазул ва маданияталъул къо кIодо гьабун ДГПУялда хъвана республикаялъул рахьдал мацIазда киназего гIаммаб диктант. ГIадаталда рекъон гьеб тадбир гIуцIана ДГПУялъгун ДРялъул Миллияб политикаялъул ва диниял ишазул министерствоялъ.

Щибаб соналда, 21 октябралда Дагъистаналъул халкъазул мацIазул ва маданияталъул къо кIодо гьабула республикаялда. Росабалъгицин гIисинлъимал гIурус мацIалда гурони кIалъалареб мехалда маданиятгун рахьдал мацIал тIагIиналда хIинкъи буго. Рахьдал мацI ва маданият цIуниялъул мурадалда, 2016 соналда Р. ГIабдулатIиповасул бихьизабиялда рекъон, байбихьана 21 октябралда гьеб байрам кIодо гьабизе. Гьеб ккола рахьдал мацI ва маданият цIунеян жамгIияталдехун ахIи балеб къо.

*(Хадусеб 5-аб. гьумералда)*

## КУМЕКАЛЪУЛАБ КВЕР

### Бихьулареб фронталъул къеркьохъан



12-13 гьурм. >>>

# Дагъистаналъе 373 миллион гъурущ

**ДРялъул бетIер Сергей Меликов гьал къоязда дандчIвана Россиялъул росдал магIишаталъул министр Дмитрий Патрушевгун.**



Гьез бицана регионалда агропромышленнияб комплекс цебетIезабиялъулги, хурухъабазул хIалтIулги, росдал магIишаталъул нигIматал хIадурулел предприятиязе пачалихъияб кумек гьабиялъулги, лъалъадулеб хурухъанлъи цебетIезабиялъулги ва цогидалги масъалабазул хIакъалъулъ.

ГьабсагIаталда рагIалде бахъунеб буго хуриса тIорщел бакIариялъул хIалтIи. ПиринчI гIезабиялъул рахъалъ Дагъистан кIиабилеб бакIалда бугин абуна федералияв министрас.

«Ракь» абураб пачалихъияб программа гIумруялде бахъинабулаго, республикаялда хIадурун буго лъалъадулеб хурухъанлъиялъулъ 66 проект. Гьелъие федералияб министерствоялъ биччазе ккола 360 миллион гъурущ. Субсидиял кьезе руго жеги лъабго проекталъе. ГIаммаб къадаралда Дагъистаналъул хурухъабазе щвезе ккола 373 миллион гъурущ.

ГIи-боцIухъанлъиялъул хIалги чIара-хьараб буго. ХIажат буго регионалъул ветеринарияб хъулухъалъ боцIул унтабазда хадуб халкквеялъул иш тартибалда бачине.

ДандчIваялда бицана росабалъ ругел гIадамазул гIумруялъе шартIал гIуцIизе ккеялъул хIакъалъулъги. Гьаб соналда республикаялда гIумруялде бахъинабулеб буго росдал ракьал церетIезариялъул рахъалъ хIадурараб 35 миллион гъурщил кIиго проект.

# Расулил юбилей - Гъиргъизиялда

**Гъиргъизиялъул тахшагьар Бишкекалда тIобитIараб Расул ХIамзатовасул 100-сонилаб байрамалда гIахьаллъана Дагъистаналъул вакилзаби. Гьезул бетIерлъуда вукIана ДРялъул Халкъияб Собраниялъул председатель Заур Аскендеров, гьесул заместитель Камил Давдиев, парламенталъул комитетазул председателал Елена Павлюченко, Фирудин Ражабов, Мурат Пайзулаев, депутат Марат Алияров, министрал ва маданияталъул хIаракатчагIи.**

## Россиялъул вакилгун дандчIвай

Дагъистаналъул вакилзабигун дандчIвана Гъиргъизиялда вугев Россиялъул вакил Николай Удовиченко. Гьез бицана гьениб гIумру гьабулел дагъистаниязулги Россиялъул вакиллъиялъулги гьоркьорлъабазулги, вакиллъиялъул хIалтIулъ гьез гьабулеб гIахьаллъиялъулги хIакъалъулъ. РФялъул вакилас абуна гьел гьоркьорлъаби жеги щулалъизаризе ругин.

Заур Аскендеровас абуна, Россиялъул Федерациялъул бутIа хIисабалда, Дагъистанги гIахьал гьабизе бегьилин Россиялъулги Гъиргъизиялъулги бухьенал церетIезариялъул мурадалдаян.

Цебегоялдаса нахъе 12 азарго дагъистанияс гIумру гьабулеб буго Гъиргъизиялда. Гьезул вакилзабиги гIахьаллъана дандчIваялда. Къадруяв ракьцояв, дунялалдаго машгьурав шагIир Р. ХIамзатовасул байрам Гъиргъизиялъул ракьалдаги кIодо гьаби жидее кIудияб рохеллъун ккоялин абуна гьез.

ДандчIваялъул ахиралда Николай Удовиченкое сайгъат гьабуна «Дир Дагъистан» абураб берцинго къачIараб Расул ХIамзатовасул тIехь.

## Муфтияталда

Заур Аскендеровасул къокъа дандчIвана Гъиргъизиясул муфти, шайих Замир Ракиевгунги. Гьадинал дандчIваяз квербакъула Дагъистаналъулги Гъиргъизиялъулги бусурбабазул бухьен камил гьабиялъеян абуна муфтияс.

*«Дагъистаналъулги Гъиргъизиялъулги бусурбабазда гьоркьоб кидаго букIана гьудуллъиги рухIияб гIагарлъиги. Нилъецаги, Аллагьасул квербакъиялдалъун, нилъер умматазул гьеб гьудуллъигун вацлъи жеги щулалъизабила»*, – ян жаваб кьуна Заур Аскендеровас.

ДандчIваялъул ахиралда шайих Замир Ракиевасги Заур Аскендеровасги цоцазе сайгъаталги кьуна.

## ЦIияб памятник

Бишкек шагьаралда КъасимгIали Баялиновасул цIаралда бугеб Республикаялъул лъималазул библиотекаялда рагьана Дагъистаналъул халкъияв шагIир Р. ХIамзатовасул бюстги шагIирасул хIакъалъулъ бицунеб хасаб бокIонги.

Гьеб рагьиялъул тадбиралда гIахьаллъана Дагъистаналъул вакилзабиги. Гьенире рачIун рукIана Гъиргъизиялъул культураялъулги, информациялъулги ва гIолилазул политикаялъулги министралги, шагIирзабиги хъвадарухъабиги.



Дагъистаналъул парламенталъул председатель Заур Аскендеровас баркала кьуна нилъер шагIир кIодо гьавиялъухъ ва гьадин абуна: *«Расул ХIамзатов чанцIулго щвана нужер улкаялде ва гьес гIемераб хIалтIи гьабуна нилъер халкъазул гьудуллъи щулалъизабиялъе.*

*Лъималазул библиотекаялда шагIирасул бюстги хасаб бокIонги рагьиялъул буго кIудияб магIна. Библиотека буго лъималазул лъай цIубалеб, гьезие тарбия щолеб бакI. РакIалде ккола, Расул ХIамзатовасул гьайбатал асаразги гьелъие квербакъилин гьезул унго-унгоял гIадамал рахъинариялъеги, пагьму-гьунар цебетIезабиялъеги, гIакълу камиллъиялъегиян абун.*

*Жакъасеб тадбир ккола, шагIирасул гуребги, Россиялъулги Гъиргъизиялъулги халкъазул тарихалъулги гIадатазулги адаб гьаби. Нилъер халкъазул гьудуллъиги цоълиги жеги щулалъизе букIиналде кинабгIаги щаклъи гьечIо дир»*, – ан.

## Расулил иццазухъ

КIудияв шагIирасул 100-сонилаб байрам кIодо гьабиялъул тадбиразул ахиралда тIобитIана адабияталъул тадбир. Гьеб гIуцIун букIана Токтогул Сатылгановасул цIаралда бугеб Гъиргъизиялъул миллияб филармониялда. Гьениб бихьизабуна «Расул ХIамзатовасул иццал» абураб музыкалиябгун театралияб композиция.

Дагъистаналъул вакилзабаз цадахъ бачIараб мультимедиябги тIахьазулги выставкабиги рихьизаруна филармониялъул жанахIалда. Гьенирго тIиритIун рукIана халкъияб устарлъиялъул тIагIелалги.

Артистал церерахъиналде Заур Аскендеровас абуна Россиялъул президент Владимир Путиницаги Гъиргъизиялъул президент Садир Жапаровасги кIудияб кIвар кьолин нилъер улкабазда гьоркьоб вацлъи-гьуинлъи щулалъизабиялъул мурадалдаян абун. *«Россиялъул Федерациялъул бутIа хIисабалда, Дагъистаналъ – гьелъул бетIер Сергей Меликовас ва Дагъистаналъул тIолабго халкъалъ – Гъиргъизиялъул нухмалъиялъеги нужер тIолго халкъалъеги кIудияб баркала кьолеб буго Гъиргъизиялъул ракьалда Дагъистаналъул халкъияв шагIир Расул ХIамзатов кIодо гьавиялъухъ, гьесул асаразул адаб гьабиялъухъ. Нилъер халкъазда гьоркьоб гьудуллъи щулалъиялъулъ кIудияб бутIа лъуна шагIирас. Гьес живгоги рикIкIунаан Гъиргъизиялъул халкъалъул гьудуллъун ва гьев асир гьавун вукIана нужер республикаялъул гьайбатлъиялъги тIадегIанлъиялъги»*, – ян бицана гьес ва ракIалде щвезабуна Расул ХIамзатовасулги Чингиз Айтматовасулги гьудуллъи.

## ГIабдулманап НурмухIамадовасул цIар – спортзалалъе

ДРялъул Халкъияб Собраниялъул Маданияталъулги, гIолилазул ишазулги, спорталъулги ва туризмалъулги комитеталъул председатель Мурат Пайзулаев дандчIвана Гъиргъизиялъул Физкультураялъулгун спорталъул департаменталъул директор Айбек Абдымомуновгун. ДандчIваялда гIахьаллъана ДРялъул физкультураялъулгун спорталъул министр Сажид Сажидовги.

ДандчIваялдаса хадуб Сажид Сажидовги, ДРялъул миллияб политикаялъулгун диналъул ишазул министр Энрик Муслимовги ва Мурат Пайзулаевги гIахьаллъана спортзалалъе машгьурав тренер ГIабдулманап НурмухIамадовасул цIар кьеялъул тадбиралда.

Нилъер тренерасул цIар кьуна Бишкекалда гIагарлъухъ бугеб Къоабилеб колода бугеб спортзалалъе (гьеб буго росу, доба гьелда абула Двадцатый хутор абун). Гьениб гIумру гьабулеб буго 1926-1936 соназда зулму гьабун Дагъистаналдаса гочинарурал нилъер ракьцоязул наслабаз.

***Кавсарат СУЛЕЙМАНОВА***

# Расулил юбилей - Узбекистаналда

*(Байбихьи 1-себ гьумералда)*

## «ХъахIал къункърабазухъе»

21 октябралда гьел щвана Чирчик шагьаралда бугеб «ХъахIал къункъраби» абураб мемориалияб комплексалде. КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIазул памятникалда цере тIугьдул лъуна гьез.

«ХъахIал къункъраби» мемориалияб комплекс рагьана 1972 соналъул микьабилеб маялда Чирчик шагьар бакъулъ. Гьелъул кьочIолъ лъун буго немцаз чIварав Чирчик шагьаралъул 1695 чиясул цIар тIад хъвараб кагътат жаниб лъураб капсула.

Бекараб кваркьи бугеб къункъра пашманго балагьун буго боржун унеб читIиралъухъ. Гьеб буго рагъда чIварал солдатазул рухIазе бараб памятник. Гьезул хIакъалъулъ хъвараб Расулил кечI буссинабун буго узбек мацIалдеги.

Гьеб памятник хирияб буго Афгъан рагъул гIахьалчагIазеги: гьелда цересан тIоритIана гьел рагъде унеб мехалда.

Дагъистаналъул вакилзаби щвана «Чирчик» абураб химиялъулгун индустриалияб паркалдеги. Гьелъул генералияв директор Фарит ГIазизовас бицана гьениб гьабулеб хIалтIулги инвестораз гIуцIун ругел шартIазулги хIакъалъулъ.

Паркалъул буго цебетIураб инфраструктура. Гьенир сокIкIун руго кьватIисел улкабаздаса Узбекистаналда хIалтIизе рачIарал индустриалиял компаниязул офисал. Гьезие хIажатабщинабги чIезабун буго. Дагъистаналъул вакилзабазда рихьизаруна индустриалиял парказул цебетIеялъе кквербакъулел тадбирал ва Узбекистаналъулги Дагъистаналъулги бухьен камил гьабизе, ай промышленносталъе хIажатал махщелчагIи хIадуриялъул рахъалъ гьоркьоблъи букIинабизе кьотIиги гьабуна.

ДандчIваялъул хIасил гьабулаго, ГI. ГIабдулмуслимовас баркала кьуна жидер гьабураб адабалъухъ ва паркалъул нухмалъулезе сайгъат гьаруна Р. ХIамзатовасул тIахьал. *«ХIакъикъаталдаги, гьаниб хIалтIи гIуцIун буго тIадегIанаб даражаялда. Дагъистаналдаги жигаралда гIуцIулел руго индустриалиял технопаркал ва цебетIезабулеб буго промышленность. Масала, цIорол кластер. Гьоркьоса нижеца хIалтIизе биччана цIорол гарал хIадурулеб цех. «Уйташалда» хIадурула авиациялъе хIажатаб кьайи. Дида ракIалде ккола, кIиязего рес бугин цоцазухъа дарсал щвезе, бугеб хIалбихьиялдаса пайда босизе. Гьединлъидал гьарула: рачIа нижехъе гьоболлъухъ»*, - ян бицана ДРялъул премьер-министрас.



## Мажлисалъул сенаталда

Гьебго къоялъ ГI. ГIабдулмуслимов дандчIвана Узбекистаналъул Олий Мажлис Сенаталъул (хадубккун – Мажлис) председателасул тIоцевесев заместитель Содикъ Сапоевгун.

Гьелда гIахьаллъана Мажлисалъул Халкъазда гьоркьоселги кьватIисеб экономикаялъулги бухьеназул ва кьватIисел улкабаздаса инвестициязулгун туризмалъул комителалъул председатель Равшанбек ГIалимов ва Мажлисалъул ГIелмиялгун лъай кьеялъул ва сахлъи цIуниялъул суалазул рахъалъ комителалъул председатель Одилжон Иминов. Дагъистаналъул рахъалдаса дандчIваялда гIахьаллъана ДРялъул Халкъияб Собраниялъул председателасул заместитель Камил Давдиевги, ДРялъул миллияб политикаялъулгун диниял ишазул министр Энрик Муслимов ва цогидалги.

ДандчIваялда бицана Расул ХIамзатовасул къоял тIоритIиялда бан хIадурараб программаялъулги, парламентазда гьоркьосел бухьенал камил гьариялъулги, кIиябго республикаялда туризм, промышленность, росдал магIишат ва цогидал рахъал церетIезариялъе кквербакъулел цадахъал тадбирал гIуцIиялъулги хIакъалъулъ.

## Маданияталъ цолъизарула

Халатбахъун хъатчIвана Узбекистаналда Дагъистаналъул артистазе. Гьайбатаб улка буго Узбекистан – такрарлъи гьечIеб тIабигIатги, некIсияб, цогидазулалда релълъинчIеб маданиятги, ракI разияб гьоболлъиги… Гьениве чанцIулго щвана Расул ХIамзатов. Узбекистаналъул хъвадарухъаби рукIана гьесул гьудулзабилъун. Гьединлъидалги батила, кутакалда разиго къабул гьаруна Дагъистаналъул артистал Ташкенталда бугеб «Туркестон» абураб Маданияталъул гIазухъахIаб кIалгIаялда.

Гьениб букIана «Расул ХIамзатовасул иццал» абураб нилъер хIаракатчагIазул церерахъин.

Концерталде рачIаразде хитIаб гьабулаго, гьадин абуна ГI. ГIабдулмуслимовас: «*Нижеда лъала,* Расул ХIамзатовасул творчество Узбекистаналда кутакалда бокьулеблъи. Гьебги ккола нилъер халкъал гIагарлъизарулеб хIужа. ХIамзатов вукIана лъикIлъиялъул вакил, халкъияв дипломат. Гьев щвана гIемерал бакIазде, щвана Ташкенталде, Бухараялде, Самаркандалде. Узбек мацIалде буссинабун буго гьесул «Дир Дагъистан» ва шигIриял мажмугIал. Гьевги Узбекистаналъул советияв, партиялъул ва пачалихъияв хIаракатчи Шарап Рашидов гьудулзаби рукIана. 1976 соналда Расулги гьесул лъади ПатIиматги щвана Узбекистаналде. Нужер бакъулаб ва баракатаб республикаялде гьабураб сапаралъул хIасилалда шагIирас хъвана адабиятиалъул тарихалда гучаб лъалкI тарал асарал», – ан.

Содик Сапоевас баркала кьуна Дагъистаналъул вакилзабазе: *«Баркала Дагъистаналъе аваданаб байрамалъухъ. Расул ХIамзатовас кочIолъ рецц гьабуна рахьдал мацIалъе. Жакъа Узбекистаналъулги, Россиялъулги, Дагъистаналъулги халкъал, нилъер улкабазул нухмалъулезул политикияб яхIалъул кьучIалда, цолъулел руго, гьункулел руго. Гьелъие нугIлъи гьабула Дагъистаналда нилъехъе къуматал гьалбал рачIиналъги»*, – ян абуна гьес.

ШагIирасул байрам кIодо гьабулебщинаб бакIалда гIуцIун букIуна Дагъистаналъул халкъияб устарлъиялъул выставкаги. ГIуцIун букIана гьеб Ташкенталдаги. Унсоколоса МухIамад МухIамадгIалиевасул ишан кьабизе бугеб гьунаралъ битIахъе хIайранлъизаруна гьелъухъ балагьизе рачIарал гIадамал.

***Кавсарат СУЛЕЙМАНОВА***

Т. Беляева:

# «Росабалъ тохтурал гIолел гьечIо»

**ДРялъул Сахлъи цIуниялъул министерствоялъ тохтурзабигун фельдшерал ахIулел руго «Земский доктор» программаялда рекъон хIалтIизе. Медицинаялъул учреждениязде рикIкIадал росабалъе хIалтIизе унел ругони, цо миллионгун бащдаб тохтурзабазеги, 750 азарго гъурущ фельдшеразеги кьолеб буго. АскIоса гIебеде ругел районаздегун росабалъе унел ругони, цо миллион гъурущ кьолеб буго тохтурасе.**



Гьедин бицана талат къоялъ «Дагправдаялъул» редакциялда тIобитIараб пресс-конференциялда ДРялъул сахлъи цIуниялъул министр Татьяна Беляеваалъ. 2012 соналдаса нахъе хIалтIулеб буго «Земский доктор» программа. Гьеб заманалда жанив, 2022 соналде щвезегIан хIалтIудалъун хъезавун вуго 1800 чи. Жакъаги специалистал гIолел гьечIо ва хIалтIи кьваригIарал гьеб программаялда рекъон росабалъегун районазде хIалтIизе ин буго нижер мурад. ГIолел гьечIо гIемерал батIи-батIияб специализациялъул тохтурал: педиатрал, реаниматологал, наркологал, кардиологал. Кинав специалист вугониги, гьесие хIалтIи буго гьабсагIаталда Дагъистаналда.

Аслияб масъала ккола тIаса бицараб районалде щуго соналъ хIалтIизе унел ругин кьотIи-кьай хъвай. Цебе ригьалъухъ балагьулел рукIарал ратани, гьанже гьелъухъги балагьулел гьечIо. ГIолохъанал, херал батIалъи гьечIого, хIалтIизе гьира бугев чи министерствоялде вачIине бегьула. Гьениб нижеца гьесие кинабго баян гьабила, документалги цIезарун, гьев чи бокьараб больницаялде, бокьараб росулъе хIалтIизе ина», - ян бицана министралъ.

Тохтурал гIоларел районазда гьоркьор гьелъ рехсана МухIарамкент, Дахадаев, Табасаран, Дербент, ЧIарада районазулги, Хасавюрт, Гъизилюрт шагьаразул больницабиги.

***ПатIимат МУХIАМАЕВА***

## Къокъго

# Нечезе ккараб иш

ДРялъул бетIер Сергей Меликовас жиндирго бербалагъиялда гъоркье босун буго МахIачхъалаялъул школазде ва ясли-ахазде кванил нигIматал щвезариялъул рахъ.

Данделъиялда гъес борхана лъай кьеялъул учреждениязде щвезабураб кванилъ батараб нахул хIакъалъулъ суал. Гьелда гъорлъ батун буго чIезарурал нормабазда данде кколареб элемент. Кванил нигIматал росун рукIун руго «МахIачхъалапродукт» МКУялъ.

«119 школалдегун ясли-ахалде щвезабун буго 11 тонна кванил. Гьеб квен ун буго лъималазул рукъзабахъеги. Гьеб ккола нечезе ккараб иш. Дица гьеб суал дирго бербалагъиялда гъоркье босулеб буго», - ян абуна данделъиялда С. Меликовас.

ДРялъул Прокуратураялъги, ЦIех-рехалъул комитеталъги, МВДялъги гьеб суалалъул халги гьабун, букIине кколеб жаваб кьеян лъазабуна республикаялъул бетIерас.

Шагьаралъул нухмалъиялдаги лъазабуна, кванил нигIматазул качество букIине кколин тIоцебесеб бакIалдаян.

ДРялъул нухмалъулесул щин бахъараб цоги хIужа - гьеб нах босулеб букIун буго цоги регионалдаса компаниялъухъа цIикIкIараб багьаги кьун. Гьеб лъугьа-бахъиналда бан, тIадкъараб иш кколеб хIалалда тIубачIолъиялда бан, выговорал щвана министразеги.

# Дармилал къотIи-къаял

Узбекистаналдаса рачIарал вакилзабигун бизнесалъул бицараб данделъи тIобитIана Дагъистаналда. Регионалдаса къватIибе къайи бичиялъул централъул квербакъиялдалъун тIобитIараб гьеб данделъиялда Дагъистаналда батIи-батIиял къайи-цIа гьабулел ва Узбекистаналъул чIахIиял компаниязулгун лъай-хъвай гьабуна кIиябго рахъалъ.

Экспорталъе квербакъиялъул централъул нухмалъулев Руслан ГIабаскулиевасул рагIабазда рекъон, Дагъистан ва Узбекистан тIоцебесеб нухалда гуро дандчIвалел ругел ва цоцазухъе къайи-цIа щвезабиялъулъ гьезул хIалбихьи буго.

Гьаб дандчIваялдаса хадубги гьез къотIи-къай гьабуна Дагъистаналдаса боцIуе рагIи, теплицаби ва цогидабги Узбекистаналде битIизе.

## Конкурсал

# ХIасилал гьаруна



«Педагогасул ва насихIатчиясул лъагIел» кIодо гьабиялда бан, республикаялъул лъай кьеялъул хIалтIухъабазда гъоркьор гIуцIун рукIана батIи-батIиял къецал. Дагьалъ цебе Дагъистаналъул Лъай кьеялъул ва гIелмуялъул министерствоялъ гьаруна гьел къецазул хIасилал. «Учителя живут в учениках» ва «Педагогическая династия» къецазда бергьенлъи щваралги улкаялъул президентасул гранталъе мустахIикъльаралги педагогал кIодо гьаруна Каспийскиялда бугеб Республикаялъул лъай кьеялъул централда. Гьезие кьуна сайгъаталги шапакъаталги.

Тадбиралда гIахьаллъана 50-ялдаса цIикIкIун соналъ школалда хIалтIулей педагог-ветеран, мустахIикъай учитель Вера Евсееваги.

Педагогазда бергьенлъаби баркана ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутат, Лъай кьеялъул ва гIелмуялъул комитеталъул председатель, «ЦIияб школа» абураб проекталъул координатор Елена Павлюченкоца, ДРялъул лъай кьеялъул ва гIелмуялъул министрасул тIоцеесей заместитель Аида ТIалхIатовалъ, Дагъистаналъул Педагогазул ассоциациялъул президент, Республикаялъул лъай кьеялъул централъул директор Анжела Байрамбековалъ.

# Бищун лъикIаб богорукъ

ДРялъул Лъай кьеялъул ва гIелмуялъул министерствоялда шапакъатал кьуна «Школалъул бищун лъикIаб богорукъ – 2023» абураб ТIолгороссиялъул конкурсалъул регионалияб бутIаялда бергьенлъи босарал школазе. Тадбир нухда бачана министрасул заместитель Халид НурмухIамадовас. Конкурсалъул гIахьалчагIазда бергьенлъи баркана министерствоялъул отделалъул начальник Меседо ХIажиевалъги.

Шагьаразул школазда гъоркьоб тIоцебесеб бакI щвана Гьизилюрталъул №1 школалъе, кIиабилеб бакI - Хасавюрталъул №19 школалъе ва лъабабилеб бакIалде ккана Избербашалъул III-IV-абилеб тайпаялъул школа-интернат.

Росабазул школазда гъоркьор бергьана: Гьизляр районалъул Расул ХIамзатовасул цIаралда бугеб Краснооктябрьское росдал школа (I бакI), Хайдакъ районалъул А. Качмасовасул цIаралда бугеб Баршамай росдал школа (II бакI) ва Бабаюрт районалъул Б. Сатыбаловасул цIаралда бугеб Бабаюрт росдал №2 школа (III бакI).

Киназего кьуна Министерствоялъул дипломал.

*ДРялъул Лъай кьеялъул ва гIелмуялъул министерствоялъул пресс-хъулухъ*

## Баркула



«Россиялъул халкъазул ассамблея» абураб ГIаммаб Россиялъул жамгIиябгун пачалихъияб гIуцIиялъул Дагъистаналъул регионалияб отделениялъул председатель, «ХIакъикъаталъул» бетIерав редакторасул заместитель Зикрула Ильясов вахъана «Миллаталъул чIухIи» абураб ТIолгороссиялъул жамгIияб премиялъул лауреатлъун.

З. Ильясов гьеб шапакъаталъе вихьизавуна «Россиялъул халкъазул миллиябгун маданияб цебетIеялъулъ лъураб бутIаялъухъги миллатал цолъизаризе гьабураб хIаракаталъухъги».

Миллатазда гъоркьосел бухьеназул рахъалъ РФялъул президентасда цебе бугеб советалъулги, Миллиял ишазул рахъалъ федералияб агентствоялъулги, РФялъул Федералияб Собраниялъул Пачалихъияб Думаялъулги, Москваялъул хIукуматалъулги, РФялъул ЖамгIияб палатаялъулги, «Россиялъул халкъазул мина» абураб ФГБУялъулги ва Миллатазда гъоркьосеб журналистикаялъул гильдиялъулги квербакъиялдалъун, «Миллаталъул чIухIи» абураб ТIолгороссиялъул жамгIияб премиялъул проект гIумруялде бахъинабулеб буго «Россиялъул халкъазул ассамблея» абураб ГIаммаб Россиялъул жамгIиябгун пачалихъияб гIуцIиялъ.

Лауреатал кIодо гьариялъул тадбир тIобитIизе буго Москваялда.

**«ХIакъикъат» газеталъул редакциялъ Зикрула Ильясовасда баркулеб буго гьесие кьураб тIадегIанаб къимат! Хадур гIемерлъаги шапакъатал!**

* * *



23 октябралда гIумруялъул 65 сон тIубана гIалимчи, ракI лъикIав инсан, ЧIарада районалъул Рулдаб росулъа МухIамадов МухIамад Ибрагьимовичас. Щибниги чIухIи гьечIев, гIадамасдехун адаб бугев чи вукIиналъ Ибрагьимил МухIамадилан абула гьесда гьудулзабаз ва лъалел хъвалез.

«ХIакъикъат» газеталъулги цевегосев гьудул ккола МухIамад. МагIарулалги данделъун тIобитIулеб кигIан гьитIинабги даражаялъул данделъи бугониги, гьениги жигараб гIахьаллъи гьабулев, щивав инсанасда бицине рекъараб, хIеренаб каламги батулев, адабалъул цIураб ракIалъул, иманалъул нур бадиб бугев, кидаго гьимулев вукIунев гIажаибав чи вуго гьев.

Жакъа магIарулазе ва Дагъистаналъе гьечIого гIоларев, миллияб мацIалъул суалалъ рахIат хвезабурав, сордоги къоялги гьелъул ургъел гьабулев, рагIиги бегIерав, пагьмуги цIикIкIарав чиги вуго Ибрагьимил МухIамад. Амма гьеб киналдаго гъоркьоб цойги цIакъаб рахъги буго гьесул хасияталъул – кутакалда гIадатияв инсанги вуго гьев.

**«ХIакъикъат» газеталъул коллективалъ, тIолалго магIарулазул цIаралдасан ракI-ракIалъ баркула МухIамадида гьавураб къо. Гьарула чорхое щулияб сахлъи, рокьоб парахалъи ва хъизан-рукъалъулъ талихIгун гьуинлъи. Вохун таги, МухIамад, мун!**

## РакIалдещвей

# Цоги къватIалъе - цоги БахIарчиясул цIар




Казбек районалъул Дилим росулъ тIобитIана СВОялда къадаралде щварав ХIосен Маликовасул цIар къватIалъе кьеялъул хIурматалда митинг.

Данделъи рагьулаго, Казбек районалъул нухмалъулесул ишал тIуралев Иляс Шабазовас абуна гьаб хъизамалдаса лъабго васас улкаялда цебе тIадаб борч ракIбацIцIадго тIубазабулеб букIанин абун.

«Бихьинчилъиялъе мисалги бихьизабун, ватIаналъе гIоло гIумру кьуна ХIосен Маликовас. Нилъеда тIадаб буго гьезул цIар даимго ракIазулъ цIунизе. Камиялъул асар рекIелъа босизе нилъеда кIвеларо, амма гьезул хъизамазе хIажатаб чIезабизе нилъеда тIадаб буго ва бокьараб суалалъе нилъеца СВОялъул гIахьалчагIазул хъизамазе кумек-квербакъи гьабизе буго»,-ян абуна гьес.

Митингалда гIахьаллъи гьабуна росуцояз, жамгIиял хIаракатчагIаз, СВОялъул гIахьалчагIаз. РФялъул президентасул указалда рекъон, бахIарчилъиялъухъ ва къвакIиялъухъ ХIосен Маликов Бихьинчилъиялъул орденалъе вихьизавун вуго.

# МацIгун маданият цIунизе бокьаралнидагъал гьечIо, амма...



**Хамиз Хъазанбиевалъе сертификат кьолеб буго П. Пайзулаевалъ**

## Анкьго батIияб миллаталъул вакилзаби гIахьаллъана

Дагъистаналъул халкъазул мацIазул ва маданияталъул къо кIодо гьабун ДГПУялда хъвана республикаялъул рахьдал мацIазда киназего гIаммаб диктант. ГIадаталда рекъон гьеб тадбир гIуцIана ДГПУялъгун ДРялъул Миллияб политикаялъул ва диниял ишазул министерствоялъ.

Щибаб соналда, 21 октябралда Дагъистаналъул халкъазул мацIазул ва маданияталъул къо кIодо гьабула республикаялда. Росабалъгицин гIисинлъимал гIурус мацIалда гурони кIалъалареб мехалда маданиятгун рахьдал мацIал тIагIиналда хIинкъи буго. Рахьдал мацI ва маданият цIуниялъул мурадалда, 2016 соналда Р. ГIабдулатIиповасул бихьизабиялда рекъон, байбихьана 21 октябралда гьеб байрам кIодо гьабизе. Гьеб ккола рахьдал мацI ва маданият цIунеян жамгIияталдехун ахIи балеб къо.

Ахирал соназда гIадатлъун лъугьана ДГПУялъул ФДФалда Дагъистаналъул мацIазда гIаммаб диктант хъвай. Араб соналде дандеккун исана диктант хъвазе рачIаразул къадар гIезегIан цIикIкIун букIана. ФДФалда киназего бакI гIечIого аскIоб бугеб филологияб факультеталъул кабинетаздаги рукIана диктант хъвалел гIодор чIун.

ДГПУялъул Дагъистаналъул филологиялъул факультеталъул декан Зайнаб ГIумаровалъ бицана, исана анлъабилеб нухалда тIобитIулеб бугин гьениб рахьдал мацIазда киназего гIаммаб диктантин абун:

*«Диктант хъвазе гIадамал рачIинчIого чIеладаян абун рекIелъ букIараб хIинкъи тIубанго тIагIанин абизе бегьула. Жакъа диктанталде рачIун руго учительзаби гурелги бизнесчагIи, спортсменал, батIи-батIиял министерствабаздаса ва идарабаздаса хIалтIухъаби, студентал. Гьаб захIматаб заманалда рахьдал мацI цIунизеги гьеб кIодо гьабизеги гьадинал акциял тIоритIи кутакалда лъикIаб иш бугин ракIалде ккола дида. Гъоркьиса диктант хъвазе 200-гIанасев чи вачIун вукIун ватани, исана гьезул къадар 300-ялдасаги цIикIкIун буго. Диктант хъвазе гIемерисел ригь арал, кIудиял гIадамал рачIунел руго. Гьез абулеб буго 30-40 сон букIанин жидер магIарул мацIалда диктант хъвачIогоян. Нилъер мацIги, маданиятги, адабиятги божи бугезул кодор ругин абизе бегьула. РакIчIола ва божи буго нилъер гIолохъанаб гIелалъ гьадиналго акциял хадурги гьарилин, рехун теларин абун».*

ДРялъул Миллияб политикаялъул ва диниял ишазул министерствоялъул управлениялъул нухмалъулев МухIамад ТIалхIатовас бицана: *«Министерствоялъул бихьизабиялда рекъон, жакъа рахьдал мацIазда киназего гIаммаб диктант хъвалеб буго республикаялъул киналго шагьараздагун районазда. ДГПУялда диктант хъвазе рачIун руго анкьго батIияб миллаталъул вакилзаби».*

## Рахьдал мацI лъазабиялъе квекIенал

МагIарул мацIалда «Нилъер ВатIан - Дагъистан» абураб диктант цIалана ДГПУялъул ФДФалъул Дагъистаналъул мацIазул кафедраялъул доцент, филологиял гIелмабазул кандидат ПатIимат Пайзулаевалъ. 15 соналъ магIарул мацIалъул дарсал кьолел руго ПатIиматица Дагъистаналъул филологиялъул факультеталда.

*«КIудияб пайда буго гьединал хIалтIабаздаса. Жакъа Дагъистаналъул рахьдал мацIал ракIунтулеб хIалалда руго. Гьадинал акциял тIоритIун, гIадамал ракIарун, рахьдал мацIалде кIвар буссинабичIого рес гьечIо. Росабалъ лъималазул ахазда гIурус мацIалда кIалъалел гьитIичал рагIараб мехалда, дир ракI къварилъана. Росулъ бугеб лъималазул ахалъул нухмалъулей дирго яцалъе бадибчIвай гьабуна дица, щайин нужеца лъимал гIурус мацIалда кIалъазе риччалел абун. Гьеб гIицIго лъималазул ахазда ва школазда гуребги эбел-инсудаги сверухълъиялдаги бараб буго. Эбел-эмен хIалтIудаса регIулел гьечIо лъималгун рахьдал мацIалда гаргадизе. Лъимал гIодор риччан рукIине, жидее квалквал гьабиларедухъ улбуз гьезухъе кьолеб буго телефон. Телевизоразде ва телефоназде ракIгъун ругел лъималги жидедаго гьоркьоса къотIичIого рагIулеб гIурус мацIалда гаргадулел руго.*

*Гьеб гуребги, рахьдал мацIал тIагIунел руго гIолохъанаб гIелалъул цIиял хъизамаздасаги. Цебеялде дандеккун гьанже батIи-батIиял миллатазул гIолилазда гьоркьор гьарулел руго ригьнал. Гьез рокъоб бицунеб буго гIурус мацI ва рахьдал мацIалъулгун букIараб бухьеналъул кун тIолеб буго.*

*Рахьдал мацIал малъиялъе квалквал гьабулеб буго школалда «Русский как родной» абураб дарс кьеялдалъунги. Дида ракIалде ккола гьеб дарс тIубанго школалъул программаялдаса нахъе бахъизе кколин абун. Нилъеца гIумру гьабулеб буго гIемермиллатазулаб республикаялда. ШколалдагIаги рес букIана миллатал гъорлъ жубараб хъизамалдаса лъимада рахьдал мацI лъазе. ГIурус рахьдал мацIин абураб дарс сабаблъун лъималазухъа гьеб рес бахъулеб буго школалъги эбел-инсуцаги. Гьез тIаса бищулеб буго лъималазе «бигьаябин» абулеб къагIида. Гьелъ лъимал махIрум гьарулел руго жидерго эбел-инсул рахьдал мацI лъаялдаса»,* - ян рикIкIунеб буго ПатIимат Пайзулаевалъ.

## ЧIухIула магIарул миллаталдаса

Исана магIарул мацIалда диктант хъвазе рачIарал гIемер рукIана. Гьелдалъун бихьулеб буго, школазда рахьдал мацIазул дарсазде кIвар кьечIого таниги, тахшагьаралда гIумру гьабун бугеб гIолохъанаб ва кIудияб гIел магIарул каламалъухъ гIащикълъун букIин.

Диктант хъвазе рачIаразда гьоркьор рукIана батIи-батIияб пишаялъул гIадамал. Гьеб къоялъгIаги жидерго миллатги мацIги кIодо гьабизе хьулалда рачIаразул пикру цIехана нижеца.

**Олимпиялъул хIаязда гIарцул шапакъат щварав МухIамад Ибрагьимов:**

«Диктант хъвалелъул, дица хIаракат бахъулеб букIана щибаб рагIуда тIад ургъизе, гьелъул магIна битIун бичIчIизе. Жакъа нилъ гIемерисел ругьунлъун руго гIурус мацIалда кIалъан, рахьдал мацIалдаса пайда босичIого тезе. Нилъерго мацI цIуниялъул кIвар бичIчIизе, гIолилазда гьоркьор гьадинал тадбирал цIикIкIинаруни лъикI букIинин ракIалде ккола».

**Лъималазул республикаялъулаб больницаялда медсестралъун хIалтIулей, ЧIарада районалдаса ПатIимат МуртазгIалиева:**

«Жакъа гьаниб магIарул мацIалда диктант хъвалеб букIин дида лъана цадахъ цIалулей йикIарай гьалмагъ, гьаний хIалтIулей преподавателалъ бицун. ТIоцее щолей йиго дун диктант хъваялъул тадбиралде. Дирго лъимерлъи, школалде хьвадулеб заман ракIалде щвана жакъа гьаниб дида. Гьадинаб бакIалде щведал, цIакъ йохизе ва чIухIизе бачIуна магIарул миллаталдаса».

ДГПУялъул Физикаялъулгун математикаялъул факультеталъул студент Шамил ГIумаровги тIоцебесеб нухалда гIахьаллъулев вугоан киназего гIаммаб диктанталда. МагIарул мацIалда хъвадаризе кIочон бугищали, жиндирго лъаялъул халгьабизе вачIанин диктанталдеян бицана Шамилица.

Диктант хъваразе сертификаталги кьуна ахиралда

***ПатIимат СУЛТIАНМУХIАМАДОВА***



## Спорт

# ЧарангIан къвакIарал, къуват бергьарал

**Абу-Дабиялда тIобитIараб UFCялъул иргадулаб турниралда цеве вахъана анлъго дагъистанияв - Ислам МахIачев, МухIамад Анкалаев, МухIамад Мокаев, Шарапудин МухIамадов, Икрам Алескеров ва СагIид НурмухIамадов.**

**Гьелъул аслияб къеркьеялда тIадагьаб цIайиялъул чемпион Ислам МахIачевас гьанжесаги къуват борцана Австралиялдаса речIчIухъан Александр Волкановскилгун.**



Гьаб нухалъ Исламица дандиясда тIад «михир бачана». Гьес Волкановски цин ботIролъ малги бан гIодов речIчIизавуна. Хадуб-го гьурмалъ чанго нухалъ зарги бан, нокауталдеги ккезавуна. Гьедин UFCялъул чемпионасул рачел дагъистанияс иргадулаб нухалъ цIунизеги цIунана.

UFCялъ Абу-Дабиялда цин лъазабун букIана Исламгун Бразилиялдаса речIчIухъан Чарльз Оливера къеркьезе вугин. Амма турниралде хIадурлъулаго логое жагьаллъи ккун гьес инкар гьабуна октагоналде вахъине. Гьеб гьедин ккеялдаса разилъигицин загьир гьабулеб букIана рехсараб гIуцIиялъул нухмалъиялъ. Щайгурелъул хисун вагьизе Волкановски вукIун ва Исламидагун гьеса гьоркьоб букIараб тIоцебесеб къеркьеялъул хIасилалда сверухъ суалалги раккулел рукIун.

Цебесеб къеркьейин абуни цIакъ захIматаб букIана дагъистанияcе. ХIалихъе бергьун вукIана гьев австралиялъуласдаса. Гьелъги цогидалъги кутакаб интерес букIана халкъалъеги иргадулаб дандечIчIеялъул.

Гьаб нухалъ Исламица дандиясда тIад «михир бачана». Гьес Волкановски цин ботIролъ малги бан гIодов речIчIизавуна. Хадуб-го гьурмалъ чанго нухалъ зарги бан, нокаутaлдеги ккезавуна. Гьедин UFCялъул чемпионасул рачел дагъистанияс иргадулаб нухалъ цIунизеги цIунана. ГIемер къуватал спортсменал цере рахъана Абу-Дабиялда, амма Исламица гIадинаб берцинаб, техникиябгун тактикияб рахъалъ цIубараб къеркьей лъицаго бихьизабичIо.

КIудияб турниралда бергьаниги, Ислам МахIачевас цо къатIраялъгицин разилъи загьир гьабичIо. «Палестина, ниж мунгун руго», - ян абуна гьес октагоналдаса къватIиве лъугьунелъул.

Турнир лъугIун хадуб букIараб пресс-конференциялдаги ракIалде щвезабуна гьес гIарабазул ракьалда лъугьа-бахъунелъул ва гьарана дунялалда рекъел. Гьединго Исламица данде ккуна Волкановскилгун букIараб тIоцебесебги иргадулабги къеркьеял.

*«ГIадамазда дун вацIцIарулев вугин ккелин абун дица гьанжелъизегIан бицун букIинчIо Австралиялда щиб ккарабали. Гьениве унелъулго чорхол ахIвал-хIал лъикIаб букIинчIо. ТIадежоялъе гьеб началихъалъул гьава-бакъ рекъоларого бана гIезегIан заман. Гьениб турнир тIобитIизе бихьизабураб заманцин букIана дие данде ккоралеб. Чанго килограмм тIаса рехулелъулги гIемераб гIакъуба-гIазаб бихьана, къаркъала чIван лъуна. Кин букIаниги, бажарана гIезегIан лъикI къеркьон. Гьабнухалъги гIадамаз абизе бегьула Волкановски Оливераги хисун вачIанин, гьесул хIадурлъизе заман букIинчIин. Амма хIисабалде босизе ккола дица гьев тIоцебесеб раундалдаго нокаутaлде ккезавураблъи. Лъабабилеб яги ункъабилеб раундазде щвезегIан рагъаралани ва гьел раундазда гьев къуравани, гьел рагIаби ритIухъ гьаризеги бегьилаан»*, - ин абуна МахIачевас.

Чемпионас бицана дагьабги бакIаб цIайиялде вачIине рес букIиналъулги. *«Дун гьабсагIаталда цеве вахъунеб цIайиялда киналго речIчIухъаби руго цоял дикьа къурал, цогидал жал жидеца рухарал. Кьокъго абуни, гьавги UFCялъул чемпионлъун вахъинин абизесев чи тIадагьаб цIайиялда гьечIо. Дагьабги бакIаб цIайиялда буго спортсменазда гьоркьоб хIалуцараб къец. Хадувккун гьелда цеве вахъинеги бегьула дун»*, - ан абуна дагъистанияс.

ХIабиб НурмухIамадовасги баркана Исламида бергьенлъи. *«ГьабсагIаталда дунялалда бищунго къуватав речIчIухъан ккола Ислам. Баркула вацасда бергьенлъи. Щай дун къеркьеялъухъ валагьизе щвечIев? Дица жубараб речIчIухъабанлъиги гьелда хурханщинабги тун буго. Гьединаб буго дир хIукму. Жакъаги нилъеда бихьанаха ГIабдулманан НурмухIамадовасул школа дунялалда бищунго къуватаб букIин. Тарихалъул тIанчазде ана цоги бергьенлъи»*, - ян хъвалеб буго UFCялъул вукIарав чемпионас социалиял гьиназда.

Гьебго турниралда Шарапудин МухIамадов (Шара Буллет) бергьана судиязул хIукмуялдалъун. Гьеб букIана магIаруласул UFCялда тIоцебесеб къеркьейлъунги. Мокаевгун НурмухIамадовги, дандияз гьанкъулел приемалги гьарун, бергьана дандчIваязда. Амма Анкалаевасе битI ккечIо гьаб нухалъги. Гьес къеркьеялъул байбихьуда тIадецуй гьабулеб букIана Бразилиялдаса речIчIухъан Джонни Уокериде. Амма иргадулаб гьужумалда гьоркьехун вукIарав гьесул гьурмалъ МухIамадица наку щвезабунин абун (гьеб ккола гьукъараб прием) судияз къеркьей букIинчIеблъун рикIкIана.

Дандиясда тIад ракIчIараб бергьенлъи босана Икрам Алескеровас. Гьес ботIролъ накуги кьабгIун Бразилиялдаса Ворли Алвес кIиабилеб раундалдаго нокаутaлде ккезавуна.

***Темирхан ХIАСАНОВ***



## Пресс-конференция

# ТIаде щолеб хаселги, хинлъи канлъиги

**25 октябралда дагъистан РИА» ялъул редакциялда тIобитIана республикаялъул шагьаралгун муниципалитетал хасалиде хIадурлъиялъул бицараб пресс-конференция. Журналисталгун дандчIвазе вачIун вукIана ДРялъул гIемертIалаял минабазда хадуб халкколев инспектор бетIерав инспектор Сергей Касьянов.**




Гьесул рагIабазда рекъон, республикаялъул шагьарал 99 процентaлъ хIадурун руго хасалиде. ГIицIго Буйнакск шагьар хутIун бугин, букIине кколеб хIалалъ хIадурлъичIого.

- Гьелъие гIиллалъунги ккана июнь моцIалда ран рукIарал чвахунцIадал. Гьез зарал гьабурал бакIазда ругел гIадамазул минаби жеги хасалиде хIадурго ругин абизе кIоларо. ГьабсагIаталда тIадран унел руго хIалтIаби, кватIичIого рагIалде рахъина.

Сергей Касьяновас рехсана октябрь моцIалдаго хинлъи кьезе байбихьарал шагьаралгун муниципалитетал. 12 октябралдаго мисалалъе, социалиял объектазде хинлъи кьезе тадбир гьабун буго Болъихъ гIадал рикIкIадегIан ругел ва хеккого квачазе байбихьулел районазде. Кинабниги 28 шагьаргун муниципалитет рехсана гьес. МахIачхъала, Каспийск, Буйнакск гьес гьениб рехсечIо.

- Гьанжезаманалъ рарал гIемертIалаял минабазул руго жидерго котельниял. Гьединлъидал гьезул рес буго бокьараб мехалъ жидеего хинлъи биччазе. Советияб заманалдаго рарал гIемерисел минаби хинлъизарула шагьаралъул рукъзабахъе хинлъи кьолеб централияб системаялъ. Дида бичIчIула гьединал гIадамазул хIал. Дихъе гIемерав чиги кIалъан вачIуна рес гьечIищила жидерги гьединабго къагIида гьабизе абун.

Гьединал, жидерго котельниял гьечIел рукъзабахъе цудунго хинлъи кьола 12 -ялдаса дагьаб хинаб температура гьезул рукъзабахъ лъабго къоялдаса цIикIкIун хутIулеб богоноян абуна Сергей Касьяновас.

Республикаялъул гIемертIалаял минабазда хадуб халкколев инспектор бетIерав инспекторас гIемераб жо бицана пресс-конференциялда. Аслияб къагIидаялъ кIалъалев вукIана протоколазда хъвараб баяналда рекъон. Гьединлъидал кьокъго кьун толеб буго. Гьес бицараб жоялдаса бичIчIараб жо ккана - хасалиде гIадамазул рукъзабахъ хинлъиги, канлъиги, цIатариги букIине бугеблъи.

***Ашахан ЮСУПОВ***

# Кино бахъизе ккани, къулчIизе ккола захIмат

**Нилъер республикаялда гьабсагIаталда бищунго машгьураб жо щибин гьикъани, туризмги спортги бугин абила нужеца - гьеб кIиябго буго цебетIураб иш. Гьелда хадуб рехсезе бегьила даран-базар, гIи-боцIухъанлъи, искусство, поэзия. Кьокъ гьабун абуни, кинабго хIаракатчилъиялъул цо-цо рахъ машгьурлъичIого гьечIо. Амма Дагъистаналда кино бахъулеб идара, компания гьечIо.**

**ГIага-шагарго гьединаб пикругун кино бахъизе лъугьун руго нилъер республикаялда цо кьокъа. M-FILM абураб кинокомпаниялъул вакилзаби ккола гьел. КIиго моцIалъ цебе гIадин къватIибе бачIана гьез тIоцебе бахъараб кино «Руины прошлого». Балагьараз лъикI къабул гьабуна гьеб. ЦохIо моцIида жанив миллионалдасаги цIикIкIун чи балагьана гьелъухъ. Гьелъ рази гьарурал ва жидецаго гьабулеб ишалда божилъи цIикIкIинабурал гьез байбихьана кIиабилебги кино бахъизе. ЦIияб фильмалъул ва жидерго цебеккун букIараб хIалтIул хIакъалъулъ бицун, редакциялда гьоболлъухъ йикIана гьел фильмазул продюссер Замила ГъазиахIмадова.**






## Къимат гьечIеб жо

- Дагъистаналда кино бахъизе цIакъ захIматго буго, - ян байбихьана гьелъ гара-чIвари. - ЗахIматго буго сундулго рахъалъ. Локациязул, декорациязул, спонсоразул. Мисалалъе босани, Москваялдаса вачIарав бокьарав режисер, ялъуни продюссер вугони, гьесие киналго санагIалъаби чIезарула нилъер гьанир. Гьев Москваялдаса вугилан абураб цIарниги гIолеб батилаха гьазие, дида лъаларо. Нилъеразего абуни, щибниги кумек гьабулеб гIадат гьечIо. Гьединаб бербалагьи бичIчIизе захIмалъула. Гьеб гIиллаялъ тIоцебесеб кино – «Руины прошлого» абураб фильм бахъизе нижее захIмалъана. Съемкаби гьаризе бакIал тIалаб гьарун гIемерав чиясда гьардезе ккана. Мисалалъе, нижер букIана туснахъалда жаниб гьабизе кколеб съемка. Гьелъие санагIат кколарого кканщинаб квалквал. ГIемерав чиясда кIалъазе ккана.

Сундулго рахъалъ нижее кумек гьабурав чи ккана Авар театралъул директор ГIалиев МухIамад. Гьес гIемераб жоялъул рахъалъ кверчIвана нижеда. Живгоги творчество бокьулев чи вукIиналъ батилаха, щиб къваригIаниги нахъчIвачIо. Газета гьоркьобккун гьесие ракIракIалъулаб баркала кьезе бокьун буго дие.

**- Кин дуда ракIалде ккараб кино бахъизе?**

- Дир ботIролъ гьеб пикру цебегоялдаса нахъе букIана. Амма тIоцебе дирго къасд гIумруялде бахъинабизе мурадалда дун аскIое шварал чагIаз дир мурад тIубачIо. Гьеб мехалъ дица бакIарана дирго команда. ГIуцIана «M – FILM» абураб кинокомпанияги. Гьедин хIалтIулел руго.

**- ТIоцебесеб нужер киноялъ Ютуб каналалда миллионалдасаги цIикIкIун чи балагьун вугин букIана киса-кибего бицунеб.**

- БитIараб бицани, гьеб нижеегоцин ракIалда гьечIеб жолъун ккана. ТIоцебе тIураб хъухъанчедги лъикIаб лъугьунарин кици буго гIурусазул. Гьединлъидал нижеда лъалаан тIоцебесеб нижер кинопродукталъулги гъалатIал рукIине ругельи. Амма гьеб киналъухъго балагьичIого, балагьараз лъикIго къабул гьабуна фильм. Гьелъ рази гьаричIогоги рукIиницха. Гьелъул икъбалалъ куркьбал гьунин абизе бегьула кIиабилебги кино бахъизе.

БитIун бицани, «Руины прошлого» абураб фильм нижеца букIана гIицIаб You Tube каналалда бихьизабизе абун бахъараб, амма интернетверсиялъул гIорхъаби рахана гьелъ ва кватIичIого гьеб кинотеатраздаги бихьизабуна. Гьанже цIияб фильмалда тIад хIалтIулел руго. «Адреналин» буго гьелда цIар.

## Дагъистаналъул кино - бренд

**- Мила, нилъер республикаялда жеги лъицаниги кодобе босичIеб искусствоялъул цо бутIа буго киноги. Дицаго гIемер пикру гьабулеб жо буго гьеб. КигIан лъикIдай букIина нилъер гьанибги кинематография цебетIолеб бугебани. ГIарцудалъун кумек гьабизе бокьани, рес бугел чагIиги руго нилъер. Амма лъиданиги ракIалдецин ккечIо гьеб. Щайдай?**

- Кинематография гьеб бигьаяб жо гуребльи бичIчIизе ккола гьелда жиндирго гIумру хурхинабизе бокьарав чиясда. Жибго кино бахъизе захIматаб жо букIин гуребги, кIудияб таваккал къваригIунеб жоги буго гьеб. ЛъикIаб кино бахъизе ккани, лъикIаб гIарацги къваригIуна.

- Кинематография гьеб бигьаяб жо гуребльи бичIчIизе ккола гьелда жиндирго гIумру хурхинабизе бокьарав чиясда. Жибго кино бахъизе захIматаб жо букIин гуребги, кIудияб таваккал къваригIунеб жоги буго гьеб. ЛъикIаб кино бахъизе ккани, лъикIаб гIарацги къваригIуна. Тарихияб, щвалде щвараб кино бахъизе кканиян абуни хIажалъула цIакъго гIемераб гIарац.

Тарихияб, щвалде щвараб кино бахъизе кканани хIажалъула цIакъго гIемераб гIарац. Гьелъие таваккал тIамизе кIоларого рукIунел ратилин гьелин (спонсорал- авт) ккола дида.

**- Гьеле, гьеле. Дица гIемер анищ гьабулеб жо буго гьеб. Нилъер адабияталъул классиказ хъвана тарихияб темаялда тIасан гIемерал литературиял асарал. Имам Шамилил къеркьеялъул хIакъалъулъ жеги сахаб кино бахъичIо. Гьединго Надир-Шагьасда данде магIарулал рагьараб куцалъул. МухIамад Хуршиловасул тIехьалда тIасан бахъизе бегьулаан лъикIаб кинофильм. Гьанир киналго рехселаро дица, амма чан къуватаб асар бугеб, жиндир хIакъалъулъ кино бахъизе рекъараб…**

- Цебегоялдаса нахъе дицаги анищ гьабулеб чанги тарихияб асар рехсана дуцаги. Диргоги цIакъ кIудияб гьира буго нилъер мугIрузда, батIияб гIасруялда букIараб тарихияб къеркьей хъахIилаб экраналде босизе. Амма цоги нухалъ абуники гьеб бигьаяб иш гуро. Рес бугел спонсоралги, хIатталдаса ун гIемераб гIарацги, гьеб гуреб цогидаб сурсатги хIажалъула гьелъие. Амма гьеб киналдего тIадеги щвалде щун дудаго тарих лъалеб гьечIони, тарихияб кино бахъизе лъугьин буго гIакълу гьечIеб жо. Гьеб гIиллаялда бан бокьилароан дие тарихияб кино бахъизе. Цин дидаго гьелъул тарих мухIканго лъалеб гьечIого.

**- Гьединаб мехалъ хIалае рачуна консультанталлъун тарихчагIи. ГIезегIан машгьурал тарихчагIи руго нилъер республикаялдаги.**

- Руго. Гьебги бегьулареб жо гуро. Амма кин букIаниги, кIудияб тарихияб кино бахъизе дунго гьабсагIат хIадур йигин абизе кIвеларо дида. Цин байбихьараб иш рагIалде бахъинабила, хадуб балагьила рукIинесел проектазухъ.

**- Россиялдаса кинорежиссеразги ахираб заманалда цIакъ гIужие босун буго нилъер Дагъистан. Гьоркьисала нилъер гьаниб кино бахъана машгьурав режиссер Федор Бондарчукица. 2017 соналъ Павел Лунгиницаги бахъана Къорода росулъ Афгъанисаналъул рагъул темаялда хурхун кино…**

- РачIунел руго. Амма гьезие чIезарулел шартIалги батIиял рукIунел руго. Дида бичIчIуларо къватIиса вачIунев чиги нилъерго чиги гьедин батIа щай гьавулевали. Рутьунлъун гьечIо нилъ жеги, дагъистаниял, нилъерго чиясул къимат ва адаб гьабизе.

ГьабсагIат жиндирго гIарацги тIад харж гьабун бахъулеб буго гьелъ цIияб кино. Гьединлъидал гIарцудалъун жидеда квер чIвалев чи ккани, цIакъ бокьилаанин абуна гьелъ гара-чIвариялъул ахиралда.

***Гара-чIвари гьабуна***
***Ашахан ЮСУПОВАС.***

# ТІубараб анищ

**БатІи-батІиял улкабазда батІи-батІиял къояз кІодо гьабула Художникасул къо. Нилъер улкаялда Художникасул къо кІодо гьабула 25 октябралда. Гьеб кІодо гьабиялъе гІиллаги ккола, художникасул творчествоялъе букІине кколеб къимат кьей ва маданияталъулъгун тарихалъулъ гьез лъолеб лъалкІ кІвар бугеб букІин бичІчІизаби.**

**25 октябрь суратал рахъулезда гъорлъ байрамкъолъун чІезабиялъе гІиллаги буго, гьеб къоялъ цІар рагІарав художник Пабло Пикассо гьавураб къо букІин.**

Дагъистаналда гІемер руго махщел тІокІал, профессионалиял художникал. Руго жалго ругьунлъаралги рекІелгъей хІисабалда суратал рахъулелги. Профессионалияб лъай гьечІониги, суратал рахъиялъе махщел бугей, батІи-батІиял выставкабазда гІахьаллъулей магІарулай йиго Москваялдаги.

Шагьризат ТахІнаева гІумру гьабун йиго Москваялда (анкьабилеб сон буго гьений йигелдаса). Эркенаб заманалда суратал рахъизе гъира букІунин жиндирин абуна гара-чІвариялде байбихьулаго Шагьризатица.




**Шагьри ТахІнаева гьаюна 1967 соналда Гъуниб районалъул ЧІохъ росулъ. 1989 соналда ДГУялъул филологияб факультет лъугІизабуна. Буго 23 соналъул педагогикияб стаж. Школалда ва институталда редколлегиялъул членлъун йикІана. ГьабсагІаталдаги Шагьри ккола педагог, жамгІияй хІаракатчІужу, Москваялда бугеб «Павелецкая аэро» отелалъул нухмалъулей.**

**- Гьедин гъираялда суратал рахъулей гІадан худграфалде цІализе инчІолъи гІажаиблъи буго, Шагьри...**

- Дие бокьун букІана суратал рахъиялъул профессионалияб лъай щвезе, амма эбел-инсуца абуна гьеб ясазул хІалтІи гурин, гьедин тІаса бищана филология.

**- ГІемерисел Москваялда ругел дагъистаниялго гІадин, мунги гІахьаллъулей ятила дагъистаниязул тадбиразулъ.**

- Дунги йиго Москваялда бугеб Дагъистаналъул патриотазул жамгІияб советалъулъ. БатІи-батІиял тадбирал тІоритІула нижеца гьанир. Дагьаб цебегІан кІодо гьабуна Расул ХІамзатовасул нусгосонилаб юбилей, гьенийги гІахьаллъана дун, хІадур гьабун букІана дирго суратазул выставкаги. КъватІисеб литератураялъул библиотекаялдаги букІана дир выставка.

Непалалъул посольствоялдаги букІана шагІирасул юбилей кІодо гьабулеб, гьениеги ана дун дирго сураталги росун.

**- Дагьал церегІан къояз ОСПДялъ къабул гьавун вуго «ЛъагІалил хъизан» конкурсалда бергьарав ва шапакъат кьезе Москваялде ахІун вукІарав СВОялъул гІахьалчи, Каспийскиялъул кІиабилеб школалъул директор ГІалибег Хъазанбиев хъизан-лъималгун.**

- Нижеца хІаракат бахъула бажарараб куцалда нилъерго дагъистаниязул рохелги пашманлъиги гІахьал гьабизе. Гьедин, шапакъат кьезе Москваялде рачІарал гьел къабул гьаруна дагъистаниязги. ГІалибегида ва хъизамалда гьеб бергьенлъи баркизе рачІун рукІана депутаталги, бизнесменалги, жамгІиял хІаракатчагІиги.

Дуе Бихьинчилъиялъул орден гуреб, БахІарчиясул цІар кьезе кколаанин абуна гьесда Пачалихъияб Думаялъул депутат Сайгидпаша ГІумахановас, хъизанлъималги тун, СВОялде ине таваккал гІуралъухъ.

БатІи-батІиял тадбирал тІоритІула нижеца гьанир. Дагьаб цебегІан кІодо гьабуна Расул ХІамзатовасул нусгосонилаб юбилей, гьенийги гІахьаллъана дун, хІадур гьабун букІана дирго суратазул выставкаги. КъватІисеб литератураялъул библиотекаялдаги букІана дир выставка. Непалалъул посольствоялдаги букІана шагІирасул юбилей кІодо гьабулеб, гьениеги ана дун дирго сураталги росун.



ГІалибегицаги бицана жиндирго ккарал лъугьа-бахъиназул хІакъалъулъ.

Нижеца, ЖамгІияб советалъ гьесие кьуна, микьго соналда жаниб ункъоязе гурони кьечІеб, «Намус ва къадру» ракІалдещвеялъулаб гІаламат. Дица бахъараб суратги сайгъат гьабуна гьесул хъизаналъе.

**- Кинаб къимат кьолеб дур хІалтІабазе профессионалиял художниказ, гІадатиял гІадамаз?**

- ГІадатиял гІадамазухъ балагьидал, гьезул гьурмазулъ разилъи бихьула. Дир хІалтІабаз дагьалниги гІадамазул ракІал рохизаруни, кьер-кьерал, батІи-батІиял суратазда гьоркьоса дир суратаздеги ракІ тІаде цІани, дун талихІай йиго. Суратал рахъи дица рикІкІуна тІубараб анищлъун.

Профессионалиял художниказги квешаб къимат кьечІо. ЦІар рагІарав художник Павлинов-Лансереца лъикІаб къимат кьуна дир суратазе. Сон-церекъад Третьяковская галереялда букІараб выставкаялда краевед Иван Козорезовас дица рахъарал цо-цо суратал Рерихилазда релълъун ругин абуна. Дагъистаналда цІар рагІарал художникал ГІабдурахІман ГІусмановасги ХІажимурад ГІалихановасги лъикІаб къимат кьуна дир хІалтІабазе. Сон-церекъад Художествоялъул ва живописалъул академиялдеги ана дица рахъарал суратал.

**- Дагъистаналда тІоритІулел выставкабазда гІахьаллъулищ мун?**

- 2021 соналда МахІачхъалаялда цебесеб маданияталъул музеялда Жамиля Дагировалъ гІуцІараб «Ветераназе квацІи» суратазул выставкаялдаги букІана дир кІиго хІалтІи. Цояб хІалтІи рикІкІана щуго бищун лъикІал хІалтІабазда гъорлъ.

**- Гьабулеб хІалтІиги цадахъ тІуралел жамгІиял хІалтІабиги, кида заман гІолеб сурат рахъизе?**

- Къасиялдаса рогьинегІан гІе-мераб заман буго (елъулаго).

Живописалъе заман букІарабани, дун тІуянго гьелде гъорлъе уней йикІун ятила.

Суратал рахъизе гьитІинго бокьулеб букІаниги, 2018 соналда байбихьана дица релъабаз суратал рахъизе.

Шагьризатил хІалтІабазухъ балагьидал, тІабигІаталъул, мугІрул-щобазул суратал гІемер рукІин рихьула. Гьезухъ балагьидал, цебе бачІуна Дагъистанги, гьаниб букІунеб гьайбатаб бакъ баккиги, тІерхьинги, тІабигІаталъул берцинлъиги.

***ПатІимат МУХІАМАЕВА***



**ГІалибег Хъазанбиев хъизангун. Ясалъухъ буго Шагьризатица сайгъат гьабураб картина.**

# БакьагьечIиса МахIач

**Араб анкьалда Расул ХIамзатовасул цIаралда бугеб Дагъистаналъул пачалихъияб педагогикияб университеталъ кIодо гьабуна 80 сон тIубаялъул юбилей. ГIемерал гьалбалги ракIарун, рохалида кIодо гьабуна республикаялда аслиязул цояблъун кколеб лъай кьеялъул къебелъиялъул байрам. РукIана гьенир церерахъиналги, конференциялги, данделъабиги.**



**Баян:**

**МахIач Хайрулаев гьавуна Хунзахъ районалъул БакьагьечIи росулъ. Гьениб микьгосонил школаги лъугIизабун, Хунзахъ гьоркьохъеб школалда цIалана. 1971 соналда тIокIлъиялда лъугIизабуна ДГПУялъул физикаялъулгун математикаялъул факультет. 1975 соналда цIунана гIелмабазул кандидатлъиялъе диссертация. Гьелдаса хадуб МахIачил цIирагьияздаса пайда босана СССРалъул микьго заводалъ - авиациялъулгун машинаби гьарулел, космонавтикаялда ва батIи-батIиял тIагIелал гьариялъул магIишатаз. Гьеб цIирагьиялъул хIакъалъулъ лъайдал, къватIисел улкабазги байбихьана цIех-рех гьабизе. Японfelялъулги Россиялъулги гIалимзабазул дагIбагицин букIана биинабун махх регьеялъул суал тIоцебе киназ борхараб ва лъица гьабурабали абун. МахIачица гьеб суал 1971 соналда борхун букIиналъе нугIлъиялъе хIужабиги ратун, нилъеца цебе рагьун букIин чIезабуна. Дунялалдаго лъана ва рагIана гьесул цIар гIалимчи хIисабалда.**

Гьел юбилеялъулал къоязда ДГПУялда рагьана гIемеррахъазулаб педагогикиял ишазул технопарк. Россиялъул лъай кьеялъул «БукIинеселъул учитель» проекталда рекъон рагьараб гьеб технопаркалъ жанибе бачуна лъабго факультет: физикаялъул, математикаялъул, информатикаялъул. (Цоги гьелда абула физикаялъул, математикаялъул,информатикаялъ ул институтилан). Гьеб ккола гьанжесел тIалабазда данде кколеб, технологияздалъун бечедаб, студентазе, цIалдохъабазе цIирагьиял гьаризе рес щолеб бакIлъун.

Гьеб технопаркалъе кьуна физикиялгун математикаялъул гIелмабазул кандидат, профессор, махх биинабун дандрегьеялъул гIелмияб школалъул нухмалъулев (контактное плавание), теоретикияб физикаялъул ва техникиял дисциплинабазул кафедраялъул нухмалъулев Хайрулаев МухIамадил (киназго гьесда МахIачилан абулаан) цIар.

Данделъи рагьулаго, ДГПУялъул ректор Нариман Асваровас ракIалде щвезаруна МахIачил гIелмиял цIирагьиял, бицана хIалтIуе гьес гIумру кьунин ва бачIунеб гIелалъе бечедаб лъаялъул нахърател танин. Гьединго МахIачил бицун кIалъазе рахъана экономикиял гIелмабазул доктор Мурад Караханов, ДГПУялъул ректорасул гIакълучи Ширвани Бакмаев, гIалимчи, Россиялъул Журналистазул союзалъул член, шагIир ва жамгIияв хIаракатчи Шамил МухIидинов.

МахIачил гIумруялъул хIакъалъулъ хъизаналда гIадин лъидаха лъалеб. Гьесул хIакъалъулъ кьокьго бицана, ДГПУялъул нухмалъиялъе ва данделъиялде рачIаразе баркала загьир гьабун кIалъана МахIачил хъизан, ДГПУялъул управлениялъул ва правоялъул факультеталъул деканасул заместитель, биологиял гIелмабазул кандидат **ГIайшат Хайрулаева**.

*«МахIачица жиндирго гIумру хIалтIуе кьуна. Гьев 40 соналъ хIалтIана гьаб лабораториялда, гIодоркьоялгицин хIалтIуда унаан гьесул. Цогидазул лъимал, расанкIаби щведал рохулел рукIарал ратани, дир лъимал рохулаан газеталда, журналазда, тIахьазда къватIибе бачIараб МахIачил макъала бихьидал. Гьесул макъалаби рахъулаан къватIисел мацIазда ругел газетжурналаздаги. Гьев ахIулаан лекциял цIализе къватIисел улкабазде. Гьедин Болгариялда, Словениялда, Германиялда, Югославиялда цIалана МахIачица лекциял. Гьев хведал, гIемерал кагътал рачIана нижер хъизамалъухъе кварилъи гIахьал гьабун. Гьел киназдаго хъвалеб букIана гьев патриот вукIанин абун. Кинав патриотин вукIунев армиялда хъулухъ гьабичIев чийин кколаан нижеда.(Гьев армиялде вачинчIо нижее кIиго лъимерги цадахъ гьабун). Гьедин гурони, къватIисел улкабаздаса пишацояз гьесда гьарулеб букIун буго гIелмиял цIех-рехал жидее ричейилан. Гьеб нижеда лъана кагътал цIалун хадуб. Гьес абун буго, жив вугеб бакIалда рукIине ругин жиндир цIирагьиялги», -* ян абун кIалъана ГIайшат.

МахIачил гIумруялъул ва гIелмуялъул хIасиллъун нахъе хутIана чIаго вугеб мехалъ гьес хъвараб 200 гIелмияб хIалтIи, 4 монография ва 8 цIалулгун методикияб хIалтIи. МоцIцин хутIун букIинчIо гьес докторасул диссертация цIунизе, киналго гIалимзаби разияб хIалалда предзащитагицин гьабун букIана. Махх регьеялъул гIелмуялда тIад хIалтIулев вукIарав гьесул гIелмиял цIирагьиязул хIасилалда гIемерал заводаз ва промышленниял гIуцIабаз жакъаги пайда босулеб буго.

МахIач цевеса ун хадуб, гьесул гIумруялъул гьудул ГIайшатица хIаракат бахъана гьесул гIелмияб ирс цIунизе. КъватIибе биччана кIиго гIелмияб тIехьги, МахIачил хIакъалъулъ гьесул гьудулзабазул, лъале-хъвалезул ракIалдещвеяздасан данде гьабураб «МахIач» абураб тIехьги.

*«У, «БакьагьечIиса МахIач!» Гьединан рехсеялъе мустахIикълъана МахIач. БакьагьечIиса ЧIанкIа, ХъахIабросулъа МахIмуд, ЦIадаса ХIамзат ва гьел гурелги цогидалги. Физикаялъул гIелмуялда жаниб МахIачица гьабунщинаб хIалтIи поэзиялде буссинабизе букIарабани, «БакьагьечIиса МахIачилан» цIар рекIинаан гьесдаги гьеб гIелмуялдаги. ГIамалалъул бицани, гьесде вахарав унго-унгояв гIадан къанагIатги вукIинчIин Дагъистаналъул гIалимзабазда гьоркьован ракIчIун абизе кIола дида...»,*-ян хъвалеб буго гьеб тIехьалда Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъул секретарь **МахсутI ЗайнулгIабидовас**.

МахIач лъалев вукIараз ритIухъ гьарила гьел рагIаби. Лъиего кумекалъе ватулев, кидаго гьимун кIалъалев, кIудияздагун гIисиназда гIамал рекъарав МахIачил цIар абадиялъего ракьалда даимлъила.

***ПатIимат МУХIАМАЕВА***






РОСДАЛ МАГIИШАТАЛЪУЛ ХIАЛТIУХЪАНАСУЛ КЪО

# ЗахIматалъул ветераналъухъ гъоболлъухъ

**Росдал магIишаталъул хIалтIухъанасул къо гIахьалаб буго кинал-го гьелъул мухъилъ хIалтIулелщиназе. Гьанже заманалда, гIемерав чиясе бокьулеб гьечIо хIалтIизе, балагьулеб буго бигьаяб къагIида. Цебе нилъер умумуз чIухIичIого гьабулаан, захIматаб букIаниги, росабалъ магIишатияб хIалтIи. ГIолеб гIелалъе гьеб бокьулеб гьечIо ва гьез гьеб гьабуларо. Цере рукIарал захIматги бокьулел, ракIбацIцIадго хIалтIиги гьабулел рукIарал нилъер гIадамазул хIакъалъулъ бицине бокьула. Гьединлъидал, гьал къоязда, Гъуниб райадминистрациялъул росдал магIишаталъул отделалъул нухмалъулев АхIмад Хучиров, Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутат МахIмуддибир Каримов, «ХIакъикъат» ва «Гъуниб» казиятазул мухбир щвана Улубиевка хъутаналда йигей Гъуниб районалъул Гъамсукъа захIматалъул ветеран ГIабдулатIипова Шумайсатихъе. Гьенире сапар бухьиналъе гIиллаги букIана Шумайсатида Росдал магIишаталъул хIалтIухъанасул къо баркизе ин.**




Гьеб къо кIодо гьабун Росдал магIишаталъул министерстволдаса гьелъие къуна гIемерал соназ ракIбацIцIадго хIалтIаралъухъ каранда балеб медаль.

Шумайсат гIемерал соназ хIалтIана колхозалъул батIи-батIиял хIалтIабазда. Бигьаяб букIинчIо гьелъул гIумрудул къисмат.

ГьитIинго эбелги хун, жиндасаго гIисинал яцал хьихьизе Шумайсатида тIаде ккана. Гьелъул анищ букIана, школаги лъугIизабун, медицинаялъул училищелде цIализе ине. Тохтуралъул махщел щвезе анищ букIарай гьелъул къисмат батIияб рахъалдехун сверана.

*«Инсуде тIаде яцалги рехун кинха дун иней цIализе. 14 сон барай, жеги балугъалъуде яхинчIей дун хIалтIизе лъугьана гIачиязул фермаялде – дояркалъун, бачазе хъулухъ гьабулей чIужулъун хIалтIана, бечIчIараб рахьдал хIисаб-суал гьабулейлъун хIалтIана. Дица гьабичIеб хIалтIи хутIичIо колхозалда, цого цо вехьлъи гьабичIо. ГIемерал соназ колхозалдаги хIалтIун, унтун операция гьабун хадуй, хIалтIизе лъугьана дагъаб бигьаяб хIалтIуде, ясли-ахалъул завхозлъун. Гьенийги хIалтIана къоло щуго сональъ. Доб, дун колхозалда хIалтIулеб заманалда хIалтIухъаби щолароан, нижедаго тIаде кколаан киналго хIалтIаби. Бигьа букIинчIо бетIербахьи гьабизе»,* - ян бицана Шумайсатица.

Шумайсат хIалтIун йиго 14 сон баралдаса 77 сон базегIан. Руго гьелъул гIемерал шапакъатал, грамотаби ва мустахIикъай йиго захIматалъул хIалтIул ветеран цIаралъеги.

Жакъа 88 сон гIумрудул барай Шумайсатил анищ буго, сахлъи букIарабани, гьанжеги хIалтIизе. *«Цо нухалъ гIака бечIчIизе ине бокьилаанин ккараб заман чанги букIана дир, дирго хIалтIуде хьул лъун букIуна зама-заманалда»,* - ян абуна Шумайсатица.

Гьелъул руго лъабго васги цо ясги, лъималазул лъималги. Лъималаз берцинго хъулухъги гьабун, лъикI хьихьун йиго гьей.

МашаАллагь, дир руго цIакъ иман бугел лъималги, лъималазул лъималги. Гьез дун хьихьун йиго, анищан ккараб жо течIого», - ян абуна гьелъ къо-лъикI гьабулаго.

Гьейгун дандчIвайдал, букIараб рохел бихьидалги, нижер пикру ккана, щибаб байрам кIодо гьабун, ригь арал захIматалъул ветераназухъе щвезе ине ва гьел кIодо гьаризе.

***РукъиятГIАЛИСУЛТАНОВА***

ДАНДЕЛЪИ

# Бищана Халкквеялъул совет

Республикаялъул бетIерасул указалда рекъон, 2018 соналда гIуцIана Дагъистаналъул Промышленность цебетIезабиялъул фонд.

Фондалъул аслияб масъала буго Дагъистаналъул промышленность цIигьаби, цIиял предприятиял рагьиялъе квербакъи, импорталъул бакIалда нилъерго къайи хIадуриялде ва предприятиялда бищун лъикIал технологиял хIалтIизариялде бизнесменазулъ гьира базаби. Гьелъул мурадалда Фондалъ гIарцудалъун хьезаризе ккола гIелмиял цIехрехазулги, хIалбихьиязулгун конструкторазулги хIалтIи ва конкуренциялъе бажари-гьунар бугел предприятиял.

ГIуцIун букIана Фондалъул хIалтIуда хадуб Халкквеялъул советги. Гьал къоязда тIобитIана гьелъул данделъи. Гьеб нухда бачана ДРялъул хIукуматалъул председателасул заместитель Ризван ГьазимухIамадовас.

Данделъиялъул аслиял масъалаби рукIана: Халкквеялъул советалде цIиял гIахьалчагIи тIасарищи, Фондалъул Экспертиябги КъайимчагIазулги советазда хиса-басиял гьари, аудиторазул гIуцIи тасдикъ гьаби ва Россиялъул Кластеразулги технопарказулги ассоциациялда гьорлъе Фонд лъугьин.

Фондалъул нухмалъулев Камил Арсланбековас бицанихъе, ДРялъул Промышленносталъулги дармилги министерстволъул программабазда рекъон, Дагъистаналда кватIичIого гIуцIизе буго цо чанго промышленниияб кластер: хьитал рукъиялъул, мебель гьабиялъул, квас къачIаялъул ва бакIал раялъе хIажатаб къайи хIадуриялъул. ГьабсагIаталда хIажат буго гьел кластерал гIуцIиялъе кумекалъе ратулел правоялъулгун нормативиял документал хIадуризеги гьеб рахъалъ бугеб цогидазул хIалбихьи лъазабизеги.

***Кавсарат СУЛЕЙМАНОВА***

# Низам цIуничIони, зарал камуларо

**ТIаде щолеб буго хасел. ГIадамаз байбихьула рукъзабахъ печал ракизе. Амма гIемерав чияс гуро халгьабулеб, бакизе бегьулеб хIалалда печь бугищали. Рес буго, печалъул мащабазда жаниса къинтIур бацIцIинчIого теялъул хIасилалда минаялдаго цIа рекIине ва кIудияб заралги кварилъиги ккезе.**

**Риидал хIалхьиялда букIараб печалда цIа бакилелде цебе, чара гьечIого халгьабизе ккола гьелъул мащабазухъ. Халгьабе печалда кьватIелал ругищали, гьелъул кIкIуй унеб тIалаялда жаниб щибниги къан бугищали, тIохалдаса кьватIибе печалъул мащу бачунаго, гьелда аскIоб бакъвараб цIул, хведер ва хехго цIа рекIунеб цогидаб жо хутIун бугищали. Минаялъе зарали гьениб гIумру гьабулел гIадамазе кварилъиги ккунгутIизе, лъаб-лъаб моцIидасан гьедин халкквезе ккола печалда хадуб. Бегьуларо печалда тIад яги гьелда цвизабун ретIел бакъвазабизеги хехго цIа рекIунел жал лъезеги.**

## ЦIодорлъи гьабе

ЦIа ккеялъе буго гIемер тIибитIараб цоги гIилла – токалъул алатал хIалтIизарулаго, низам цIунунгутIи. Токалъул алат хIалтIизабулаго, кин цIунилел балагь ккеялдаса?

ТIоцебесеб иргаялда, мухIканго цIализе ккола токалъул алат хIалтIизабулеб къагIидаялъул хIакъалъулъ бицунеб инструкция. Гьеб кидаго букIуна токалъул алаталда цадахъ. Рокъор лъун ругел токалъул мухъазул халгьабе – розеткабазул, выключателазул, токалъул кваразул, токалда къазабулеб кваралъул, счетчикалъул ва гь.ц. Бегьуларо лажбар, растворитель ва хехго цIа рекIунел цогидал лъамалъаби ругеб, гьединго гIемераб къайи тIатIала сокIкIараб ва рищни данде гьабураб бакI хинлъизабиялъул мурадалда токалъул алат хIалтIизабизе.

КьватIиб цIорой загьирлъанагIан гIемерлъула токалъул алатал хIалтIизарулел гIадамалги. Гьелдалъун цIикIкIараб хIал щола токалъул кваразде. Мех-мехалда, токалъул кварал басралъиялда бан, рес буго гьезда цIа пирхизе. Пирхараб цIаялдаса цIа ракIине бегьула аскIоб бугеб жоялде (хведер, лажбар, рищни ва гь.ц.) ва гьебмехалда байбихьула киса-кибго цIа рекIине. Гьедин рекIараб цIа хехго тIатунаро ва гьелъ кIудияб балагь рещтIинабула.

Гьединаб балагь ккеялдаса цIуниялъул мурадалда лъикIаб буго цIа ккеялъул хIакъалъулъ жинца лъазабулеб алат лъезе. Рокъоб тоге хIалтIулареб, къачIазе кколеб хIалалда бугеб токалъул розетка яги выключатель. Рукъ хинлъизабулеб токалъул алат лъоге цIулал мебелалда ва гордабигьазда аскIоб. Рокъобе бачIунеб токалъул къуваталдаса цIикIкIараб къуват бугеб токалъул алат токалда къазабуге – гьелъги цIа рекIинабизе рес буго. Нужеца хIалтIизабулеб токалъул печалда гьоркь чара гьечIого букIине ккола цIа рекIунареб жоялъул гьабураб гьоркьлъел. Рокъоса кьватIире унелъул, халгьабе токалда чIварал алатал яги бакун тараб газалъул печь хутIун ругищали.

Нагагь цIа рекIун бихьани, телефоналдаса ахIи бай гьал номераздe: **«01», «101» яги «112».**

***Б. ХIАЖИЕВ,
МЧСалъул жанисеб хъулухъалъул кIудияв лейтенант***

# Умумузул ирс ва ирсилазул жавабчилъи

**Дагъистаналда гІемерал гІасрабазул тарихалъул заманалда, нилъехъе умумузул ирслъун бачІунеб гІадаталда рекъон, гІуцІун руго гІолеб гІелалъе букІине кколеб тарбия кьеялъул къагІидаби. Гьел руго нилъер мугІрузда гІумру гьабиялъул хаслъабазул кьучІалда рижарал инсан куцаялъул алатал.**

Жакъа Россиялда батизе захІмат буго аза-азар соназ рухІияб гІумру цебетІезабиялъул нилъер гІадаб хІалбихьи. ГІолилазе тарбия кьеялъул ишалде цІикІкІун кIвар буссинабизе нилъ жакъаги тІамулел руго республикаялда гІумру гьабулеб халкъалъул 30-ялдасаги цІикІкІун процент гІолилазул букІиналъ. Гьединаб ахІвал-хІал гьечІо Россиялъул цониги субъекталда. Ахирал соназда Россиялда 14-ялдаса 30 соналде щвезегІан гІумруялда ругел гІолилазул къадар дагьлъулеб буго. Жакъа гьеб ккола 21, 5 процент. Гьезда гьоркьорги васазул къадар цІикІкІараб буго – 50,8 процент. ГІолилазе тарбия кьей нилъер республикаялда кидаго букІана аслиял масъалабазул цояблъун. Баяналъе рехсезин: Дагъистаналъул комсомолалъул тІоцебесеб съезд тІобитІана 1921 соналъул 1 маялда Темир-Хан-Шураб. Ахираб заманалда гІолилазул гьединаб данделъи гІуцІана 2013 соналъул ноябралда.

«Россиялъул БахІарчи» абураб тІадегІанаб цІар щварал 45 дагъистаниязул 59 процент ккола гІолилал.

Ахирал соназда гІолохъанаб гІелалъул гІумруялъулъ тІадеялдаса тІаде цІикІкІунел руго цІалакъалиялда, бугеб махщалида рекъон хІалтІи балагьиялда, рукъзабазул суалазда хурхун раккулел хІажалъаби.

Гьединал захІмалъаби гІумруялда дандчІвалеб заманалда, гІисиназе тарбия кьеялъулъ умумузулгун бухьен щула гьаби, чІахІияб гІелалъул лъикІал мисалаздасан пайда боси – гьеб ккола гьечІого гІолареб шартІлъун. Цебе заманалда хъизантухумалъул жанисел гьоркьорлъабазда, росдал, районалъулгун бухьеназдагицин гІей гьабичІого, тарбия кьезе лъимал кьолаан батІияб миллаталъул хъизамазде. Гьеб букІана нилъер Дагъистаналда гуребги, Кавказалъул цогидал миллатаздаги гьоркьоб билълъанхъараб гІадат. Гьелъ рес кьолаан лъималазда, цо бугони, батІияб миллаталъул культураялъулгун, мацІазулгун, гІамалхасиятазулгун лъай-хъвай гьабизе. КІиабизе бугони, лъимал ругьунлъула миллат батІиязулгун мацІ батизе, гьезулъ гьалмагъзаби ратизе ва эбелэменгун цадахъ хъизаназулгун гьудуллъи щула гьабизеги.

## Гьоболлъи – цІубараб тарбиялъул бутІа

Р. ХІамзатовасул «МагІаруласул Конституциялда» бугеб анкього статьяялъул анлъабилеб буго «Гьобол» абураб. Гьелъ бицуна нилъер гІумруялда гьоболлъиялъул кІваралъул. 2015 соналда, ракІалда буго, Миллияб политикаялъул министерствоялда хІалтІулаго, республикаялда нижеца гІумруялде бахъинабуна «Гьобол, гьоболлъи» абураб ахІиялда гьоркь нилъер республикаялъул цо шагьаралдаса яги росулъа лъимал батІияб районалде ва шагьаралде батІияб миллаталъул хъизамаздеги кьун, гьениб гьез цо анкьалъ гІумру гьабиялъул къагІида.

Гьелда рекъон батІи-батІиял шагьаразда ва районазда 1-8 классалъул цІалдохъаби цо анкьалъ гІумру гьабизе гьоболлъухъ рещтІунел рукІана цогидал районазда, шагьаразда яшав гьабун ругел цогидал миллатазул хъизамазда. Гьелъул аслияб магІнаги букІана, гІолеб гІелалда Дагъистаналда ругел батІи-батІиял миллатазул гІумру лъазаби, гьезул умумузул гІадатал лъазари ва гьелъул хІасилалда цоцазда гьоболлъи загьир гьабиги. Гьезие гІуцІун букІана хасаб «гьоболасул кодексги». Гьеб ишалъулъ гІахьаллъулаан кІиго хъизан: цояб - районалдаса яги шагьаралдаса «лъимер кьолеб» ва цогидаб – «гьеб лъимер бачунебги». Гьедин республикаялъул 50 гьитІинал васазе ва ясазе рес щвана цо анкьил болжалалда миллат батІиял хъизамазулъ гІумруги гьабун, гьезул рукІа-рахъиналъул хал гьабизе, лъималазулгун гьудуллъи ккезе ва хадусан ракІ рагьарал гьалбаллъунги лъугьине. Гьелде тІадеги, гьениб ккараб лъай-хъваялдаса хадуб гьел лъималазул улбулги лъугьана гьалбаллъун. Гьединал дандчІваял гьаруна 20-ниги районазда. Бищунго рекІее асар гьабуледухъ гьел ана Болъихъ, Гъизилюрт, Дахадаев, Гъарабудагъкент, Хьайтагъ районазда. Гьеб ишалъул хІасилал гьарулаго, лъималаз ва гьезул улбуз бицунелъухъ гІенеккараб мехалда, бадиб магІу хулулаан данделъиялда гІахьаллъаразул. Бицуна, доб мехалъ лъай-хъвай ккарал васазул ва ясазул цо-цояз цадахъаб хъизангицин гьабунилан.

Гьеб ишалъулъ гІахьаллъарал 50-ялдаса цІикІкІарал лъималазе гьеб лъугьана унго-унгояб, киданиги ракІалдаса унареб лъугьа-бахъинлъун. Гьезул гьудул-гьалмагъзабазул кьерал гІатІилъана, лъай-хъвай ккана гьел цІализе ккарал цІиял школазул классазда ругел лъималазулгун, гьезул учительзабазулгун. Гьезие рес щвана жидер школалда цІали цогидал школазда бугелда данде кквезе ва лъикІал, квешал рахьазул халгьабизе. Гьеб лъугьа-бахъиналъул хІасилал гьарулаго, баянлъана гьудулзабилъун лъугьарал васазул ва ясазул эбел-эменги, цоцазулгун лъай-хъвайги гьабун, гьудул-гьалмагъзабилъун лъугьун рукІин. Гьениб лъималазулъ дагьабги цІикІкІуна чІахІияздехун бугеб адаб-хъатир.

Щаяли республикаялъул Миллияб политикаялъул министерствоялъ хадусел сонаса гьелде кІвар кьечІо ва гьеб «хІенхІида рекІараб цІа» свине тана. Рекъараб букІинаан республикаялда гьединаб хІалбихьи щибаб соналъ гІумруялде бахъинабуни. Миллатазда гьоркьоб гьуинлъи, цоцада ричІчІи букІине кколилан хІакимзабаз цІалулел лекциялдаса гьединал дандчІваязул багьа, узухъда, гІемерго цІикІкІараб букІинаан.

Хадусан, нилъеда мисалги босун, 2018 соналъул 4-10 ноябралда Россиялъул ва Дагъистаналъул Журналистазул союзалъул, Россиялъул халкъазул Ассамблеялъул жигаралда Дагъистаналда, дагьабги гІатІид гьабун, тІобитІана Севералъул Кавказалъулго «Гьалбал» абураб иргадулаб кинофестиваль. Гьединаб тадбир щибаб соналъ иргадал тІобитІула батІи-батІиял республикабазда.

Нилъер халкъаз гІолеб гІелалъе тарбия кьолаго, гьезда батулеб букІараб гІакъилаб каламалъул, цоцазда ричІчІизе гьез гьабулеб букІараб хІаракаталъул ва цоцазе хІалае рахъине хІадурал рукІиналъул пикру гьабуни, дида ракІалде ккола ахІмакъал чагІазул мурадал киданиги тІуразе гьечІин. Унго-унгояб тарбия щварав инсанасул, миллаталда бачІого, батІияб гІаданлъиялъулаб бербалагьи букІуна гІумруялдехунги гІадамаздехунги.

рекІелъ кквечІони, гІолеб гІелалъе гьел баян гьарулелги гьечІони, гьезул унго-унгояб, жидерго пикруги бугел хІаракатчагІи рахъиналде божизе захІмат букІин. Нилъедайин абуни, мех-мехалда кІочон толеб буго гьветІ лъалъазе, гьелъие хъулухъ гьабизе, ай лъималазе битІараб тарбия кьезе. Гьел «гаджетазде» божун, гьезде руссун толел руго, квал-квал гьабичІони гІелин абун. Гьезги, сонал ун хадуб, гьединабго жаваб гьабулеб буго эбелинсуе - Дагъистаналда гІемерлъулел руго пансионатазде херал эбел-эмен кьолел гІолилал. РакІалдаса унаро, 1996 соналда республикаялъул социалияб хьезабиялъул министрлъун тараб заманалда дун щвана гьеб идаралде жанире унел МахІачхъалаялда, Дербенталда ругел чІахІиязул пансионатазде. ХІакъаб жо, гьенир гІемерго цІикІкІарал рукІана гІурус миллаталъул, жидер тІалаб-агъаз гьабизе нахъа чи гьечІел кІодаби. Гьанжейин абуни, гьенир гІемерисел руго гарбал риццатал лъималазул эбел-эмен. Гьеб буго нилъеца тарбия кьеялъулъ риччарал чІахІиял гьалатІазулги битІахъегояб хІасил. Гьелде тІадеги, гьезул чвантинибе унеб пенсиялдегицин кверал регьулел руго лъималаз.

Жакъа нилъеца кІудияб божилъи гьабула гІолеб гІелалда, нилъер букІинесеб роцІараб букІине бокьун. Амма бихьичІеб ххвел гьабун тезе бегьиладай гІолеб гІелалъул гІицІго буголъиялдехун бугеб хьантІи, рухІияб рахъалдехун гьелъул гьечІеб цІайи, гьира. Гьелдаго цадахъ гІолеб гІел куцалелъул гьеб бараб буго эбел-инсул лъаялда, гьел магІишаталда машгъуллъун рукІиналда, хъизамалъул къадаралда, батІи-батІиял гІелазул вакилзаби гьенир рукІиналда ва гьезул материалияб буголъиялда.



Босизин цо мисал: Орловский областалъул Мценск шагьаралда Дагъистаналдаса цо хъизамалъул мадугьалихъ гьитІинав вас Александргун гІумру гьабулей йикІана Татьяна Самохина. Унтун больницаялде унаго, гьелъ мадугьал СалихІатида ва гьелъул росасда гьарана жий тІадюссинегІан жиндир васасухъ балагьеян. Амма кватІичІого Татьяна больницаялдаго гІумруялдаса ятІалъула. ГьитІинав Саша гьесда хадур рачІарал опекаялъул идараялъул хІалтІухъабазда цадахъ ине бокьичІого, СалихІатил каранда хурхун чІана. Дагъистаналдаса хъизамалъ гьеб лъимералъе кьуна гІураб тарбия ва гІужде вахарабго, гьесие чІужуги ячана. Жакъа хъизаналъул эмен Александрица эбел-инсул гІадаб хІурмат-адаб гьабула гьезулги.

## ЛъикІабги кІочона, кІвар кьечІого тани

Амма гьебго заманалда киназдаго бичІчІизеги ккола: умумузул букІараб гІакъилаб политикаялъул, гьезул хьвада-чІвадиялъул чІагоял мисалал гьоркьоса къотІичІого

Гьелъул нилъеца пикру гьабичІони, гІолилал жидедехунго цІазе, гьел такъсирияб нухде рачине бокьаразул къадар гьаб, Украинаялда СВО унеб заманалда, гІемер руго. Гьединлъидал гьаб 2023 сон педагогазул ва насихІатчагІазул сонлъун лъазабураб заманалда гьелдасан ратІаракьанде щун пайда босизе ккола киналниги жамгІиял, лъай кьеялъул ва бакІалъул нухмалъулел идарабаз.

Гьебги хІисабалде босун, 35 пачалихъ жанибе бачунеб дунялалъулго ЖамгІияб Палатаялъги дагьал церегІан кьояз Севералъул Кавказалда гІуцІана щибаб республикаялдаса жавабиял хІаракатчагІи жанире рачунеб ЧІахІиязул Совет.

*З. ИЛЬЯСОВ,*
*Севералъул Кавказалъул ЧІахІиязул Советалъул сопредседатель*



# Бихьулареб фронталъул къеркьохъан

**Умижат ХириясулмухIамадова ккола Шамил районалъул ТIелекьа. Гьей хIалтIула Республикаялъулаб централияб больницаялда медсестралъун. Буго гьелъул жийго бетIергьанаб ишги – «Баракат» абураб рукъарулеб ателье.**

**«2022 соналъул февралалда дихъе ательеялде рачIине байбихьана низам цIунулел идарабазул (Росгвардиялъул, ОМОНалъул) хIалтIухъаби. Цояс абулаан, тIаждал гIагал къокъ гьареян, цогидас – гурде дагьабго къварид гьабеян, лъабабилес – къвалал къотIеян. ЦIакъго гIатIидаб партал къунила жидехъеян, гьеб рекъезабизе хьвадулев чи гIемерлъана. Дун гьезда гьикъарана ва гьел Украинаялде ине къачIалел ругеблъи бичIчIана», – ян бицана Умижатица.**



## «Букъулеб буго нилъеразе»

Доб букIана жеги Украинаялда СВО байбихьичIеб заман. Улкаялъул президентас гьеб лъазабун хадуб, Умижатил ракIалъе хIалхьи букIинчIо. Беразда цере рукIана партал рекъезабизе ательеялде рачIарал дол бихьинал – квачалел ратила, чIаго ругодай, я Аллагь, цIуне васал – гьединал пикрабаз тIубанго бикъана гьелъул рахIат. Кин гьабуни, гьезие кумек гьабизе кколин ахIи букIана рекIел. Гьедин байбихьана гьитIинабго ательеялъул баракатаб хIаракат. Гьелъул пикруялъул рахъккуна цадахъ хIалтIулел ясазги. Умижатица жиндихъе рачIарал рагъухъабазулгун бухьен гьабуна ва щиб гьезие хIажат бугебали лъазабуна. Рагъухъаби квачалел ругеблъи бичIчIараб мехалда, ясаз байбихьана гьезие хинаб ретIел букъизе. Гьедин байбихьана «Букъулеб буго нилъеразе» абураб акция.



Къандалъо – «косточка»

ЦIияб автостанциялда гIагарлъухъ буго У. ХириясулмухIамадовалъул «Баракат» ателье. Гьелъул буго лъабго рукъ; щибалъул гIатIилъи – 32 квадратияб метра. Гьениб сокIкIунаан рагъухъабазе битIизе бачIараб кинабго къайи – кванил нигIматал, ретIел, бусадул къай, техникиял алатал (удлинитель-переноска, телефоналъул пауэрбанк ва гь.ц.). Босана хинаб ххам (флис) ва байбихьана солдатазе партал букъизе. Умижатица лъутIулаан, лъутIараб бикъулаан рукъарухъабазда гьоркьоб. Хехаб заманалда букъун бакIарараб партал битIулаан солдатазе. Отпускалъ яги лъукъун хадуб ватIаналде рачIарал рагъухъаби щолаан ательеялде ва сайгъаталгун тIадруссунаан жидерго гьалмагъзабазухъе.

Гьеб баракатаб ишалъулъ гIахьаллъана гIемерав чи. Хасаб жигарчилъи загьир гьабуна МахIачхъалаялъул №26 ва Главсулак поселокалъул школазул цIалдохъабазги, гьезул эбел-инсуцаги, учительзабазги, №3 поликлиникаялъул, №1 роддомалъул ва цогидалги больницабазул тохтурзабазги. Умижатица солдатазе къайи бакIарулеб бугин рагIаравщинав чияс битIун бачIунаан жиндир рахъалдаса салам – гIарцудалъун, кванил нигIматаздалъун, солдатазухъе хъварал кагътаздалъун. *«Гьел кагътаз кутакалда рохизарула нилъер гIолохъаби. Дихъе гьез кидаго битIун бачIуна баркала загьир гьабун бахъараб видео. Лъималазул кагъат цIалулев цояв ва гьесухъ гIенеккаразул бадиса чвахулеб магIу – гьеб сураталъ асар гьабичIого хутIилищ?!»* – ан бицана Умижатица.

## Щибаб кесек – пайдаялъе

Сордо-къоялъ хIалхьи гьечIеб хIалтIи… Флисалъул гурдал рукъун тIокIлъараб ххамил рукъулаан балаклаваби. Гьелдасаги тIокIлъараалъул – щватаби-мачуял. ХIалтIи гIуцIулаан солдатазул баяназда рекъон. Госпиталазе букъулаан бусадул къайи. *«Дихъе гIадамаца бачIунаан бусадул басрияб къайи – простыня, чехол, наволочка. Рокъобеги босун, чурулаан. Чуризе кьолаан цогидазухъеги. Хадуб гьелъул букъулаан: 70 сантиметралъул гIеблъиялъул простыня, хутIараб ххамил – наволочкаби, гьелдасаги тIокIлъани – къандалъо «косточка». Хадуб «косточка» цIезабулаан. «Косточкаян» нижеца абула ракьаялъул сипаталда букъараб гьитIинаб къандалъоялда. Солдатаз нижеда абуна, гьединал къандалъаби цIакъ хIажат ругин абун. Габур, гъеж-квер бекани, гьелда гьоркь лъезе. Байбихьуда нижеца гьелда жаниб лъолаан халафайбер. Рагъухъабаз абуна, гьеб къвакIарабгIан лъикIаб букIунилан. Сунцаха гьеб цIелеб? ХIалбихьана ретIел букъун тIокIлъараб ххамил хутIел гьениб бугIизе. Гьеб рекъонкканин жидеея бачIана рагъухъабазул ругьелги»*, – ян бицана Умижатица.

Лъималазул эбел, росасул лъади, больницаялъул хIалтIухъан, тIадеги – юкъарухъан. ЧIужугIаданалъул хIалтIи дагьабищ букIунеб. Гьеб киналдего тIаде – солдатазе гIоло гьабулеб жигараб хIаракатги. ГIумарасхIабица (бетIергьанчи) кин къабул гьабулеб гьеб кинабгоян гьикъидал, У. ХириясулмухIамадовалъ гьадин бицана: *«Дир вас, вац, гIагарлъиялъул чи дова гьечIо. ГьечIониги, дир ракIалъ ахIи бан гьабулеб хIалтIи бугеблъи бичIчIарав бетIергьанчияс дир рахъккуна. Кумекалъе сундулъго рахъуна гьевги лъималги. Лъималаз бугIун цIезарула косточкаби – квер кколеб ва заман инабулеб хIалтIи буго гьеб. Ясалъ кагътал хъвала рагъухъабазухъе, видео бахъула гьезие»*, – ян.

## Жакъа къоялъул захIматалъул фронт

Умижатил жигараб къокъаялда вуго 180 чи. Гьезда гьоркьоса анкьго ккола юкъарухъан. Гьезухъе битIула Умижатица лъутIараб ретIел. Гьез ретIел букъула, Аллагь, гьаб ретIарав рагъухъан чIаго теян гьарулаго. Майсарат йиго рукъарухъабазул цояй. *«ХIикматай гIадан йиго Умижат. Гьелъухъе бачIуна къайи. Цо ящикалъуб бугIун букIуна кинабго жуба-гъубан – парталги кванил нигIматалги. Умижатица цин ящикал раччула кIиабилеб тIалаялде. Хадуб халгьабула гьениб батараб жоялъухъ – кванил нигIматазул болжал ун бугищали, бачIараб ретIел бацIцIадаб бугищали. Хадуб щибаб жо батIаго сокIкIуна, чорокаб чурула. Ахирги ящиказда жаниб лъола – щибаб ящикалъуб бащадо рекъезабун. Дида лъаларо, гьей кьижулеб яги хIухьбахъулеб заманго. Кида кIалъаниги, гьей ятула ательеялда»*, – ян бицана Майсаратица.

ЛъутIараб партал кьолаан рукъарухъабилъун цIалулел студентазухъеги. Гьез букъараб жоялъухъги халгьабула Умижатица. Гьезул гьалатIал ритIизарула. Гьедин цIидасан букъизе ккана, масала, 320 гурде. *«Гьеб бигьаяб иш гуро. Цин чIалхине ккола, хадуб цIидасан букъизе»*, – ян абуна Майсаратица.



Умижат дагъистаниял-рагъухъабиун

## Украинаялде сапар

Дагъалъ цее У. ХириясулмухIамадова тIадюссана Украинаялдаса. Гьенибе гьабураб сапаралъул хIакъалъулъ бицунаго, гьелъ баркала кьуна МахIачхъалаялъул Во-

# Бихьулареб фронталъул къеркьохъан

доканалалъул генералияв директор Рашид МухIамадовасеги гьесул заместитель Абубакар КъурбанисмагIиловасеги (1999 соналъул ополченец). Гьез кумек гьабуна рагъухъабазе босулеб къайи лъезе машина балагьизеги жидер рахъалдаса тIаде жубана лъел 20 тоннаги. «Дица хIадурараб къайиги букъараб ретIелги дица битIулаан, отпускалдаса тIадруссунел рагъухъабазухъеги ва добе къайи босулел цогидал гIадамазухъеги кьун. ЛъагIелалъ хIалтIулей йиго дун «Курс поддержки президента» абураб жамгIияб гIуцIигун. Гьел доре хьвадулаан, ниж, руччаби, рачунароан. Гьанжесалалъ дие кутакалда бокьана дунго сапаралъ яхъине, рагъухъабазул гIумру ва гьениб бугеб ахIвал-хIал дидаго бихьизе. Гьенибги кумекалъе вахъана бетIергьанчи – цадахъ рилълъинин абуна гьес», – ан бицана Умижатица.

Украинаялде сапаралъ бахъараб къокъаялъул хIакъалъулъ цебеккунги хъван букIана («Лъимал чидар рукIунаро», 13 октябрь). Такрар гьабиларо. Амма ракIалде щвезабила гьениб нилъер руччабаз хинкIал гьари. *«Бищун гIемер дагъистаниял ругеб бакIалде щведал гьаруна нижеца хинкIал. Цадахъ босун букIана ханжу, бакъвараб гьангун бакьал, аджика, хIан, ражи. Амма рагъухъабаз абуна, жидее томатгун ражи бокьилаанин. Нижехъ томат хутIун гьечIоан. Мадугьалзабазда цIехелин абун, ана цояв. ТIадвуссана томаталъул бащдаб банкагун. ХинкIал гьарулел ругин рагIидал, рачIана аскIор рукIарал рагъухъабиги. Хажидал хъапго буцана гьениб ва кванаzavуна 80 рагъухъан. Кьалул цебесеб кьерда ругел рагъухъабазухъе Дагъистаналдаса руччаби рачIиналда хIикмалъун рукIана киналго. «БахIарчиял руччаби руго нужер, нижерал рокьоса къватIирецин рахъине хIинкъула», – ян абулеб букIана нилъер гIолохъабазда батIиял регионаздаса солдатаз. ГIемерав чи вачIана аскIове, сурат бахъизе бегьилищан абун»*, – ан бицана Умижатица.



**Щибаб посылкаялда лъола хасаб логотип**

Окопаздаса къватIире рахъиндал, Абубакар КъурбанисмагIиловас «За доблесть» медаллалги кьун рохизарун рукIарал ясазухъе кьуна рагъухъабазул рахъалдаса сайгъат – гьацIул баллонги конфеталги. *«Кутакалда нечон рукIана ниж гьел росизе. Нижеца дозие, гIисинал контейнеразда жанибеги тIун, щивав рагъухъанасухъе кьезе босун букIана гьоцIо. Добаса кин гьеб босилеб? Кинго течIо командирас (гьевги вукIана дагъистанияв), жидер ракIхвезабугеян гьарун, босизабуна»*, – ян бицана Умижатица. Гьелъ бихьизабуна солдатазул рукIа-рахьин бахъараб цо чанго видеоги. Жидеего санагIат гьабун бугоан нилъер гIолохъабаз – кваназе, кьижизе, рацIцIалъи гьабиялъе.

Щибха рагъухъабазе хIажат бугеб? Добаги хIажалъула нилъерго рокъоб букIине кколеб кинабго. Хинаб партал, кванил нигIматал, квен хIадуризе цIарагI, телефоназул зарядкаби ва чара гьечIого – дараби. Рагъухъабазе хIажатабщинаб къайи босизе цо чиясул хIал гIоларо. Гьединлъидал Умижатица гIуцIула батIи-батIиял тадбирал. Гьедин гIуцIана, масала, нашидазул сордо. Билетал ричун щвараб гIарцухъ росана ва рикьана СВОялда чIварал рагъухъабазул лъималазе сайгъатал. РакIалда буго хутIараб гIарцухъ хъахIаб ххамги босун, маскировочниял халгIатал рукъизеги. Хасало гьел цIакъ хIажат рукIуна аскариязе.

КIудияб ВатIанияб рагъул соназда улкаялда рагъун букIана захIматалъул фронтги. Абизе бегьула, СВОялъул тIоцересел къоязда нахъего Умижатицаги гьелъул ишцоязги республикаялда захIматалъул фронт рагьун бугин абун. Гьелъие хIалае вахъине бокьун батани, гьо гьединаб ресги. Гьаб адресалде щвезабизе бегьула нужерго посылка: **МахIачхъала шагьар, Газопроводная, 4 (ЦIияб автостанциялда аскIоб), ателье «Баракат», кIиабилеб тIала.** Яги бегьула гьаб номералдасан гIарац рехизе: **8 (963) 414-47-76.**

***Кавсарат СУЛЕЙМАНОВА***

## МагIарухъ

# Росу чIаголъула, росдал магIишат чIаго гьабуни

**2023 соналъул 23 октябралда кIудияб рохалилаб ахIвал хIал букIана Гумбет районалъул ЦIиликь росулъ.**

**Росаби церетIезариялъул республикаялъулаб программаялда рекъон, ДРялъул Росдал магIишаталъул министерствоялъ 2023 соналда тIаде босун букIана ЦIиликь росдал мажгиталда цебесан унеб 300 метралъул халалъиги щуго метралъул гIеблъиги бугеб Береговая къватI къачIазе. Гьеб хIалтIи лъугIизабуна 20 октябралде. Гьеб къватI рагьи букIана цIилкьадерил тIоцебесеб рохел.**

Гьединго капремонталъул пачалихъияв программабазда гьоркьоре ккезарун рукIана ЦIиликь росдал «Соколёнок» абураб лъималазул ах ва Фельдшеразулгун акушеразул пункт (ФАП). Гьеб кIиябгоги къачIан бахъинабуна 20 октябралде. ЦIигьабураб кIиябго идара рагьиги кIудияб рохеллъун букIинарищха росдал гIадамазе.

Ахирал соназда ЦIиликь росдал гIадамаз 50-гIанасеб гектаралда бекьула цересел умумуз бекьулеб букIараб бугIа, ролъ, пурчIина, ниха, картошка. Росдал гIадамазул кIудияб анищ букIана умумуз бекьулеб букIараб даруяб бугIа бекьизе. Умумузул букIараб богIол хьон росулъа тIагIун букIана. Гьеб балагьизеги гIезегIан захIмалъана росдал гIадамазе. Гьеб цIунун батана ГIахьвахъ районалъул ЦIолода росулъ. БугIа бичун босана, цо килоялъухъ 250-300 гъурущги кьун. Бажари ва рес бугел чагIаз тракторалъ рекьана росдал гIадамазе хурзал, хасалихъе комбайналъ бакIарун бачIинги кьуна. Гьеб бигьалъи гьабидал, хурзал рекьулезулги къадар цIикIкIунеб буго. 100 гектаргIанасеб бекьулеб ракь, маххул хьурияль кьан, гIи-боцIи жанибе лъугьунареб хIалалда щула гьабун буго. Гьелъ рес кьолеб буго барщизегIан бугIа, ролъ, ниха хурибго тезеги. Гьеб бакIариялъул хIалтIи гьабулеб кьоги ккана 23 октябрь.

РосулъгьаруралрехсаралхIалтIаби къабул гьаризе ва гьелъие кьимат кьезе, Росаби церетIезариялъул отделалъул нухмалъулев Пайзула Пайзулаевасул бетIерлъиялда гьоркь, рачIун рукIана ДРялъул Росдал магIишаталъул министерствоялъул вакилзабиги, ДРялъул сахлъи цIуниялъул министрасул заместитель ПатхIула ПатхIулаевги, районалъул бетIер Гьалип Гьалиповги администрациялъул хIалтIухъабиги, районалъул больницаялъул тохтурзабиги.

Рохалилаб ахIвал-хIалалда, багIараб чалуги къотIун, рагьана рехсарал бакIал.

Гьел гьарурал хIалтIабазе кьимат кьун кIалъана Гъ. Гьалипов, П. ПатхIулаев, Гумбет районалъул лъай кьеялъул управлениялъул начальник ХIасан ГIалихIажиев ва цогидалги. Гьабураб хIалтIуе лъикIаб кьимат кьуна гьез. Гьел хIалтIулъ кIвахI тун квербакъаразе кьуна хIурматалъулал шапакъаталги.

ЦIигьабураб ФАПалда лъабкъогоялдаса цIикIкIун чиясухъ халгьабуна районалъул больницаялъул бетIерай тохтур ГIабдураупова ПатIиматил бетIерлъиялда гьоркь рачIарал тохтурзабаз.

Киналго хIалтIаби къабул гьарун хадур гьалбалгун росдал гIадамал ана росдада аскIоб бугеб рохьоре, гьениб росдал сахаватал гIолохъабаз бараб хIухьбахъиялъул рокъоре.



Гьеб хIухьбахъиялъул рокъоб, кванил столазда нахъаги букIана росдае гьаризесел хIалтIабазул бицен.

## Росдал масъалаби

ЦIиликь росу буго лъагIалида жаниб анкьго моцIидасаги халатаб заманалъ квач тIаса унареб борхалъиялда. ГьедигIанасеб заманалда гIибоцIи хьихьизе ккола, рагIи-херги кьун, бокьоб. Къуватаб гьуригун гIемераб гIазу бан, чIахIиял гIансал чIун, нухал къотIун, гIаздакь ккун, гIи-боцIуе хасалил мучIдул щоларо гьенир. ХIукуматалъ кIвар кьечIони, росдал цIар тIагIиналда хIинкъи буго. БатIи-батIиял идарабазда евроремонт гьабуни щиб, дагьлъулел руго гIадамал ва цадахъго – лъай кьеялъул идарабазде хьвадулел лъималги. Цилкьадерил гIадамаз абулеб буго, росу чIаголъулила, росдал магIишат чIаго гьабуни. МагIишат чIаголъула, бекьизеги, бецизеги, гIибоцIи хьихьизеги ракь бугони. Росу бокьулезул росдадаса ракI буссунеб буго, мадугьалихъ бугеб росугун ракьул дагIбаялде ЦIиликь росу ккеялъ. ХIукуматалъул бутIрузда цIакъ къокъаб заманалда лъугIизабизе кIолеб гьеб дагIба халалъизе тун бугин абун, гIарз буго росдал. ЦIиликь росдаде хIакимзабаз мугъ рехун бугинги абула.

Шагьаралда рукIунел гIадал шартIал ругин абизе бегьула ЦIиликь росулъги. Щивасул рокъобе бачун буго лъим, газ, росдал къватIабахъ буго канализация, къачIалел руго къватIал. ГIи-боцIи хьихьизе мугIрулги течIони, кисиниб лъезе гIарацги гьечIони, квачараб мугIрул тIогьиб цIияб гIелалъ гIумру гьабиладай? МагIарухъ гIумру бегьулезе аслияв шартIал гIуцIиялде кIвар кьуни республикаялъул хIакимзабаз, росу тIагIинаро.

***Сулайман МУХIАМАДНУРОВ,***
***Гумбет районалъул***
***ЦIиликь росу***

# Комсомолазул цеехъан, газеталъул редактор

**«…Расанди сабурал сси бугел ясал,**
**Сулдерил гурони цоги ругодай?**
**СухIмат – бертиналъулъ гьунар цIикIкIарал**
**ГьазулгIан чIухIарал васал ругелдай?»**



Гьедин хъвана «Дир росу» абураб кочIолъ СалтIа росулъа ветеран Манап Манаповас сулдерил гIадамазул хIакъалъулъ. ГIурусазул тохтур, машгьурав хъвадарухъан Антон Павлович Чеховас жиндирго даптаралда хъвалеб буго: «Бихьинал, руччаби гьечIеб бакIалда гIадаллъула, руччаби бихьинал гьечIеб бакIалда речIала», - абун.

ХIакъикъаталдаги, нилъер тарихалъулъ, маданияталъулъ ва адабияталъулъ кIудияб бакI ккун буго чIужугIаданалъул берцинаб гIамал-хасияталъулги, гьелъул бажари-гьунаралъулги хIакъалъулъ биценаз. ШагIирас абухъего, «тIолабго жиндирго сахаватлъигун, жал чIухIиялъе чанги хIужаби ругел» гьединал руччаби дагьал гьечIо нижер районалъул щибаб росулъги.

Жакъа дие бицен гьабизе бокьун буго чанго батIи-батIиял махщелазул рахъалъ тIадегIанаб лъай босарай, кIиго батIияб Академия лъугIарай ва, киса-кибего гIадин, нилъер районалдаги руччабаз къанагIат гурони бищуларого букIараб журналистлъиялъулаб махщелги кодобе босун гIемерал соназ тIатIала «Гъуниб» газеталъе бажарун нухмалъи гьабурай, газеталъул нусгосонилаб тарихалда жаниб гьелъул йикIарай тIоцеесей редактор-чIужугIадан СалтIа росулъа Нажмудинова ПатIиматил хIакъалъулъ.

ПатIимат гьаюна гIадатияб, захIмат хирияб хъизаналда. Гьелъул инсуца МухIамадица 1958 соналда Ждановасул цIаралда бугеб Ленинградалъул пачалихъияб университеталъул тарихияб факультет лъугIизабуна.

ПатIиматил лъабго сон бугеб мехалда гьев автоавариялда Аллагьасул къадаралде щвана. Гьелъул эбел, гIадатияй колхозчIужу Марьямица жинцаго тарбия кьун гIезабуна лъабго лъимер - ПатIиматги, гьелъул кIудияй яц Хадижатги, гьитIинав вац Нажмудинги.

1966 соналда ПатIимат цIализе лъугьана СалтIа росдал микьгосонилаб школалде. 1976 соналда лъикIал къиматазда районазда гьоркьосеб Хунзахъ районалъул ГIаранибб руччабазул гьоркьохъеб школа-интернат лъугIана. 1978 соналъул август моцIалде щвезегIан П. Нажмудинова хIалтIула СалтIа росдал С. М. Кировасул цIаралда бугеб колхозалда гIадатияй колхозчIужулъун. «Бажари бугев кивго хIажатавилан» кинцIалъухъего, гIолилазда гьоркьоб бугеб къадру-къиматги хIалтIи бажариги бихьун, ПатIимат йищула сулдерил колхозалъул комсомолазулаб гIуцIиялъул секретарьлъун.

1978 соналда Дагъистаналъул комсомолазул обкомалъ йитIун, ПатIимат цIализе лъугьуна Москваялда ВЛКСМалъул ЦКялда цебе бугеб ТIадегIанаб комсомолазулаб школалде. 1982 соналда цIали лъугIигун, ячуна Дагъистаналъул комсомолазул обкомалъул комсомолазулаб гIуцIабазулгун хIалтIи гьабулеб отделалде.

1983 соналъул февралалда П. Нажмудинова йищула ВЛКСМалъул Гъуниб райкомалъул кIиабилей секретарьлъун. ЛъагIелалъ гьеб хIалтIудаги йикIун, 1984 соналъул октябралда нахъеги гьей хIалтIизе ячуна ВЛКСМалъул Дагъистан обкомалъул пропагандаялъул ва маданиябгун халкъалда гьоркьосеб хIалтIул отделалде инструкторлъун. Гьебго соналъул декабралда Гъуниб районалъул комсомолаз ПатIимат йищула ВЛКСМалъул Гъуниб райкомалъул тIоцеесей секретарьлъун, ва гьелъ гьеб иш бажарун тIубазабула щуго соналъ. 1985 соналъул июлалда ПатIиматица, испаниязул мацIалъул таржамачIужу хIисабалда, гIахьаллъи гьабуна Москваялда тIобитIулеб ТIолгодунялалъулаб гIолилазулгун студентазул фестивалалдаги.

1989 соналъул декабралдаса 1991 соналъул ноябралде щвезегIан ПатIиматица тIубазабула - КПССалъул Гъуниб райкомалъул идеологияб отделалъул заведующиялъул хъулухъ. Хадуй, 1992 соналъул августалде щвезегIан хIалтIана Гъуниб райисполкомалъул гIолилазулгун хIалтIул ва гIадамазе хIалтIи чIезабиялъул рахъалъ отделалъул нухмалъулейлъун.

Аслияв жавабиял хIалтIабазда цадахъго, гьелъ тIуразарулел рукIана батIи-батIиял жамгIиял ишалги. Гьей йищун йикIана КПССалъул Гъуниб райкомалъул бюроялъул членлъун, ВЛКСМалъул Дагъистан обкомалъул членлъун. Чанго нухалда йищана халкъиял депутатазул Гъуниб райсоветалъул ва «Гъуниб район» муниципалияб районалъул собраниязул депутатлъун.



**Гъуниб райцентралда 1986 соналда «ХъахIал къункърабазе» памятник рагьулеб байрамалда Расул ХIамзатовас ПатIиматие баркала кьолеб лахIзат**

Лъалеб букIахъе, 1986 соналъул 6 августалда КIудияб ВатIанияб рагъда чIварал абадиялъго ракIалда рукIиналъе Гъуниб рагьана «ХъахIал къункърабзи» памятник, ва сонал анагIан «ХъахIал къункърабазул» абадияб ронжен сверана хвел гьечIеб байрамалде. РакIалда буго, тIоцебе памятник рагьулаго, махщалида байрам бачине пагьму ва гьенибго кочIохъабазда цадахъ кечI ахIизеги кьурдухъабазда цадахъ кьурдизеги ПатIиматил бажари бихьарав Расул ХIамзатовас, тадбир нухда бачуней гьелда аскIовеги ун, гьелъие кьураб тIадегIанаб къимат: «Дунялалъул щиб бакIалде дун щваниги, кигIан батIиял-батIиял тадбиразда гIахьаллъаниги, гьадин кинабго рахьалъ цеетIурай комсомолалъул райкомалъул тIоцеесей секретарь ва бокьараб гьунар жиделъ бугей гIолилазул цеехъан дида дандчIван йикIичIо», - янги абун, Расулица тIолго халкъалда цебе гьелъие ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабураб.

Гьелдаса нахъе анцIгоялдасаги цIикIкIун соналъ, ПатIиматил битIахъегояб гIахьаллъигун ва жиграб хIаракаталдалъун гIуцIизеги гIуцIун, гьелъ бажарун нухда рачунаан маданиялгун халкъалда гьоркьор тIоритIулел киналниги районалъул тадбирал.

1992 соналда ПатIимат цIализе лъугьана Россиялъул КъватIисел улкабазулгун экономикиял бухьеназул министерствоялда цебе бугеб къватIисел пачалихъазулгун дарамбазаралъулаб ТIолгороссиялъулаб Академиялде. Гьений цIалулаго, гьей мустахIикъльана 1993 соналда Гьарачаево-Черкесиялда тIобитIараб Халкъазда гьоркьосеб мугIрузул халкъазул конгрессалда Испаниялъулгун гIараб мацIалъул таржамачIужулъун гIахьаллъизе.

1994 соналда гьеб цIалиги лъугIун, гьелъие щвана къватIисел пачалихъазул мацIал лъалей дуниялалъулаб экономикиял гьоркьорлъабазул экономистасул махщел. 1995 соналъул П. Нажмудинова цIализе лъугьана Россиялъул Федерациялъул къватIисел улкабазул министерствоялда цебе бугеб Дипломатическияб Академиялде. Гьенибго гьелъ лъугIизабуна аспирантураги, ва 1997 соналда ПатIиматие щола халкъалда гьоркьосел суалазул специалистасул диплом. Гьеб лъугIун хадуй, 2004 сон щвезегIан хIалтIула Москва шагьаралъул батIи-батIиял фирмабазда генералияв директорасул кумекчIужулъун, заместительлъун. Гьебго заманалда ПатIиматица экономикаялъул дарсал кьолаан Россиялъул Культуралъулаб институталдаги.

Гьел цIалиязги, гьениб щвараб лъаялъги, батIи-батIиял бакIазда хIалтIиялъги кутакалда гьварилъана ва камиллъана гьелъул эркенаб куцалда батIи-батIиял мацIазда гIадамазда цее кIалъазе бугеб махщелгун гьунар.

2004 соналъул ноябралда Гъуниб районалъул нухмалъиялъ П. Нажмудиновалда тIадкъана «Гъуниб» районалъулаб газеталъул – бетIерай редакторалъул хъулухъ. ПатIиматицаги гьеб иш бажарун тIубазабуна 2015 соналъул февралалде щвезегIан.

Газеталъул хIалтIуда цадахъго, учреждениялъ бачунеб букIана бакIалъулаб телевидениялъул хIалтIиги.

ЛъикIаб хIалтIи гьабуна П. Нажмудиновалъ, 1960-абилел соназдаса нахъе ремонт гьабун букIинчIеб редакциялъул мина, капиталияб къагIидаялъ кьучIдасанго къачIана - цIидасан хисана гордал, нуцIби, тIох ва гIодоб бакIгун къадал.

Гьелъул хIаракатчилъиялдалъун редакциялъе тIалаб гьабуна техникаги, автотранспортги, интернетги, цоги хIажатабщинабги чIезабиялде.

АнцIгоялдасаги цIикIкIун соналъ бажарун, тIад калам гьечIеб хIалалда тIубазабуна ПатIиматицаги районалъул газеталъул бетIерай редакторалъул хIалтIи. Газеталъул хIалтIи бищунго лъикI гIуцIарай редактор хIисабалда, ПатIимат мустахIикъльана 2013 соналда тIобитIараб РФялъул Журналистазул союзалъул анцIабилеб съездалъул делегатлъиялъеги.

Редакциялдаса ун хадуй, ПатIимат хIалтIана «Гъуниб район» муниципалияб цолъиялъул администрациялда лъай кьеялъулгун маданияталъул ва гIолилазулаб политикаялъул отделалъул бетIерай специалист хIисабалда. 2019 соналдаса нахъе ПатIимат хIалтIулей йиго «Гъуниб район» муниципалияб цолъиялъул администрациялда цебе бугеб территориалияб цебетIеялъулгун информациялъулаб отделалъул бетIерай специалистлъун.

ХIакъикъаталдаги, жиндирго хIалтIулъги пагьму-гьунаралъулги - киналъулго жакъа нилъее тIадеялдаса тIаде якъинго загьирлъулеб буго ПатIиматие унго-унгояб мугIрул гугьарги сулдерил умумузулго батараб лъикIаб тарбияги ирсалъе щун букIин.

***МухIамад АБАКАРОВ***

# Рокъорги къабул гьарула берал унтарал

**«ЧIаго ругогIан мехалъ гIадамазда гъорлъ гIадамалллъун рукIине ккола». Гьале гьаб биценалдаса байбихьана Муъминатица диргун гьабулеб гара-чIвари.**

**Дир гIумруги ана гIадамазе бегьараб кумек гьабулагоян абуна гьелъ. Араб гIасруялъул лъабкъоабилел санал рукIа, росгун цадахъ МахIачхъалаялда цIалулел,гьениса лъугIигун ХIебда хIалтIулел санал. КъанагIатги къо унароан гьобол-гьудул нижехъ рещтIинчIеб.**



Муъминат Дибирова

БатIаго бигьалъиги букIинчIо цо рукъги гьитIинабго коридорги бугел нижее - студентазе гьалбал рачIиндал. Кин бугониги, жакъа дун чIухIун ва йохун йиго кигIан рес гьечIеб мехалъги гьалбадерие хъулухъ гьабизе щвеялдаса. Гьел рагIаби рукIана Муъминатица чанго нухалъ гара-чIвариялда рукIаго рехсолел. Дицаго хIисаб гьабуна гьоболасе хъулухъ гьабизе щвей гуребги,гьей йикIанин унтаразул адаб-хIурматги бугей, жиндаса унтаралги кидаго разиго рукIуней тохтур. Батизе бегьула пачалихъалъ кьун харжгун тараб мехалъ гьеб гьабизе тIадаб налъилъун гьелъ рикIкIунеб букIинги. Амма киналго гуроха тохтурзаби гьединал рукIунел.

**М**уъминат ккола Къелеб мухъалъул Сомодаса. Гьей ккола росулъа тIоцее тIадегIанаб лъай щварай тохтурги. Бигьаго букIинчIо гьелъул гIумрудул байбихьи. Ункъо сон барай яс йикIана гьей, 1949 соналъ эмен къадаралде щвараб мехалъ. Макьилъ гIадин цеве чIолаанин гьевин бицуна гьелъ. Ункъо яцалда гьоркьой гьей йикIана лъабабилей. Эмен Дибир вукIана коллективизация гьабиялъул цевехъан, хадув къадаралде щвезегIан хIалтIана росдал Советалъул председательлъунги. Гьев вукIун вуго рагIи билълъарав магIишатияв гIуцIарухъанги, кигIанго гьукъун бугониги, как-кIал толарев бусурбанчиги. ХъулухъалъулаБ ишалъ гIемер хьвадизе кколев вукIун вуго КъахIиве данделъабазде. ЗахIматго унтарав гьес абурабила, жинца гьал лъимал васигат гьарун Аллагьасде толел ругилан.

Росулъ байбихьул школа лъугIигун Муъминат, гьитIинай яц ЧамарсакIгун цадахъ цIализе ана КъахIиб бугеб ясазул школа-интернаталде. ЦIализе лъикIай йикIиналъ гьей йикIана ясазул советалъул председательлъун. Школалъул комсомол организациялъул цеехъан хIисабалда гьей йитIулей йикIана Артекалдеги. ЛъикIал къиматазда школа лъугIарай гьелъул анищ букIана тIадегIанаб лъай босизе шагьаралде ине. Амма киеха йиччалей эмен гурей, вац гурей гIолилай? Гьелъул цIалуде бугеб хIасрат бихьулеб букIана эбелалдаги. Кинго гьей къуркьичIеб мехалъ, гIагарлъиялъ хIукму гьабуна цин гьей росасе кьезе, гьеб мехалъ цIализеги йиччазе. Йосана гьей мединститутальде, хадусеб соналъ рос ХирамухIмадги лъугьана гьениве цIализе.

Бицине ккеларо тIаса камуларел гьалбали гьитIинаб лъимерги букIун бихьараб захIматалъул. Амма лъугIана лъикIал хIасилазда институт ва, гьеб лъугIигун, доб мехалъ вукIарав ректор М. Макъсудовас гьалда цебе суал лъола Россиялъул лъабго регионалдаса бокьараб тIаса бищеян. Амма кинха иней. Росни тезе бегьилаан, васги вукIана унтун больницаялда. Доб букIана Дагъистаналда ракь багъари ккараб сон. Гьеб сабаблъун республикаялда хутIулел 22 выпускниказда гьоркьой лъабабилей хьван ятана Муъминатги. ТIидиса ИбрагьимидасаГи дол соназ республикаялъул комсомолазул нухмалъулев ГIабдуразакъов МухIамадидасаги росулъе хIалтIизе ине кумек щола гьелъие.

ТIоцее хIалтIана терапевтлъун, хадуй окулистлъун. КватIичIого йитIана цIализе УЗИ-тохтурлъун. Муъминатица ракIалде щвезабуна: *«Дол соназ районалда вукIана 163 рагъул ветеран. Гьезул кидагосеб сахлъиялъул халгьабизе, гьезие хIажатал дараби щвезаризе дида тIадкъан букIана. Дараби хъварал гIечIого, гьел аптекаялдаса росун гьезухъе щвезаризеги дунго унаан. Гьез дир кIудияб къиматги гьабулаан».*

**Ц**охIо рагъул ветераназ гуребги, гьелъул къадру гьабулаан районцоязги. Гьелъул лъикIаб хасият букIана цохIо унтуда хурхарал гурелги, гIумруялъе хIажатал пайдаял малъахъваялги кьолеб. Медицинаялда аби буго унтарасулгун калам гьабун хадуб, гьесие бигьалъи лъугьинчIони, гьев чи тохтур гурилан. Цойгидаздехун бикьизе щвечIеб ургъел-къварилъи гьелде бикьулаан унтараз. ЦохIо тохтур гурейги, гьей йикIана районалъул гIумруялда гьорлъ жуярай гIадан - районалъул Руччабазул советалъул председатель, райсоветалъул депутат. КиналгIаги байрамазда ва цогидал данделъабазда кидагосеб гIахьаллъи букIунаан ва гьений кIалъазеги яхъунаан. Больницаялда хIалтIулаго кабинеталъул столалда цIорода гьоркьги лъун, гьеб хIалтIи тедал рокъоб гьабураб хIалтIул кабинеталдаги гьединго лъун цIунун буго гьелъ районалде Расул ХIамзатов вачIараб мехалъ гьесулгун бахъараб сурат. Гьелда хурхун Дибировалъ абуна жий йикIанин райбольницаялдаса Расул депутатлъун вищизе божилъи гьабурай гIадан. Ниж рукъалъ рукIана райкомалъул тIоцевесев секретарь М.ГьитIиновасул рукъалда мадугьалихъ. Гьесул чIужу ГIайшат ячIана Расул вачIун вугин (ЛъаратIаса гьоркьеян ккола), гьев унтуни вугин, жиндие урба кьеян абулеб бугин. Урбаги босун йилълъана дое. Жиндие дараби хIажат гьечIин, жиндие урба кьеян вугоан Расул. Гьебго къоялъ данделъиялдаса хадуб дие рес щвана Расулил кучIдул магнитофоналда хъвазеги.

Муъминатил къадру-къиматалъул бицуна гьелъул сурат ХIурматалъул хъоршода кидаго букIиналъги. Гьей ккола СССРалъул сахлъи цIуниялъул отличник, ДРялъул мустахIикъай тохтур. Гьелъие щун букIана ЦК ВЛКСМалъул тIадегIанаб шапакъат. Чанго нухалъ гьелъ гIахьаллъи гьабуна Дагъистаналъул руччабазул съездазда. Гьелъул хIалтIи лъаялъул бицуна окулистлъун хIалтIулаго гьелъ республикаялъул больницабазде ритIизе ккарал унтаразул диагноз гъозги хисизабичIолъиялъ.

**ХI**алтIул махшел борхизабизе гьей цIалана Ставрополалда, Пензаялда, Астраханалда. ГIумруялъул рарал соназ 1973 соналдаса нахъе 63 соналъ медицинаялъул халгIат тIаса бахъичIо гьелъ, гьездаса 50 соналъ хIалтIана окулистлъун. Рарал санали рорцун, кигIан хIалтIи гIайиб гьечIого бажарулеб букIаниги, гьей нахъе ана хIалтIудаса. Нахъе аниги, гьелда ракIалде ккана чIаго йигогIан мехалъ щай дица хIажатазе кумек гьабизе бегьуларебилан. Жиндирго рокъоб гьелъ гIуцIана кабинет. Гьенир чIезаруна унтарал къабул гьаризе шартIалги. БукIаян абе чIобого гьабулеб кумек - ахираталда пайдаялъе батизеян. Мех цIехечIого, бокьараб ригьалъ рачIаниги, гьей хIадур йиго берал унтаразе кумек гьабизе. Рехсезин гьелъ абухъе ахиралда гьелъул кумек щваралги. Закаталаялдаса рачIун рукIана рос-лъади. Заман ингун ахIун бачIана баркала загьир гьабун. ЛъаратIе нух бахъулеб бакIалда хIалтIулев вачIана бадиб маххул гьитIинаб кесекги къан. Бахъана гьебги, эхеве витIизеги ккечIо. Цо къородисевги вачIана кьвагьулеб жоялъ берги лъукъун. СагIатгун бащдалъ хьишардана дун ракьудаса ва цойги чороклъиялдаса бер бацIцIад гьабулаго. Гьединал мисалал гIемерал рукIуна. Щиб ккезе лъалареб гьаб заманаялъ бегьараб кумек гьабиялдаса тIадегIанаб щибха букIинебилан абула гьелъ. Муъминатил буго жийго гIадин гIадамазе пайдаял хьизан-рукъги. Рос ХирамухIамад пенсиялде инегIан хIалтIана ХIебда ва Хунзахъ баклабораториязда. Вас МахIачица гIемерал соназ нухмалъи гьабуна районалъул Санэпидстанциялъе. Гьанже хIалтIулев вуго Пятигорскиялда гуренжазул кумекалдалъун унтаби сах гьарулаго. Яс Алжанатица босана эбелалъул махщел. Гьей беразул тохтурлъун хIалтIулей йиго Астраханалда.

Муъминат гIадал росдаеги, районалъеги ва гьеб тун къватIирги гIадамазе пайдаял хьизан-лъимал рукIин унго-унгояб талихI гьечIищха.

Муъминатил къадру-къиматалъул бицуна гьелъул сурат ХIурматалъул хъоршода кидаго букIиналъги. Гьей ккола СССРалъул сахлъи цIуниялъул отличник, ДРялъул мустахIикъай тохтур. Гьелъие щун букIана ЦК ВЛКСМалъул тIадегIанаб шапакъат. Чанго нухалъ гьелъ гIахьаллъи гьабуна Дагъистаналъул руччабазул съездазда.



***С. ГЬИТIИНАМУХIАМАДОВ***

**Дагъистаналдаго гIадин Россиялдаги, гьединго дунялалъул гIемерал улкабаздаги кIодо гьабуна кIудияв шагIир, гIакъилав инсан Расул ХIамзатов гьавуралдаса 100 сон тIубаялъулаб юбилей. Гьелда хурхарал тадбирал тIоритIана киса-кирего. Халкъияв шагIирасул рукIана гIемерал гьудулзабиги гьесул асаразе бетIер къулулел гIезегIан цIалдолелги. Гьединазул цояв вукIана ЧIарада районалъул Кьорощ росулъа филологиял гIелмабазул доктор, профессор, академик, поэт, Дагъистаналъул пачалихъияб медицинаялъул университеталъул къватIисел улкабазул мацIазул кафедраялъул заведующий МахIач МухIамадхановги. Гьев хIалтIана учительлъун, ВЛКСМалъул ЧIарада райкомалъул тIоцевесев секретарьлъун, ДРялда рукIарал советиял аскаразул группаялда таржамачилъун, гIумруялъул ахирисеб къоялде щвезегIан - ДГМУялъул кафедраялъул нухмалъулевлъун. Аллагьасул къадаралде щвана кIиго соналъ цеве.**

**38 соналъ, Расул ХIамзатовасулги МахIач МухIамадхановасулги букIана щулияб гьудуллъи, вацлъиялъулал гьоркьорлъаби. Гьел гIемер дандчIвалаан, бицунаан цIиял асаразул. Расулица МахIачида абулаан: «Гьав магIарулазул немцав вугилан».**

**Жакъа гьаниб кьолеб буго М. МухIамадхановас, Расул ХIамзатовас 80 сон тIубаялъул юбилеялде, хъван букIараб ракIалдещвей.**

# КIудияв шагIир – гIакъилав инсан



**Р. ХIамзатов ва М. МухIамадханов**

Гьаб лъугьа-бахъин ккана 1965 соналда, дун ВЛКСМалъул ЧIарада райкомалъул тIоцевесев секретарьлъун хIалтIулеб мехалда.

МахIачхъалаялда нижер районалъ кьезе кколаан художествияб хIаракатчилъиялъул хIисабкьеялъул концерт ва гьелде ниж хIадурлъулелги рукIана. Концерталъул программа бачине тIадкъана дида. Дагъистаналъул пачалихъияб филармониялъул зал концерталъухъ балагьизе рачIараз занкIун цIун букIана. Гьенир рукIана Дагъистаналъул гIемерал нухмалъулелги, гьездаго гьоркьор партиялъул обкомалъул тIоцевесев секретарь ГI. Даниялов, Дагъистаналъул халкъияв поэт, Ленинилаб премиялъул лауреат Расул ХIамзатов ва цогидалги.

Кинабго лъикI унеб букIана. Концерталъул бакьулъ гIадин дица цIализе байбихьана Р. ХIамзатовасул «Авар мацI» абураб кечI:

**…Лъаларо, МухIамад, цогиязул иш,**
**Амма дица дирго рахъалъ абила:**
**Метер магIарул мацI хвезе батани,**
**Хваги дун жакъаго жаниб ракI кьвагьун.**

**Дун кIудияв пикру гьитIин гьабизе**
**ГьитIинаб рукIнисан кIалъалев гуро,**
**Ва пачалихъазул Ассамблеязда**
**Авар мацIалъе бакI гьарулев гуро...**

Доб заманалда гьеб букIана цIияб асар ва залалда гIодор чIараз гьеб цIакъго лъикI къабулги гьабуна. Расул тIаде вахъине ккана, гIадамаз халат бахъун хъат чIвалеб букIиналъ. Цевеги вачIун дица программаялъул иргадулаб номер гIурус мацIалда абидал, залалъ тIалаб гьабуна программа магIарул мацIалда бачине. Дица гьеб гьалатI битIизабизе ккана.

Концерталдаса хадув Расул сценаялде тIаде вачIана, концерталъухъ баркала кьуна, дидаги абуна метер жиндихъе вачIаян. Гьеб кьоялдаса нахъе байбихьана нижер дандчIваял ва щулияб гьудуллъи. Гьеб гьоркьоса къотIичIо къадруяв магIарулав, гIакъилав инсан, кIудияв рагIул устар ахираталъул рокъове инегIан. КIикъогогIан соналъ нижер рукIана ракIалдаса унарел дандчIваял.

Концерталдаса хадув Расул сценаялде тIаде вачIана, концерталъухъ баркала кьуна, дидаги абуна метер жиндихъе вачIаян. Гьеб кьоялдаса нахъе байбихьана нижер дандчIваял ва щулияб гьудуллъи. Гьеб гьоркьоса къотIичIо къадруяв магIарулав, гIакъилав инсан, кIудияв рагIул устар ахираталъул рокъове инегIан. КIикъогогIан соналъ нижер рукIана ракIалдаса унарел дандчIваял.

Гьез дие кIудияб асарги гьабуна, хIалтIуе шавкъги къуватги кьуна. Расул тамашалъулаан гьесул гIемерисел кучIдул дица рекIехъе цIалидал, гьоркьо-гьоркьоб, пандурги хъван, гьел ахIидал.

ШагIирасул юбилеялде – гьес 80 сон тIубаялде – Дагъистаналъул ГIелмияб централъул МацIазул, адабияталъул ва искусствоялъул институталда къватIибе биччазе дица хIадур гьабуна Расул ХIамзатовасул шигIрияб мацIалъул кьучIал рагIаби дандрекъеялъул словарь. Гьеб буго бусинабураб авар-гIурус словарь. Гьенире гьоркьоре уна, Р. ХIамзатовасул тIаса рищарал асаразул 10 томалдаса росарал, гIатIидго хIалтIизарулел ва пайда босулел кьучIал дандрекъарал рагIаби, гьединго абиял, кицаби ва гь.ц.

Расулил юбилей кIодо гьабизе киналго хIадурлъулеб заманалда, дир карандаги кквалкквадана шигIрияб калам, кагътиде босеян зигардана гьеб. Гьале гьеб кечI.

**Гьале дир рукъалъул къадада сурат.**
**Кьойил Расулгун дун гIагар гьавулеб.**
**Гьесул асаразул даимав асир -**
**Дир пикрабазда гьез куркьбал рижула.**

**Каранда цIа бугел васазул цIарал**
**ЦIаличIищ, Дагъистан, дуниялалъго,**
**Гьезда гьоркьоб бищун гвангъун бихьула**
**Генув гIурав шайих Шамилил сипат.**

**Цинги къоабилелъ къадарги батун,**
**Къалъана цоги цIва Дагъистаналда.**
**Гьаб мугIрузул улка кIодо гьабизе**
**КIудияв вакиллъун вачIана Расул.**

**Россиялъул гучаб ярагъ-къуваталъ**
**Къуркьизе гьабичIо дир гьитIинаб халкъ,**
**Амма шагIирасул шигIру-каламалъ**
**Кодобе босана тIолго дуниял.**

**ТIалъуда цIар арав инсул ирсилав,**
**Гьесдаги къалмил мацI цудунго лъана.**
**Цинги гIаламалда цере гьурщана**
**Щобал хIайранлъарал гьал къасидатал.**

**«ХIасратаб рокьиги, боркьараб ццимги»**
**БукIана гьалдолеб гьинал рекIеда.**
**РекIкIав тушманасде данде хвалченлъун**
**Чармил къвакIи бугеб къалам борхана.**

**«Бищун тIадегIанал гIагарал цIваби**
**ГIадамазухъе щвей буго дир мурад».**
**МукIураб халкъалъул гьелъие жаваб -**
**Жиндирго рокьиги рекIел хинлъиги.**

**РекIелъ эркенлъигун чIухIи бекьула**
**ХIурупал меседил дур асараца.**
**АхIулел руго гьез ВатIан бокьизе,**
**Ва гIадамазулгун гIалам берцин гьабизе.**

**«Гьадил бусен» гIадаб инсул рокъоса**
**Роржарал цIумазул цIар бугеб тIавап.**
**Ахилчи, МухIамад – рагъул бахIарзал**
**Расулгин ХIажияв – гIакълудул ралъад.**

**Дур ункъого сонил борхалъи баркун**
**Борхула дица лълъар, хирияв Расул.**
**Хвел гьечIел асарал ирсалъе тарав,**
**Таги мун нижее жеги гIасруялъ!**

Жиндирго юбилей гьабун кIиго моцI тIубалалде Расул ХIамзатов накълулъана. Дир гIумруялъуль бищунго пашманаб ва къваридаб кьолъун букIанин абизе бегьула 2003 соналъул 4 ноябрь. Аза-азар дагъистаниязго гIадин, дицаги гьеб кьоялъ кьо-лъикI гьабуна тIадвуссунареб сапаралъ унев шагIирасулгун. Дие гьеб букIана кIудияв вац, эмен камурав гIадаб рухIел, къварилъи. ГIодулеб дирго рекIел бухIиги хIехьон хъван букIана гьадинаб магIуги:

**Бортана цоги цIва Дагъистаналъул,**
**Дунял хIайранлъарав шагIир камидал.**
**Вас ватIалъун тарай эбел кинигин,**
**Тана Расулица бесдал Дагъистан.**

**Ункъого соналъул борхалъиялда**
**Борхун байрахъги чIван, ана цевехъан.**
**«ХъахIал къункърабазул» читIиралда гьорлъ**
**Тараб бутIа кквезе гIедегIана гьев.**

**Хирияв мугIрузул васазул гъуждуз**
**БаччичIо гьадинаб захIматаб мали,**
**Гьайбатаб Россия асирги гьабун,**
**Гьава къотIун щвана даимаб рокъой.**

**Дуца рокьи кьурай, сарин ахIарай,**
**ХIеренай ПатIимат балагьун йиго.**
**Гьабугьин ракьалда бикьараб ургъел,**
**Бикьизе абадалъ ахиратaлда.**

# Миллияб хаслъиялъул хъаравуллъуда

**ЗахIматаб нух нахъа тана, диниялги, рукIа-рахъиналъулги, магIишатиялги квекIеназ квалквал гьабуниги, цебетIолеб букIараб Дагъистаналъул лъай кьеялъ, хасго школалъ. БатIи-батIиял мацIазда кIалъалел халкъал ругеб Дагъистаналъе цIалул тIахьалги дарсал кьолел учительзабиги хIадури бигьаяб масъала букIинчIо. Амма араб гIасруялъул 20-30-абилел соназда гIолохъанаб советияб пачалихъалъ тIамураб гали битIараб нухде ккана ва гьелъул хIаракаталъул хIасилги лъикIаб ккана.**

Лъималазе лъай кьеялъул кIудияб кIварги бичIчIун, улкаялъе захIматаб заманалда, КIудияб ВатIанияб рагъул соназда, СССРалъул хIукуматалъ гьабуна Дагъистаналъул халкъазе кутакалда пайдаяб хIукму. 1943 соналъул декабралда, РСФСРалъул Совнаркомалъул хIукмуялдалъун, Дагъистаналда рагьана Школалъул институт. Гьеб букIана, рагъул захIматаб заман бугониги, гIемермиллатазулаб Дагъистаналъул лъай кьеялъул улкаялъул хIукуматалъ тIалаб гьабиялъул гIаламат.

Школалъул институталда гьарулаан рахьдал мацIазулгун адабиятазул, гIурус мацIалъул ва адабияталъул, тарихалъул, географиялъул, тIабигIат лъаялъул, математикаялъул, физикаялъул ва къватIисел улкаялъул мацIазул гIелмиял цIех-рехал. Гьенибго хIадурулаан цIалул тIахьалги рехсарал дарсал кьеялъе учителасе кумекалъе методикиял малъа-хъваялги. Хасаб кIвар буссинабулаан мацIал гIемераб республикаялъул хаслъи цIуниялде. Рахьдал мацI – гьеб буго халкъалъул маданияталъул бутIа, щибаб миллаталъул тарихияб нахърател жиндилъ бессараб хазина. Рахьдал мацI лъазе ккола щивав чиясда ва щивас гьеб цIунизеги ккола. Дагъистаналда гIумру гьабулеб буго нусгоялдаса цIикIкIун миллаталъ. Щибалъул буго жиндиего хасиятаб мацIги, маданиятги, бечедаб тарихги. Ва 80 соналъ институталъул гIалимзабигун методистал хIалтIулел руго Дагъистаналъул школазул цIалдохъабазе тарбиягун лъай кьеялъул методикабиги, цIалул тIахьалги, словаралги, берзулгун гIинзул алаталги хIадуриялда тIад.

## Педагогал-гIуцIарухъаби

Институталъе кьучI лъуна машгьурал гIалимзабазги лъай кьеялъул гIуцIарухъабазги. Гьезда гьоркьор рехсезе мустахIикъал руго Х.М. ФатагIалиев, Р.М. МухIамадов, С.М. ГIумаров, М.М. Мажидов ва цогидалги. Институталъул тIоцевесев директорлъун вукIана республикаялда цIар арав педагог, филологиял гIелмабазул кандидат, доцент С. М. ГIумаров. Гьесдаса хадуб гIемерал соназ Институталъе нухмалъи гьабуна ДАССРалъул школалъул мустахIикъав учитель ГIабдурахIим Сагидовас ва педагогиял гIелмабазул доктор, профессор ХIамидуллагь МухIамадовас.

БатIи-батIиял соназда Институталда хIалтIана машгьурал педагогал: П.В. Виноградова, В.М. Криштопа, Ш.Д. ХIасбулатов, З.М. Къурбанов, М.П. Кропотов, З.З. Бамматов, Н.А. АхIмадов, А.Х. Махарадзе, Н.Я. Судакова, А.Ш. ГIалиев, М.Р. Ражабов, ХI.Ю. Муркелинский, А.А. Моллаев, З.А. Клищенко, Б.Г. ХанмухIамадов, Р.Ю. Юсупов, М.М. ЦIурмилов, Д.М. Даудов, Х.Д. Даибов, И.И. Ханбалаев, К.К. Къурбанов ва гь.ц.

Школалъул институталъул кьучIалда гIуцIана Школалъул гIелмиял цIех-рехазул институт (ДНИИШ). Гьебмехалда хIадурана институталъул хIакъалъулъ положение ва гьелда хъвана Институталда церечIарал аслиял масъалабиги. Жакъаги Институталъул хIалтIухъабаз тIуразарулел руго гьелги ва хисардулеб заманалъгун лъай кьеялда гьарулел ругел реформабаз тIалаб гьарулел цIи-цIиял масъалабиги.

1969 соналда ДАССРалъул Министрзабазул советалъ гьабураб хIукмуялда рекъон, ДНИИШалъе кьуна 1922-1929 соназда Дагъистаналъул лъай кьеялъул халкъияв комиссарлъун вукIарав республикаялъул лъай кьеялъул гIуцIарухъан ГIалибег Тахо-Годил цIар.




## ЦIиял секторал рагьана

Институталда цере лъолел рукIана цIиял масъалаби. ГIурус мацIалъул секторалъул хIалтIухъабаз хIадурулаан Дагъистаналъул миллиял школазе байбихьулги чIахIиялги классазда гIурус мацI малъиялъул хаслъи хIисабалде босарал ва гIелмияб кьучIалда гIуцIарал методикиял малъа-хъваял. Рагьана рахьдал мацIазулги адабияталъулги секторал. Гьелдалъун рес щвана республикаялъул школазда малъулел мацIазулгун адабияталъул ва гIурус мацIалда Дагъистан адабият малъиялъул методика камил гьабизе. Этнопедагогикаялъул сектор рагьиялдалъун байбихьана школазда «Дагъистаналъул халкъазул маданият ва гIадатал» абураб дарс кьезе. Гьелъие хIажатаб цIалулгун методикиял алатал хIадурана Институталъул гIалимзабаз. Байбихьул ва школалда цебесеб лъай кьеялда гьоркьоб бухьен гIуцIиялъеги цогояб лъай кьей гIуцIиялъеги квербакъана школалда цебесеб лъай кьеялъул сектор рагьиялъ.

Гьел соназда гIемераб хIалтIи гьабуна хъвай-хъвагIай гьечIел рахьдал мацIазул цIех-рех гьабиялъул рахъалъ. Институталъул хIалтIухъабаз хIадурана агул, рутул ва цIахур мацIазул хъвай-хъвагIайги цIиял федералиял стандартазде рекъонккolel байбихьул классазул цIалул программабигун тIахьалги.

Институталъул хаслъилъун кидаго букIана гIумруялъулгун, лъай кьеялъул идарабазулгун щулияб бухьен чIезаби ва церетIурал педагогазулги школазулги хIалтIул пайдаяб хIалбихьиялъул, гьеб тIибитIизабиялъул мурадалда, цIех-рех гьаби, гьединго эксперименталияб хIалтIи гIуцIи. Гьеб пайдаяб хIаракаталъулъ Институталъ кидаго гIахьал гьарула вузазул преподавателалги, гIалимзабиги, хIалбихьи цIикIкIарал школазул учительзабиги.

## ДНИИП рагьи

1991 соналда Дагъистаналъул школалъул гIелмияб цIех-рехалъул институталъул бакIалда гIуцIана ГI. Тахо-Годил цIаралда бугеб Дагъистаналъул педагогикаялъул гIелмиял цIех-рехазул институт (ДНИИП). Гьеб букIана улкаялъул жамгIиябгун политикияб гIуцIиялда хиса-басиял ккараб заман. Гьезул хIасилалда мугIрузул росабалъа дагъистаниял гочана гIатIиракьалде. Гьедин лъарагIлъиялда бижана 150-гIанасеб цIияб росу. Хисана рахьдал мацIалъул ахIвал-хIалги – гIун бачIана умумузул кьалбаздаса батIалъараб ва рахьдал мацI лъазего лъалареб гIел. Рахьдал мацI лъалареб гIелалъ тIубанго инкар гьабизе байбихьана гьелдаса. Гьелда бан «мацIалъул нигилизмалъул» заманалда, ай 90-абилел соназда, Институталъ кIвар буссинабуна лъай кьей цIигьабиялде, гIурус мацIалъулги миллиябгун маданиябги бутIаялда гъорлъе унел дарсазулги цIалулгун методикияб база гIуцIиялде. Гьебги гIуцIана лъималазул ахазегун школазе.

Школалъул гIелмияб цIех-рех гьабиялъул къанагIатаб институт Дагъистаналда букIиналъ квербакъана гIолеб гIелалъе лъайгун тарбия кьеялъул аслиял масъалаби гъорлъе рачарал методикаби хIадуризеги, гIелмиябгун методикияб хIалтIи тартибалде бачиналъеги, Дагъистаналъул халкъазул 14 мацIалда рахъарал цIалул тIахьаздалъун ва программабаздалъун республикаялъул школал хьезаризеги. Гьеб захIматаб, амма пайдаяб хIалтIуе тIадегIанаб къиматги кьуна: рахьдал мацIазда рахъарал цIалулгун методикиял комплектал мустахIикълъана СССРалъул ВДНХялъул гIарцул медалалъе. Гьел хIадурарал авторазе кьуна къиматал цIаралги: К.Р. Рагьимовасе – «РФялъул школалъул мустахIикъав учитель», В.Н. Жанаевалъе – «ДРялъул школалъул мустахIикъав учитель», А.Р. Рамалдановасе ва Д.М. Хангишиевасе – «Халкъияб лъай кьеялъул отличник».

## Шапакъаталги щвана

2004 соналда Педагогикаялъул институталъе кьуна Дагъистан Республикаялъул Пачалихъияб Советалъул ХIурматалъул грамота. Гьебго соналда «Национально-региональный компонент – в системе образования Республики Дагестан» абураб монографиялъухъ (авторал: институталъул директор ХIамидуллагь МухIамадовасе ва гьесул заместитель, педагогиял гIелмабазул доктор, профессор Меседу Шурпаевалъе) кьуна ДРялъул Пачалихъияб премияги.

Ахирал соназда Институталъ аслияб школалъе хIадурана рахьдал мацIазулги литературияб цIалиялъулги 80 гIанасеб цIалул пособие (магIарул мацIалъул пособиязул авторал ккола ХIайбула Вакилов ва Разият Ражабова). Дагъистаналъул школазе щвана Институталъул гIалимзабаз хIадурарал методикиял пособиял, тестал, хIалтIул программаби, берзулгун дидактикиял алатал. Гьел хIадурана школалда цебесеб лъай кьеялъул идарабазда ва байбихьул школазда тарбияги Дагъистаналъул тарихалъулгун маданияталъул дарсалги кьолел педагогазе кумекалъе.

Исана тIолабго улкаялда ва улка тун къватIибехун кIодо гьабулеб буго Расул ХIамзатовасул 100-сонилаб байрам. Гьелда бан Институталъги тIобитIана «Национальная литература как составная часть мирового литературного процесса» абураб халкъазда гьоркьосеб гIелмиябгун практикияб конференция. Миясат Муслимовалъ хIадурана ва школазе кумекалъе басмаялде бахъана «Дир ракI мугIрузда буго» абураб Расул ХIамзатовасул асаразул тIехьги Ш.А. Мирзоевасги, Э.А. ГIабдулатIиповалъги, Н.З. Мунгиевалъги хIадурараб «Духовно-нравственное воспитание учащихся на этнокультурном потенциале произведений Расула Гамзатова» абураб пособиеги. М. Муслимовалъул гIахьаллъигун тIоцебесеб классалъе хIадурана ва школазда хIалтIизабулеб буго «Мой Дагестан – край, в котором я живу» абураб цIалул тIехьги «Мой Дагестан: знаю, умею, учусь» абураб хIалтIул тетрадьги.

БатIи-батIиял проектазухъ пачалихъиял грантазе мустахIикълъана Институталъул гIалимзаби-методистал: М. Шурпаева (2018 с.), М. Байрамбеков, У. ИсмагIилова (2018 с.), Ш. А. Мирзоев (2022 с.). 2017 соналда федералияб грант щвана гIурус мацIалъул ва адабияталъул секторалъеги.

ГIемерал соназ Институталда хIалтIиялъухъ ва пайдаяб гIелмиябгун педагогияб хIаракаталъухъ 2023 соналда къадруял цIарал кьуна: Низам СапаргIалиевасе, ХIайбула Вакиловасе, Къурбан Акимовасе - «ДРялъул гIелмуялъул мустахIикъав хIаракатчи»; Пирузат Магьдиевалъе - «ДРялъул лъай кьеялъул мустахIикъай хIалтIухъан».

***Альбина АРУХОВА,***
***ГI. Тахо-Годил цIаралда бугеб ДНИИПалъул директор***

# Дир пикрабазул хан – хирияв эмен

**ЦIияб цIалул соналда лъазабун букIана «Дир пикрабазул хан – хирияв эмен» абураб Инсул къоялде сайгъат гьабураб конкурс. Санайил тIобитIулеб гьеб конкурсалде ритIизе кколаан инсул хIакъалъулъ лъималазги чIахIиязги хъварал сочинениял, кучIдул, очеркал, кагътал. Эркенаб къагIидаялда гьез бицине кколаан инсуде бугеб рокьул хIакъалъулъ. Нилъер щивасул къисматалда хасаб бакI ккола инсуца. Эбелалъ гIадин, рагьун, роцIун лъималазде бугеб рокьи загьир гьабичIониги, гьев кидаго вукIуна хъизамалъулги лъималазулги ургъалида. Гьесги эбелалдаго цадахъ раччизе ккола талихIалде унеб нухда ратулел ва дандчIвалел захIмалъаби. Хъизамалъул гъасда цIа бакулевги гьев, бакараб цIа цIунулевги гьев. Эбелалъул недегьлъи-хIеренлъиялда цадахъ лъималазул талихIалда накъищал рикIула инсул согIаб, кьвари-къвакIиялъ лъадарараб тарбиялъ.**

**Эмен. Гьеб ункъо хIарпалъулъ бугебщинаб хинлъи. Нилъер мугъ чIвалеб кьурулъунги ккола гьев. Конкурсалде рачIарал хIалтIаби цIалараб мехалдаги, гьездаса бецIцIулеб батанщинаб гьуинлъи.**

**Нилъ ругьунлъун руго эмен тIаде вачIарав гьобол гIадав чи кколин абураб абиялде. Амма гьев чIаго вугеб мехалда, букIунеб рахIатги чIухIиги сун уна гьесдаго цадахъ.**

**Гьедин букIуна чIахIиязул. Гьелъул гIаксалда, инсуца бакараб бакъул чIораз къвалги бан лъималазул асараз асар гьаричIелги хутIуларо.**

**Эбелалъ гъасда бакараб цIа цIунизелъун эмен барахщуларо бихьулеб къоялдаги. Гьес лъималазе сайгъат гьабула маргьабазулаб гIумру.**



**Шумайсат ва Аминат НурмухIамадовал**

Санал анагIан, эбелалъул хIеренлъиялдаги рокьиялдаги цадахъ нилъеца рехсола инсудаса щварал гIумруялъул гIакъилал дарсал. Эбелалъул сипаталдаго цадахъ нилъее гьимула гIажаибаб дангъваялъ берцинлъараб гьесулги сипат. Гьесул сураталде тIадеги къулун, чанги магIуги тIола нилъеца. Инсуца ракьалда нилъее тараб рокьул куркьбаздаги рекIун, чанги тIадруссуна гьес гъасда бакун тараб доб хIикматаб цIадухъе. Гьениб жеги батулеб хинлъиялде нилъеца бикьулебщинаб ургъелги.

Гьединал пикрабаз цIарал харбалги цIалана дица. Гьедин хъвалеб буго гьоркьохъеб гIелалъ.

Дие гьанибго рехсезе бокьун буго цо гьитIинабго мисалги. ЦIияб цIалул соналъул байбихьиги бугин, учительзабиги лъималги пикрабалъ жеги хIалхьиялдагоги ратилин, лъазабиларин тун букIана конкурс. Амма цо къоялъ дица цIалана ХIамзатил Расулил яс СалихIатица инсул хIакъалъулъ хъварал ракIалдещвеял. Гьел цIалун рахъинегIанги, гьелдаса хадуб гIурус мацIалдаса магIарул мацIалде гьел руссинарун рахъинегIанги, багъаричIо дида аскIоса рохелги пашманлъиги жубараб магIу. КIудияв шагIирасул сураталда хьолбохъ рещтIана дирго инсул суратги. Цинги - ракIалдещвеял…

Ва лъазабуна конкурс - инсул хIакъалъулъ пикрабазе сайгъат гьарурал хIалтIабаз цIидасанги йосун лъуна гIолохъанлъиялъул гIорхъода.

ХIалтIаби ритIун рачIана лъималазги чIахIиязги. ЧIахIиязул пикрабаз пашман гьаюниги, лъималазул хIалтIабаз рекIелъ рохелги бачIана. Гьекъон къеч хьвалареб лъимерлъиялъул иццухъ хIохьбазе гIодой чIедал, цебе бачIунеб букIана инсул цоги сипат.

Дадал ясалъейиланги абун, гьес ретIулел рукIарал гIидраялдаса тIугьдузул махIгицин чIвалеб бугин кколеб букIана.

Гьеле гьединаб гьайбатаб дунялалде ячана лъималазул асараз.

Унго-унгоги, нилъеда гьоркьов цониги ватиларо эбелалде цо куплетгIаги кочIол гьабичIев чиги – берцинай, хIеренай, хIасратай, гьайбатай, йокьулей… Дунялалда ругелщинал берцинал рагIабиги сайгъат гьарула нилъеца гьелъие. БитIунха ургъун бугеб Инсул къоги. Гьел къоял гьечIониги, кьойил рокьула нилъее умумул, кьойил рагIула нилъеда гьезул гIумруялъул дарсалги. Бугониги, гьезие сайгъат гьарурал байрамазулъги батула нилъеда хасаб рохел.

Эбелалъул гьел киналго гIамалазда инсул гIамалазги толелщинал лъалкIал. Гьез гурищ гъалай биччалеб нилъер къисматалде. Гьеле гьединаб буго инсул рокьи.

Гьаруна конкурсалъул хIасилал. ЧIахIиязда гьоркьоб тIоцебесеб бакIалъе ПОЭЗИЯ номинациялда мустахIикълъана МахIачхъалаялъул № 8 лицеялъул авар мацIалъул учитель **Хатимат Мирзоева.** Гьей ккола газеталъул божарай гьудулги. Чан конкурс нижеца тIобитIаниги, гьениб жигараб гIахьаллъи гьабула гьелъги гьелъул цIалдохъабазги.

КIиабилеб бакIалде ячIана Хунзахъ №2 гьоркьохъеб школалъул авар ва гIурус мацIазул учитель **Нуцалай ТIалхIатова.**

Редакциялъул хIалтIухъан кколев вукIаниги, учитель хIисабалда, Манапов МухIамадиеги рес кьун букIана гьенив гIахьаллъизе. Гьесул хIалтIиги рикIкIана бищунго лъикIазул цоялда гьоркьоб ва жюриялъул киналго членазул разилъиялда гьесиеги кьуна тIоцебесеб бакI ПРОЗА номинациялда.

РАКIАЛДЕЩВЕЯЛ номинациялда бергьарайлъун рикIкIана МахIачхъалаялъул №11 гимназиялъул авар мацIалъул ва адабияталъул учитель **Шамсигат Майндурова.**



**Хатимат Мирзоева ва цIалдохъан Насрудин ГIабдулмаликов**

РукIана цо-цо хIалтIаби, жюриялъ къабул гьаричIелги - интернеталдаса росарал яги тIаса-масаго хъварал.

Гьединал хIалтIаби ратана цо-цо лъималазулги. Бугониги, ракIалде ккана гьезиеги баркалаялъул кагъталги кьезе. Кин бугониги, кьваригIуна лъималазе учителасул кумек. Гьес мальараб гьабичIого цIалдохъанас толаро. Учительзабаздаги бигьаяблъун бихьун буго, ургъулел рукIинегIан, интернеталдаса босун хъвазе лъимал тIами.

Конкурсалда кидаго гIахьаллъула Хунзахъ районалъул ТIанусиб гьоркьохъеб школалдаса яцал **Шумайсат ва Аминат НурмухIамадовал, МахIачхъалаялъул №11 гимназиялъул ва №8 лицеялъул цIалдохъаби.** Гьезда гьоркьор рикьана призалъулал бакIалги.

МухIамад Манаповасул тIубараб классалъго гьабунин гIахьаллъийилан абуниги, мекъи букIинаро. ГIадатияб гуреб къагIидаялъха – щивав цIалдохъанас инсул хIакъалъулъ щу-щу предложениеги хъван, бачIараб хIалтIиялъ лъикIаб асар гьабуна нижее.

Бокьун буго кIудияб баркала загьир гьабизе конкурсалда гIахьаллъаралщиназе. РакIчIола нужеца нижергун бугеб гьудуллъи дагьабги щула гьабилилан.

*Шамай ХЪАЗАНБИЕВА*

Эбелалъул сипаталдаго цадахъ нилъее гьимула гIажаибаб дангъваялъ берцинлъараб гьесулги сипат. Гьесул сураталде тIадеги къулун, чанги магIуги тIола нилъеца. Инсуца ракьалда нилъее тараб рокьул куркьбаздаги рекIун, чанги тIадруссуна гьес гъасда бакун тараб доб хIикматаб цIадухъе. Гьениб жеги батулеб хинлъиялде нилъеца бикьулебщинаб ургъелги.



**МухIамад Манапов цIалдохъабигун**

# Эркенго кидаго таги Дагъистан

**Муса ГІумаров ккола ЧІарада районалдаса. Республикаялда гьев лъала гІалимчи ва педагог хІисабалда гуревги, таржамачи, магІарул, гІурус ва ингилис мацІазда хъвалел сценариязул автор хІисабалдаги. Философиял гІелмабазул кандидат, Москваялъул культураялъул ва искусствоялъул университеталъул докторант, культурологиялъул, тарихалъул, политикаялъул хІакъалъулъ хъвараб 50- ялдасаги цІикІкІун макъалаялъул ва анкьго тІехьалъул автор.**

**Гъоркьехун кьолел руго магІарул мацІалда къватІибе биччазе хІадурараб «Дарвиш» абураб тІехьалдаса кучІул.**

***Шамай ХЪАЗАНБИЕВА***



## МугІрузул цІум

Хехаб гьури гІадаб къвекІаб зодил цІум,
Рогьалил зоб гІадин рагье Дагъистан!
Мун гІадин лъиего мутІигІлъичІого,
Эркенго кидаго таги Дагъистан!
МугІрузул цІум, рагье дуца Дагъистан,-
АхІулгохІ, ГІашилтІа, ЦІунтІа, ЦІумада,
ЦІумазул бусаби – Ругъжаб, Хьаргаби,
Гъуниб, Хунзахъ, Болъихъ, ГІахьвахъ, ЧІарада.
Дуца рагье, лачен, халича гІадин,
Самур-гІор, Шалбуздаг, Рубас ва Хучни.
НекІсияб гІарцуда накъиш кинниги,
Бихьизабе дуца Кумух, Кубачи,
МугІрузул цІум, рагье дуца Дагъистан,-
АхІулгохІ, ГІашилтІа, ЦІунтІа, ЦІумада,
ЦІумазул бусаби – Ругъжаб, Хьаргаби,
Гъуниб, Хунзахъ, Болъихъ, ГІахьвахъ, ЛъаратІа.
Наринхъалаялда тІад свери бахъун,
Дуца рагье, лачен, некІсияб Дербент,
Рагьараб тІехь гІадин-Салатавия
Ва Каспий, нилъер ракь берцин гьабулеб.
Хехаб гьури гІадаб къвекІаб зодил цІум,
Рогьалил зоб гІадин, рагье Дагъистан!
Мун гІадин лъиего мутІигІлъичІого,
Эркенго кидаго таги Дагъистан!

## Вилълъа дунгун цадахъ...
**(Маркъулов Ибрагьимиде)**

Вилълъа, вац Ибрагьим, тІаде магІарде,
ГІурда тІад тІегьалеб росу бихьизе.
Бертабиги кІочон, пашманлъи цІикІкІун,
ГІадлу хун рагІула гІагараб росулъ.
Нью-Йорк, Балтиморги тирана нусцІул, -
МугІрузул щобал тун, щай нилъей Бродвей?!
Амма нилъер мугІрул рихьараб мехалъ,
РекІел аваданлъи кІицІул цІикІкІуна.
Вилълъа дунгун цадахъ ГІириб росулъе
Росдал жамагІаттун гІакълу дандбазе,
Паргадан, цІиркъилал, щунилал, дервиш
Щибаб тухумалъул цІар-рес борцине.
Росдал Щулалъуда тІадеги рахун,
Щобазул «Дагъистан» цадахъ ахІизе.
Къарахъ рахъ - мухъалъул, РисгІор, щобазул,
Мукракь росабазул тарих гьикъизе.
Гьайдоингалдаса ворчІамиго лъикІ,
ЧІанда хабар росулъ гІемерлъаниги.
Цо букІуна рокьи рукьби риунеб,
Цо букІуна ВатІан - алжан кинниги.
Жакъа рикІкІад нужехъ урхъарав дица,
ГІодоб бетІер къулун, цоги гьарула:
ЛъикІабщинаб сверухъ, магІарухъ таги,
Квешабщинаб бецІаб гІуруца айги.

## Цебе рохь (Гьордилъ)

Ниж гьитІинаб мехалъ, расандулеб гохІ,
Гьале вахана дур борхалъиялде.
КІичІ-кІичІараб сухъмахъ лъугІула иццухъ,
Лабалаб гохІда нахъ – гІурччинаб майдан.
МахІ берцинал тІугьдуз, цІорораб лъеца
Мехтун гІадин вуго щобда чІарав дун.
Гьаниса бихьула зодил хъахІиллъи,
МугІрузул расалъи, гІагараб росу –
Балагьазул кьогІлъи, рокьул гьуинлъи
Лъимерлъигун цадахъ дида ратарал.
Росда цебе бугеб гІодоблъиялда –
ХъахІилаб гІурул мухъ, хъахІаб шагьранух -
ГІурччинаб суркІадул кІикьерал чІваби!
Кибго абадияб берцинлъи сверухъ,
Кибго абадияб гІатІилъи сверухъ,
Зобазде, мугІрузде, росуде урхъун,
Вуго гІумру кьокъав гІашикъав гьобол.

## Сапаразул гьурал

Боржун унеб машина –
Бадиб багъулеб гьури.
Гьале диеги щвана
Дунял квегъулеб заман.
Доб росдал щобазул цІум –
Бесдал хутІараб ятим –
Дун нухтІа регІизедай
ТІад свераби рахъулеб?!
Кьо-мех лъикІ, магІаруллъи,
ГІазизаб инсул ВатІан!
Рагьаги дийги дунял
Сапаразул гьураца!

## Хасалихълъи

Роржун унел руго гъутІбузул тІанхал,
ТІолеб буго тІанхаз меседил магІу,
Буго гьез щущалеб сверухъ берцинлъи,
Макьабаз бессараб халича гІадин.
Къо-мех лъикІан руго хьвагІелел гъутІби,
Гьенолел гъутІбузул тІамхазул рихьи,
ТІасан роржун унел хІанчІазул тІелал –
Хасалихълъиялъул тІокІаб берцинлъи.

## ГІириб-хІор

Росда цебе цІияб хІор-
Гвангъараб матІу гІадаб.
МатІуялда рихьула
ТІаде рачІунел накІкІал.

Цо лахІзаталъ гвангъана
Зобги хІорги, нур рехун,
Хадуб накІкІаз бахчана
ХъахІиллъигун берцинлъи.

Дол тІогьол байдабазда-
Рогьел ун, тІагІунеб щуб.
Гьединдай нилъер, гьудул,
Рокьиги паркъун инеб?!

## Рокьул хІинчІ

Гьале мугІрузул щобал
ГІазулъ рахчулел руго.
ГІурда букІараб хІинчІІлъун
Рокьи боржунеб буго.
Ихдал щолеб рокьул хІинчІ,
Щай мун дида бихьараб?
Хьулал къокъал ратана,
Берзул къапи кинигин.
Ханзабазе щолареб
ГІашикъас бараб хьала
Щущан ана циндаго
Мунгун ватІалъаравго.
Куркьби хехаб зодил хІинчІ
Чияр ахикь рештІана.
ЛъачІо мун щолареблъи,
Цо берчІвазе гурони.
Мунги дунги хисана
Хехал хиялаз хьихьун,
ХисичІого хутІана
Ралъдада тІад кьурул хьинс.
Гьоркьоб заман аниги,
КьогІлъи хутІун батана,
Гьуригун цадахъ щолеб
Ралъадалъул – рекІел щуб.
ТІегьалеб ихлъун щола
Цо нухалъ гІолохъанлъи
Биччанте, хІасрат лъайдал,
ХІинчІІлъун боржине рокьи.

## КІинусго чодулав

ВатІан цІунулел цІумал рагъде ахІулел рутин,
Щвана росулъе амру кІудияв имамасул.
КІинусго чи-чодулав къурбаналъе ахІарал
Унел руго мухъ гьабун, росдал каваби нахъ тун.
КІинусго рагъул чапар, гьезда гьоркьов вихьула
Нижер Лекъав, рагъул цІиркъ,
Шамилил байрахъулав.
КІинусго чодуласул гІедегІи бихьуларищ!
КІинусго чодуласул гьалагълъи бихьуларищ!
КІинусго хвалчадулав - чандай нахъе вуссина;
Чан лъимадул эбел къоролльуда хутІила?!
Унел руго, мухъ гьабун, ВатІаналъул рагъазде.
ГІириб росдал кІинусго эркенлъиялъул чапар.
Пирхулеб пири гІадав кІинусго магІарулав!
Гьури гІадин, цинтІаго,
щобал кьотІун, тІагІана...
ГІасрабазул тІахьазда цо гьитІинаб мухъ гІадин,
Нужер букІараб гІумру, гІелму вуго цІалулев.
Нужер нухазул бицун, лъалебдай нижеда нух.
Нужер нухазул бицун, щвеладай мурадалде?!
Амма рекІел пашманлъи
буго кьойил цІикІкІунеб:
Нужги ун, кибе араб мугІрузда букІараб нур?!
Учузаб хІалихьалъи бахІарчилъи бугилан,
Бицунел «гІалимзаби» гІемерлъана магІарухъ.
ХІалуцарал рагъазда къуркьичІел бахІарзаби...
Нуж кІочон, гІемерлъана
тІадмагІарухъ гьал лагъзал.
Балагьея, дир гьудул, кІочонге гьезул къисмат,
Гьез нахъ тарал каваби метер нилъей цІунизе!

## РитІучІазул (рилбучІ) ут

Рохьил жаниблъуда гІурччинаб майдан,
Тамало бижараб гьецІоги гьале.
Беролеб иццуда тІадеги къулун,
Къеч ва свак бахъулел дир васги дунги.
Как балаго, нодо битІулев гІадин,
«ХъахІилаб тІансаде» тІадеги къулун,
Вуго лъим гьекъолев дир гьитІинав вас, –
КигІан гьекъаниги, къеч буссунаро!
- Дада, - абуна гьес, къад кванан хадуб,
Иццухъа гьекъезе лъим босулаго, -
Киназго абула «РитІучІазул ут»,
Киреха арал дол нилъер ритІучІал,
Дол хехал ритІучІал - иццул лъар гІадин,
Араб бакІ лъачІого, гьури кинигин;
Рохьил сухъмахъалккун, иццухъе унел,
Киреха арал дол нилъер ритІучІал?!
- Чанго нусго соналъ цеве вукІарав
Дур инсул кІудияв инсул кІудада
ВукІарав анищ, дуй гьелъул бицине.
Иццул лъараладаги бокьани гьикъе, -
Жубана васасда цо дагьалъ лъалхъун,
ЦинтІаго пашманаб гьимигун дица.

## Дир рокьи

Абуге, абуге, дир берал берцин,
Дурги дирги рокьи балагь бугилан,
КІияцаго балагь бащад бикьани,
ТалихІ бикьулебги къо тІаде щвела.
Бицунге, бицунге, дир рекІел гьудул,
Дурги дирги рокьи макьу бугилан,
КІияцаго макьу бащад бикьани,
Кьерхараб кьингицин ихлъун тІегьала.
Дир рокьи, дир макьу, дир канлъи, дир нур,
Мун цее тІамуни, тІегьала дунял.
Дир тохтур, дир унти, дир загьру, балагь,
Мун цІадулъ йихьани, цІорон уна ракІ.
Хехлъуге кьотІизе, дир дару дарман,
Дурги дирги рокьи унти бугилан,
КІияцаго унти бащад бикьани,
Нусго сонил гІумру къисмат батила
Цоги лъугьунге мун, дун тохлъанин ккун,
ТІурачІел анишал нилъер рахчизе,
ЛъикІабги квешабги бащад бикьани,
ЦІадулъги гІазулъги тІегьала анищ.
Дир рокьи, дир макьу, дир канлъи, дир нур,
Мун цее тІамуни, тІегьала дунял.
Дир тохтур, дир унти, дир загьру, балагь,
Мун цІадулъ йихьани, цІорон уна ракІ.

## МАРГЪА

# Меседил торгIо

РукIанила, рукIинчIила, цо бечедал рос-лъади рукIанила. Гьезул рокъоб камураб жо букIинчIила. Бокьа-бокьараб кваназеги букIанила, кьер-кьераб ретIинеги букIанила. Жалго рос-лъадиги бахилаб сахлъиялъул завалалъул гIадамал рукIанила. ЦохIо талихIалда нух батичIила гьеб минаялда жанибе. Рехун тараб гьабихъ гIадаб сихIкъотIиялъ ханлъи гьабун букIанила гьениб.

Гьезул кIалгIаялда дандбитIун, къватI бахун добехун букIанила гIадатаб мина. Гьениб гIумру гьабулеб букIанила язихъаб цо хъизаналъ. Цо хIалакъаб хIамаги хIораб цIцIеги букIанила гьезул къавулъ. Амма къадги къасиги гьезул рокъосан рагIулаанила хIасратал бакъналги релъи-хъуйги.



- Сундаса рохунгIаги гьагъал кIалдиб нацI барал хъаркIасал кочIод ахIтIолелги гIагIадилелги рукIунел? – ан гьикъанила бечедас лъадуда.

- Щиб лъалеб? – ан угьун биччанила лъадуца, - мадугьалзабазда гьарун щвараб ридиги гьекъон, мехтун ратилаха яги черх бацулареб багь-багьараб ратIлидаса чIухIун, релъанхъулел ратила.

- Валлагь, цо гIилла гьечIого, гьагъаб аваданлъи рокъоб букIине рес гьечIо. рачIа, цо багьанаги батун, цеетел йитIизе гъозухъе ахIихIуралъе гIилла лъазабизе.

Лъадиги разилъанила. Анила цеетел мадугьалзабазде щвезе.

- Жидерго меседил торгIо басандизабулел, гьелъие кечIги ахIун, аваданлъиялда руго, - ян абунила тIадюссарай цеетелалъ. Цинги гьей жиндирго ишалъе шагьаралде анила.

- Кьварун ракъварал мискинзабазеги меседил торгIо киса щолеб? – ан гIажаиблъи гьабунила рос-лъадуца.

ТоргIогIанасеб меседбугел чагIазде раккизе нилъги бегьулилан анила бечедал рос-лъади мадугьалзабазухъе щвезе. Саламги кьун, хIурматалда лъугьанила жанире. Ругилаха релъа-рохун жидерго гьитIинав вас васандизавулел. КIудияб адабалда, кидаго рачIунарел, щоларел чагIиян, мадугьалзаби гьезги къабул гьарунила. ГIодор чIезе бакIалги кьун, гьоболлъи гьабизеян журанила. Жал цIакъ кванан, гIорцIун ругилан бечедаз мискиназе кванида квалквазе биччачIила. Нужер меседил торгIо бугилан рагIун, гьеб бихьизеян рачIун рукIанилан, рахърахъалде ралагьанила.

- Гьалеха нижер мискинаб рукъалда меседил нур базабураб торгIо, - йилан талихIав инсуца вас эхе-эхеде реханила, гьевги кIаркIариялда велъанхъанила.

- Гьебищха нужер меседил торгIо букIараб? – ан бечедал рос-лъади рокъоре гIедегIанила. Кавудахъго бечедасул лъади, гIакълуялдаса ун гIодой кканила. Кодой ккун гьейги ячун, хIалица щванила рос рокъове. МахIберцинаб лъим пунхъун, лъади лъавуде ячIанила.

- Кьолеб мехалъ талихIги гьагъал гьардухъабазейищха кьезе кколеб букIараб? – ан абунила жахIдаялъ гьанкъун лъугIулей йигей лъадуца. Гьелъул рухI босулеб бихьарав росги гIодове вортанила.

ТIаде щварай цеетелалда хважаинзаби хун ратанила.

## ШАГIИРЗАБАЗУЛ АСАРАЛ

### ГIали лъикIав вас вуго

Ясазул гъал цIацIалин,
ЦIализе тохавилан,
Цо-цо чагIаз ГIалида
ГIайибал чIвалел руго.
Дарсазде кватIунилан,
КъватIахъ гIемер вукIунин,
ГIадлу гьечIев василан
БадирчIваял гьарула.
ГIумарие, херасе
ЦIа бакизе цIул босун,
Мех-мехалъ унев ГIали
Кин нужеда вихьичIев.
ГIиси-бикьинал гьесул
ГьалатIал рехсечIого,
Гьесул лъикIал рахъалго
Рихьуларищ нужеда?
Цо нухалъ дица росдал
Лъималазда абуна
Авлахъалдаса дир чу
Бачине щив иневан?
Киналго руцIцIун чIана,
РагIана ГIалил гьаракь:
«ГьабсагIатго дун ина,
Ургъел ккоге, кIудада».
Гьале нужее ГIали
ГIун вачIунев бихьинчи…
Божула дун, божула:
ГIали лъикIав вас вуго.
Чу бачун гьев вачIиндал,
Васалазда цебеса,
Кверги босун, ГIалие
Дица баркала кьуна.
Хадуб гьитIинаб кочIол
Куплет цIалун абуна:
ЦIудуда пархен бугел
Бихьинаб гIамалалъул
ГIали гIадал гIолилаз
Дагъистан тункун цIеги.

*Наби ГIИСАЕВ*

## КУЧIДУЛ-МАХСАРАБИ

### Лъана гIилла

Гьале дир яц иццухъа
ГIеретIги цIун ячIана.
ЦохIо кверала гIоркьги ккун,
ГIодоб лъуна гьелъ гIеретI.
Щайдай дида гьитIинаб
КIодол щагIил хъабацин,
КигIан къуват кьуниги,
Кьуризабизе кIвечIеб?
Лъана гIилла: дун жакъа
Радал кванан вукIинчIо.



### НакIкIал лъутана

Рахана чIегIернакIкIал
ТIелал гьарун зодихъе,
Бухана цIадул къали,
Кьвагьдана, гъугъадана.
Дие макьу толарел
НакIкIазухъ балагьилин,
Босун кIудияб тIилгун,
КъватIиве вахъана дун.
Дун вачIунев вихьигун,
ХIинкъана чIегIернакIкIал:
ХIалакун лъутун ана
Дица кьабизе гурин.

*МухIамад ГЪАЗИЕВ*

## МАСЪАЛАБИ

Гени бакIаб буго гIечалдаса, амма тIадагьаб буго апельсиналдаса. ГIеч бакIаб буго микьиралдаса, амма апельсин тIадагьаб буго ананасалдаса. Кинаб пихь бищунго бакIаб ва кинаб бищунго тIадагьаб бугеб?

* * *

Конверталда жанир руго кагътил къотIарал ункъбокIонал, горал ва лъаббокIонал – кинабниги 7 фигура. УнкъбокIонал 3 нухалъ цIикIкIун руго лъаббокIоназдаса. Конверталда жаниб чан ункъбокIон, чан лъаббокIон ва чан гор бугеб?

* * *

Азбаралда руго гIанкIуял ва кьагIи. Гьезул киназулго дандекъан буго 20 бетIер ва 52 бох. Чан гIанкIу ва чан кьегIер букIараб азбаралда?

## МАХСАРАБИ

Вас школалдаса рокъове вачIана, инсуца гьесда гьикъана:



- Гьа, щибха ккараб школалда, дир вас?

Васас жаваб кьуна:

- Дун кIалъаларо кIийилал росулел лъималазул эбел-эменгун.

## ЛЪАЛИЩ НУЖЕДА?

ГIанкIуялъ лъагIалида жаниб гьабула 200 хоно.

Варанияда кIола лъадал къатIра гьекъечIого чIезе 2 анкьалъ.



ЦIунцIраби киданиги кьижуларо, гIачи, чуял, пилал кьижула эхетун.

Дунялалда буго 2500 батIияб тайпа кIкIурбузул.

ГIужрукъазда тIад букIуна гIага-шагарго 10000 рукIкIен.

## БАСНЯ

### Ралъадги, гIоралги, лъаралги

Жинда гIемераб жо гьекъезе кIолилан къацанданила цо чи. Гьес абунила:

- Дида тIолго ралъад гьекъезе кIола.
- КIоларо дуда гьеб.
- КIола. Бокьани гьоркьоб жо бала, азарго гъурщиде.

Радал гьесухъе рачIанила гIадамал:

- Вилъилъаха ралъад гьекъезе, ялъуни азарго гъурущ кье! – ян чIанила гьел.

Гьесги жаваб кьунила:

- Дица рагIи кьуна ралъад гьекъезе, гьекъела. Амма дица гIоралги лъаралги гьекъелин абичIо. Цин нужеца гьел ралъдалъе гьукъе, цинги дица ралъад гьекъела.

*Лев ТОЛСТОЙ*

## ЛЪАЙ КЬЕЯЛЪУЛ ОТЛИЧНИК

# Ургъизе тIамулел дарсал

**Унсоколо районалъул Балахъуни росдал гIаммаб гьоркьохъеб лъай кьеялъул школалъул мугIалим, 1983 соналда гьаюрай Загьидат МухIамадова гIуна учителасул хъизамалда. Гьелъул кIудияй яцги вацги ккола педагогал. 2005 соналъ ДГПУялъул филологияб факультет лъугIизабурай З. МухIамадовалъ 18 соналъ гьоркьоса кьотIичIого лъайги тарбияги кьолеб буго гIун бачIунеб гIелалъе.**


З. МухIамадова

Лъимал жалго жидедаго чIун ургъизе, хIалтIизе ругьун гьари - гьединаб буго Загьидатил хIалтIул кьагIида. МугIалимас кьола гIицIго гьел тIад ургъизе тIамулел суалал. Гьедин гьабиялъ цIалдохъабазда малъараб дарс цIикIкIун ракIалда чIолеб буго. З. МухIамадовалъ малъулеб гIурус мацIалъул ва адабияталъул дарсазда хIалтIизарула батIи-батIиял кьагIидаби: классалъул лъимал рикъула загIипал, гьоркьохъел ва цIализе гьунар бугезул къокъабазде. Аслияб кьагIидаялда хIалтIизабула педагог-гIалимчи Л. В. Занковасул дарс кьолеб кьагIида (методика). Щивав цIалдохъанасе кьола гьесул бажари-лъаялда рекъараб тIадкъай, тIамула карточкабигун хIалтIизе, гьабула «Поле чудес» хIай. Гьединал кьагIидабаз кумек гьабула лъимал лъикI гIенеккиялъе ва гьезул «свак» чучиялъе.

Гьаб цIалул соналъ мугIалималъ дарсал кьолел руго анлъабилеб ва жинцаго нухмалъи гьабулеб ичIабилеб классазул цIалдохъабазе. Дун гIодов чIун вуго Загьидатил дарсида. Цониги рагIи гьаракь борхун абичIо учительницаялъ. Гьелъул хIеренаб, рекIелъе бортулеб каламалъ куркьбалги рижун, лъимал лъаялде, гIакълуялде, гIаданлъиялде данде роржунел ругин ракIалде кколеб букIана мугIалималъухъ гIенеккаравго.

ХIалтIи ракI-ракIалъ бокьиялъги гьваридаб лъай букIиналъги кумек гьабулеб буго З. МухIамадовалъе хIалтIулъ бергьенлъаби росизе.

Масала, 2019-2020 ва 2020-2021 цIалул соназда ТIолгороссиялъул олимпиадаялъул литератураялъул бутIаялде призерал хIадур гьариялъухъ гьелъие щвана Республикаялъул пагьмуял лъимал тIатинариялъул централъул кIиго диплом. Гьебго соналда З. МухIамадова мустахIикълъана «ДРялъул лъай кьеялъул отличник» абураб каранда балеб гIаламаталъе, гьединго районалъул лъай кьеялъул отделалъул рахъалдаса ХIурматалъул грамотабазе, гIарцулаб сайгъаталъе ва баркалабазе.

Лъималазе гьваридаб лъай кьей гуребги, жинцаго нухмалъи гьабулеб классалъул цIалдохъабазда гьоркьоб гьелъ гьабулеб буго гIемеррахъазулаб тарбия кьеялъул хIалтIиги. Гьале Загьидатица гьарурал цо-цо классалъул сагIтазул темаби: «Нилъер Расул», «ЛъикIлъиялъ хвасар гьабула дунял», «Нилъ – батIи-батIиял», «БукIинесеб нилъехъ кодоб», «Умники и умницы» абураб гIакълу цебетIезабулеб хIай ва цогидалги. Школалда тIоритIулел гIаммал тадбиразда рихьизарурал лъикIал хIасилазухъ директорасул рахъалдасан классалъе щун буго чанго ХIурматалъул грамота.

З. МухIамадовалъул хIакъалъулъ бицен ккедал, школалъул директор ХIажимурад АхIмадхановас бицана: *«Загьидат йиго гьабулеб ишалъулъ мухIканлъи бугей, цIалдохъабазе гьваридаб лъайги лъикIаб тарбияги кьезелъун кидаго цIи-цIиял, пайдаял кьагIидаби ралагьиялда тIад хIалтIулей, ракIбацIцIадай мугIалим».*

Загьидат МухIамадовалъул кIудияб къадру-къимат буго ишщоязда, цIалдохъабазда ва лъималазул эбелинсуда гьоркьоб.

***МухIамад ГЪАЗИМУХIАММАДОВ, школалъул педагог-гIуцIарухъан***

## ЦIАЛДОЛЕЗУЛ ПИКРАБИ

АсхIабгIали ХIасанов, баркала «Палугъан» макъалаялъухъ. Гьеб хьвадариялъул тIадегIанаб пилотажлъун ккола. Дагъистаналъул талихIкъосин буго мун гIадинал гIадамал гIемер гьечIолъи. «Лезгинкаялъ» къаймлъиялде росулелани гIисинал палугъаби, гьеб букIинаан цIакъ лъикIаб иш.

***ГIалиасхIаб ГIУМАРАСХIАБОВ, Ленинаул росу***

* * *

«ХIакъикъаталъул» Телеграм-каналалдеги рачIуна цо-цо кIвар бугел суалазда тIасан рекIел ахIиял.

МугIрул росабалъ почалъул бухьеналъул 30 отделение къачIазе бугин абураб информациялда гьоркь хъвалеб бугоан:

«Газетал-журналазе подписка гьабилингIаги божилъи буго гьезда, гьезул жавабчилъи гьечIолъиялъ гьаниб магIарухъ рахан кIулалгун, къад кьоялги къан рукIуна почалъул рукъзал...», - абун.

## РЕКIЕЛ АХIИ

# Хьул буго кумек щвелин



Лъабабилеб лъагIел унеб буго ЦIунтIа районалъул Шапихь росулъ спортзал базейилан лъугьаралдаса. ЦохIо къадалги эхетун, рагьараб зодикь хутIун буго гьеб. Я районалъул нухмалъиялдаса, я республикаялъул БакIал раялъул министерствоялдаса кумекги щоларого, гIарацги гьечIого хутIун букIана балеб зал. Шапихъдерил гIолохъаби лъугьун рукIана, кIварас кIвараб гIарацги бакIарун, зал базейилан. Амма гIарцул къуватги гIоларого, гьедин хутIун буго гьеб. Цоги кIвар кьезе ккун буго ЦIунтIа районалъул КIилъартIа бугеб участкаялъулаб больница нахъе бахъулеб бугин, къалеб бугин абураб суалалде. Гьеб больницаялъул хIалтIухъабаз хъулухъ гьабизе кколеб анцIгониги росу буго аскIосан гIебеде. Райцентралде Кидеро больницаялде ине ккани, херав унтарав чи 30 километралъ рикIкIад ине кколев вуго. Гьелъул пикру гьабизе ккеларищ ДРялъул Сахлъи цIуниялъул министерствоялъ. Гьединалниги шартIалги гьечIони, квекIеналги гьарузни, рорхатал мугIруздаса гIадамал гIодоблъиялде гочинчIого чIелищ?!

### Редакциялъул рахъалдасан:

**КIвар бугел суалал рорхулел руго гьаб кагътида ЦIунтIа районалъул Шапихь росулъа МухIамад ГъалбацIовас. Бихьулеб буго гьеб гьесул рекIел ахIи букIин. Районалдасан, росабалъан жавал щвезеги бегьулаан МухIамадил гьал суалазе, амма газеталда бахъанигIаги кумек щвелин хьул батила гьесул.**

**Бокьилаан, гьал суалазе жавабал кьезе бажарулев чияс яги гьел тIаде кколел гIуцIабаз жавабал кьуни. Нижеца МухIамадил кагътатго гIадин, нужер жавабги газеталдасан кьела. Жавабал щвечIони, цIехрехалъ рахъунги хIакъикъат лъазабила.**

## НУЖЕЕ БАЯНАЛЪЕ

# Изну гьечIого газ бачиналъухъ – тамихI

**Газ рикIкIуна инсанасул гIумруялъе цIикIкIараб хIинкъи бугеб сурсатлъун. Гьединлъидал бан бахъараб минаялдеги печалдеги газ бачунаго, гьеб иш тIадкъазе ккола хIалбихьи бугев махщелчиясда.**




Коммуналиял хъулухъазухъ кьолеб гIарцуда барахщун, гIемерисел рукъзабазул бетIергьабаз хIаракат бахъула газалъул идараялъул хIалтIухъабиги ахIичIого, жидецаго минаялде газ бачине. Гьабуларо газалдалъун хьезарулеб хъулухъалъулгун кьотIиги. Гьеб ккола законалъул тIалаб хвезаби, ай изну гьечIого, газалъул аслияб рогIоро борлъи. Гьелдалъун хIинкъи букIуна гIадамазул гIумруялъеги сверухъ ругел минабазеги. Гьединаб кьагIидаялда газ рокъобе бачарал гIадамазухъа гIакIа бахъула.

ГIемерисеб мехалда низам хвезабула жалго бетIергьанал минаби ругел гIадамаз. Нагагь гьединаб хIужа тIатани, низам хвезабурав чиясде ккола административиябги уголовниябги жавабчилъи. Административияб гIакIа бахъула РФялъул КоАПалъул 7.19 статьяялда рекъон. Пуланав чияс, изну гьечIого газги бачун, гьеб бикъиялъул хIужа тIатани, РФялъул УКялъул 158 статьяялда рекъон, гьесухъа гIакIаде бахъула 100 азаргоялдаса цIикIкIун гьурущ яги гьев туснахъ гьавула анлъгогIан соналъ. Газалъухъ кьезе тIалъулеб мухьги бахъула, гьеб бачараб кьоялдаса хIалтIизабураб щибаб сордо-кьоялъул хIисабги гьабун.

2018 соналъул августалдаса нахъе хIалтIулеблъун рикIкIуна РФялъул УКялъул 215.3 статьяялда гьарурал хиса-басиялги – жиндиего бокьун, кIиабизеги газалъул мухъал рачиналъул хIакъалъулъ. РФялъул УКялъул 7.19 статьяялда рекъон, гIакIаде бахъула 80 азаргогIанасеб гьурущ яги анкьго моцIил моцIрол харж; ялъуни 360 сагIаталъ хIалтIизе тIамула, яги лъагIалица хIалтIизавула (исправительные работы), ялъуни кIиго лъагIелалъ эркенлъиялдаса махIрум гьавула яги кIиго лъагIелалъ хIалтIизе тIамула, яги кIиго лъагIелалъ пуланал бакIазде ине гьукъула.

Изну гьечIого газги бачун, нагагь кьварилъи ккани ва гьелдалъун чи хвани яги гьесул сахлъиялъе кIудияб зарал гьабун батани, гIайибияв щуго соналъ хIалтIизе тIамула, яги микьго соналъ туснахъ гьавула.

Изну гьечIого газ бачиналде тIаде гьеб бикъиялъул хIужаги чIезабуни, гьединав чиясде гIунтIизабула РФялъул УКялъул 158 статьяялъул лъабабилеб бутIаялъул «б» пункталдеги РФялъул УКялъул 215.5 статьяялдеги рекъонкколеб гIайиб.

***Сапият ИДРИСОВА***

# Къиматал тарихиял баянал



**Турциялъул генералиссимус вуго Генуса Шамил**

Россиялде данде гьабураб гIемерсоназулаб рагъулъ рихьизарурал гьунаразухъ Дагъистаналъул ва Чачаналъул имам Шамилие 1854 соналда Турциялъул султанас къуна генералиссимус абураб цIакъго хIурматияб ва тIадегIанаб рагъулаб цIар.

Асирлъуде ун хадувги хутIана имам Шамил Турциялъул генералиссимуслъун.

Россия доб заманалда Турциялъул тушман букIиндал, къоло щуго соналъ гьелде данде бахIарчияб кьеркьей гьабурав, дуниялалдаго цIар рагIарав рагъулав цевехъан Шамилил хIурмат гьабулаан гьеб исламияб улкаялъул хункарас ва халкъалъ.

Турциялъул шагьаразул къватIазда лъун буго генералиссимус Шамилил цIар. Стамбулалдаги буго шайих Шамилил цIар лъураб къватI.

## Генуса Шамилги Алжиралдаса ГIабдулкъадирги – цого заманаялъул бахIарзал

Франциялъул чияр ракьал рахъиялъулаб политикаялде данде гIемерал соназ кьеркьарав Алжиралъул бахIарчи ГIабдулкъадирица, Турциялда вукIарав гIурус посол гьоркьов ккун, Россиялъул императорасухъе хъвана Шамил хIежалде виччайилан гьарун кагъат.

Шамилица гьесухъе хъварал кагъталги рукIун руго. Гьезул цоцоял ГьаракIуниса НурмухIамадил МухIамадил архивалдаги ругин абула.

Шамил имам Турциялдаса Египеталде унеб мех букIана Суэц канал бахъулеб заман. Гьенив дандчIван вуго гьев ГIабдулкъадиргун. Гьениб цадахъ бахъараб гьезул суратги бугилан бицуна.

Михаил Васильевич Фрунзеца хъван буго: «ГIабдулкъадир ккола араб гIасруялда бищунго машгьурал бусурбабазул цоявлъун. Жиндирго рагъулаб гьунаралъул, лъугIи гьечIеб жигаралъул, маххулаб къасдалъул ва халкъалъе гьабулеб асаралъул рахъалъ гьев хIинкъичIого вацад гьавизе бегьула гьесулго заманаялъул чи ва гьесулго гIадинал мурадазе гIоло кьеркьохъан Кавказалъул Шамилида».

## Немцазул гIалимчияс гIурус пачаясе къураб гIакълу

«1843-1846 соназда Кавказ ва хъазахъазул ракь» тIехьалда немцазул гIалимчи Вагнер Морисица абун буго Кавказалъул рагъул хIакъалъулъ ритIухъаб рагIи:

«…Дуниялго кверде босарав, «маххул» абун тIокIцIар лъурав Тимурида кIвечIо Дагъистаналъул къавмазда кверщел гьабизе, Индия кверде босарав Надир-шагьас гIадада борхана лезгиязде (дагъистаниязде – дирго рагIи) квер. …ЦIакъго къуватаб кверщелалъул бетIергьан ахирги живго мукIурлъизе ккезе вуго Аллагьас жинцаго чIахIиял къурабаздалъун щулалъизабураб эркенаб халкъалъул улкаялда жиндихъа щибго гьабун бажарунгутIиялъе.

Жиндирго хIалбихьиялдалъун Наполеонида лъараб гIадин, гьесдаги лъазе буго тIабигIаталъул къуваталде данде къеркьезе инсанасул къуват гIолареблъи».

## Германиялдаса сапарчияс Шамилие къураб къимат

Фридрих Боденштед вукIана Мюнхеналда лъикIаб лъай щварав чи. 1840 соналда гьев Москваялде вачIана цо Россиялдаса чиясул лъимал рокъорго цIализарулев учительлъун хIалтIизе.

1844 соналда Кавказалъул сардар, генерал Нейдгартица Фридрих Боденштедт Типлисалде ахIана Учительлъиялъул институталъул директорасул хъулухъалде.

Хадусеб соналдаго, гьеб хъулухъалдаса инкарги гьабун, Кавказалъул, Крымалъул гIемерал бакIазде сапаралъ вахъана ва тIадвуссун Германиялде ана.

Гьеб сапаралъул хIасилалда Фридрих Боденштедтица хъвана «Кавказалъул халкъал ва жидерго эркенлъиялъе гIоло гIурусазде данде гьезул рагъал» абураб тIехь. Гьеб тIехьалда гьес Шамилил хIакъалъулъ хъвалеб буго:

*«Гьев вуго Бакъ, гьесда сверухъ МоцIлъунги цIвабилъунги лъугьарал наибзабазда гьесдасан канлъи чIвалеб буго сардилъ халкъалъе нух гвангъизабизе. Шамилил киналго тушбаби – Канлъулги Иманалъулги тушбаби Аллагьас гьаб ракьалдаса тIуранго лъугIизарун гьечIолъиялъе гIилла ккола Гьев рахIмуявги сабруявги вукIин».*

## Парангазул хъвадарухъанас Шамилие къураб къимат

Парангазул кутакав хъвадарухъан ва гIалимчи Пьер Закконица нилъер лъабабилев имамасул хIакъалъулъ къалмикье босараб тIехьалда цIар лъуна «Шамил – Кавказ эркен гьабулев чи». Художник Жан Адольф Бюсел суратаз къачIараб гьеб тIехь Парижалда къватIибе биччана 1854 соналда.

Пьер Закконил гьеб тIехь Европаялда машгьурлъун букIиналъе нугIлъи гьабула, 1857 соналда, итализул мацIалдеги буссинабун, Миланалдаги басмаялда бахъун букIиналъ.

Пьер Закконица Шамил имамасе къураб къимат гIемерго тIадегIанаб букIин бихьула гьадинал рагIабаздасан:

* Шамил цо пуланаб къоялъ, хIинкъи рекIелъе биччачIого, хвела, амма абадиялъ хвеларо гьесул иш, тIаде гIолеб чанго гIелалъ жидее баракат щвагиян рехсела гьесул цIар, шайихги имамги вукIанилан гуребги, бахIарчиги ва эркенлъиялъе гIоло къеркьарав чиги вукIанилан.

* Шамил! БахIарчи! Гьес жиндир кверзукье босун буго тIубараб улкаялъул букIинесеб, ва «хадурккун рукIинесел къалул кучIдузулъ» ахIила гьес тIуразарурал тIадегIанал ишазул хIакъалъулъ.

Амма рекIелъе пашманлъи лъугьунеб буго «хадурккун рукIинесел къалул кучIдузул» бакънал жеги Европаялде рагIулел гьечIолъиялъ. Гьедин къисмат бигьараблъун лъугьун буго нилъер миллияб тарих.

## Машгьурав Александр Дюмал рагIаби

Дагъистаналда сапаралда вугеб заманалда Парижалде битIараб цо макъалаялда Александр Дюмаца хъван буго: «Шамил ккола тIолалго гIурусазул тIадегIанав кверщелчиясде данде вагъулев вугев цIакъго къуватав багьадур».

## Академик Казем-бекил къимат

Лъабабилев имамасул хIакъалъулъ гьес хъвана: *«Шамилил киналго ишаз нугIлъи гьабула гьесул тIадегIанаб гIакълуялъе, щибаб жоялдехун букIараб гIужилаб бербалагьиялъе ва цIакъго къвакIараб гIамалхасияталъе».*

Россиялъул хъвадарухъабазулги гIалимзабазулги цо-цо тIахьазда, гьединго журналазда ва газетазда Шамил какулев вукIаразда ццин бахъун, гьадин хъвараб бакIги буго:

*«ГIурусазул гIакъилал патриотазул рекIелъ Шамилидехун рокьукълъи гьечIо, гьесул цIар бахъизеги гьел нахъе къаларо; гьев вуго бахIарчи ва жинца бахIарзал рижизарулев чи».*

## «Гьединав чи ццидалав вукIине рес гьечIо»

1865 соналда Калуга губерниялъул рагъулав начальниклъун тIамун вукIарав генерал-майор Михаил Никифорович Чичаговасул лъади Мария Чичагова лъугьана «Шамил Кавказалда ва Россиялда» абураб, 1889 соналда Санкт-Петербургалда басмаялда бахъараб тIехьалъул авторлъун.

Дие асар гьабуна тIоцеве Шамил жиндихъе гьоболлъухъ вачIиналъул бицунеб бутIаялдаса гьадинал рагIабаз:

*«Гьесие бокьана дир лъимал рихьизе. ЦIакъ хIеренго, недегьго байбихьана гьездехун кIалъай. Гьел рээдулеб мехалъ гьесул гьурмалъ букIана унго-унголъун лъикIав чиясул гогьар. Шамилие лъимал цIакъ рокьулаан, гьединав чи ццидалав вукIине рес гьечIо!»*

**МухIамадкамил ГЬИМАТОВ**

## ИМАМАСУЛ КАГЪТАЛ

## Шамил имамас барон Николаихъе хъвараб кагъат


من أمير المؤمنين شمويل
بارون
اما بعد
1271

Муъминзабазул амир Шамилил рахъалдасан гIурусазул чIахIиязде, генерал-гиназасде ва баронide.

Цинги. Дихъе хабар щвана, нужеца ЧIаралъул вилаяталде бетIербахъиялъе рачIарал Анкьракьалъул мухъалъул пакъирзаби ва гьезул хъизанал, дандеги гьарун, ккун чIезарун ругин абун, нижеда кодор ругел нужер асиразухъ хисизе къасдалда. Гьеб нужее кIудияб рогьо-нич щолеб иш буго. (Гьединго) Нужеца гьанжеги цереккунги Сибиралде ритIана асирлъуде ккарал нижер мугьажирзаби. Нужеда лъай, гьел ишаздалъун нуж нижеда тIад гурел, нужедаго тIад релъанхъулел рукIин ва гьединал къабихIал пишабаздалъун нужеца нужерго асирал хабалъе ритIулел рукIин.

Нужер Сибир батани, нижер хабалалги руго.

ПалхIасил, нужеца, Баширидасан байбихьун, нужехъе асирлъуде ккарал нижер мугьажирзаби риччан те яги нижеда лъазабе нужер рагIияталда ругел халкъазул нужеца кIвар гьабулеб гьечIолъи ва гьезул нужее гьечIеб ургъел. Ниж абуни, гьабсагIаталда нужер рахъалдасан жавабалъухъ ралагьун чIун руго ва, нужеца кинаб хIукму тIасабишаниги, нижее гьелъул кIварги гьечIо. Кин батаниги, нужеца жаваб нахъбахъичIого битIе.

***1271 соналъул 8 рамазан моцI / 1855 соналъул 24 май.***

## Шамил имамас гьерекIдерил жамагIаталъухъе хъвараб кагъат

Муъминзабазул амир Шамилил рахъалдасан жиндирго вацазе, тIолабго гьерекIдерил жамагIаталъухъе. ВагIалайкум салам ва рахIматуллагь.

Цинги. Дица гьеб ишалъул амру тIамун толеб буго наиб Ибрагьимиде. Гьес абураб жо гьабе, гьев дир божи бугев, гIагарав чи вуго, жиндирго ишалъулъ гIадилав, тари гьечIев чи вуго, гьес бечедав, мискинав ватIаги гьавуларо. ХутIараб жо гьав чапар Дибирица бицина нужеда, нуж гьесухъ гIенекке.

***1271 соналъул 18 шавал / 1855 соналъул 3 июль.***

**М. ХIАМЗАЕВАСУЛ тIехьалдаса**

## Понедельник, 30 октября

### РОССИЯ 1

05.00 «Утро России».
09.00 Вести. Местное время.
09.30 «Утро России».
09.55 «О самом главном». (12+).
11.00 Вести.
11.30 «60 минут». (12+).
14.00 Вести.
14.30 Вести. Местное время.
14.55 «Наши». (12+).
16.00 Вести.
16.30 «Малахов». (16+).
17.30 «60 минут». (12+).
20.00 Вести.
21.05 Вести. Местное время.
21.20 Т/с «Зеркало лжи». (16+).
23.20 «Вечер с Владимиром Соловьевым». (12+).
02.05 Т/с «Тайны следствия». (12+).
03.45 Т/с «Морозова». (16+).

### ДАГЕСТАН

07:00, 12:30, 14:30, 16:30, 19:30 Время новостей Дагестана. Итоги
08:00 «Арт-клуб» 0+
08:20 Х/ф «Незнайка с нашего двора» 0+
10:30 Д/ф «Праздник песни на горе Анчида» 12+
11:15 Х/ф «Тайна синих гор»
12:50 Ток-шоу «Говорить разрешается» 12+
14:00 Д/ф «Крымские татары. Традиция жить»
14:50 Передача на агульском языке 12+
15:30 Т/с «Цена жизни» 13 с.
16:55 Д/с «Легенды кино» 9 с.
17:45 «Удивительные горцы. Лучшее» 0+
18:00 Т/с «Любить и ненавидеть. Шантаж» 1 с.
18:45 Передача на табасаранском языке «Мил»
20:00 Время новостей. Махачкала
20:20 «Подробности» 12+
21:00 «Удивительные горцы» 0+
21:20 «Психологическая азбука» 12+
21:45 «Память поколений»
22:30 Время новостей Дагестана
23:00 Время новостей. Махачкала
23:20 «Угол зрения» 12+
23:55 Д/ф «Дворянские деньги» 1 с. «Аферы и карты» 12+
00:30 Время новостей Дагестана

## Вторник, 31 октября

### РОССИЯ 1

05.00 «Утро России».
09.00 Вести. Местное время.
09.30 «Утро России».
09.55 «О самом главном». (12+).
11.00 Вести.
11.30 «60 минут». (12+).
14.00 Вести.
14.30 Вести. Местное время.
14.55 «Наши». (12+).
16.00 Вести.
16.30 «Малахов». (16+).
17.30 «60 минут». (12+).
20.00 Вести.
21.05 Вести. Местное время.
21.20 Т/с «Зеркало лжи». (16+).
23.20 «Вечер с Владимиром Соловьевым». (12+).
02.05 Т/с «Тайны следствия». (12+).
03.45 Т/с «Морозова». (16+).

### ДАГЕСТАН

07:00, 8:30, 12:30, 14:30, 16:30, 19:30 Время новостей Дагестана
07:20 Передача на табасаранском языке «Мил»
08:00 Мультфильмы 0+
08:50 Т/с «Цена жизни» 13 с.
09:45 «Удивительные горцы» 0+
10:05 «Человек и право»
11:10 «Подробности» 12+
11:45 Д/с «Легенды кино» 9
12:50 Т/с «Любить и ненавидеть. Шантаж» 1 с.
13:30 «Угол зрения» 12+
13:55 Д/ф «Дворянские деньги» 1 с. «Аферы и карты» 12+
14:50 Передача на табасаранском языке «Мил»
15:30 Т/с «Цена жизни» 14 с.
16:55 Д/с «Легенды кино» 10 с.
17:45 «Удивительные горцы. Лучшее» 0+
18:00 Т/с «Любить и ненавидеть. Шантаж» 2 с.
18:45 Передача на лакском языке «Аьрщи ва агьлу»
20:00 Время новостей. Махачкала
20:20 «Дагестан туристический» 0+
20:35 «Время есть!» 0+
21:05 Ток-шоу «Общественный интерес» 12+
22:30 Время новостей Дагестана
23:00 Время новостей. Махачкала
23:20 «Колёса» 12+

## Среда, 1 ноября

### РОССИЯ 1

05.00 «Утро России».
09.00 Вести. Местное время.
09.30 «Утро России».
09.55 «О самом главном». (12+).
11.00 Вести.
11.30 «60 минут». (12+).
14.00 Вести.
14.30 Вести. Местное время.
14.55 «Наши». (12+).
16.00 Вести.
16.30 «Малахов». (16+).
17.30 «60 минут». (12+).
20.00 Вести.
21.05 Вести. Местное время.
21.20 Т/с «Зеркало лжи». (16+).
23.20 «Вечер с Владимиром Соловьевым». (12+).
02.05 Т/с «Тайны следствия». (16+).
03.45 Т/с «Морозова». (16+).

### ДАГЕСТАН

07:00, 8:30, 12:30, 14:30, 16:30, 19:30 Время новостей Дагестана
07:20 Передача на лакском языке «Аьрщи ва агьлу» 12+
08:00 Мультфильмы 0+
08:50 Т/с «Цена жизни» 14 с.
09:45 «Время есть!» 0+
10:20 Ток-шоу «Общественный интерес» 12+
11:40 Д/с «Легенды кино» 10 с.
12:50 Т/с «Любить и ненавидеть. Шантаж» 2 с.
13:35 «Колёса» 12+
14:50 Передача на лакском языке «Аьрщи ва агьлу» 12+
15:30 Т/с «Цена жизни» 15 с.
16:55 Д/с «Легенды кино» 11 с.
17:45 «Удивительные горцы. Лучшее» 0+
18:00 Т/с «Любить и ненавидеть. Шантаж» 3 с.
18:45 Передача на даргинском языке «Адамти ва замана» 12+
20:00 Время новостей. Махачкала
20:20 «Здоровье» в прямом эфире
21:10 «Сделано в Дагестане»
21:30 «Городская среда»
22:00 «Опять футбол» 12+
22:30 Время новостей Дагестана
23:00 Время новостей. Махачкала
23:20 «Аутодафе» 12+

## Четверг, 26 октября

### РОССИЯ 1

05.00 «Утро России».
09.00 Вести. Местное время.
09.30 «Утро России».
09.55 «О самом главном». (12+).
11.00 Вести.
11.30 «60 минут». (12+).
14.00 Вести.
14.30 Вести. Местное время.
14.55 «Наши». (12+).
16.00 Вести.
16.30 «Малахов». (16+).
17.30 «60 минут». (12+).
20.00 Вести.
21.05 Вести. Местное время.
21.20 Т/с «Зеркало лжи». (16+).
23.20 «Вечер с Владимиром Соловьевым». (12+).
02.05 Т/с «Тайны следствия». (16+).
03.45 Т/с «Морозова». (16+).

### ДАГЕСТАН

7:00, 8:30, 12:30, 14:30, 16:30, 19:30 Время новостей Дагестана
07:20 Передача на даргинском языке «Адамти ва замана» 12+
08:00 Мультфильмы 0+
08:50 Т/с «Цена жизни» 15 с.
09:45 «Опять футбол» 12+
10:15 «Аутодафе» 12+
10:55 «Здоровье» 12+
11:45 Д/с «Легенды кино» 11 с.
12:50 Т/с «Любить и ненавидеть. Шантаж» 3 с.
13:35 «Городская среда»
14:00 Д/ф «Наука Шерлока Холмса» 1 с. «Багровая нить убийства»
14:50 Передача на даргинском языке «Адамти ва замана» 12+
15:30 Т/с «Цена жизни» 16 с.
16:55 «Блин.ком» 16+
17:25 «Время говорить молодым» 12+
18:00 Т/с «Любить и ненавидеть. Шантаж» 4 с.
18:45 Передача на аварском языке «Паданги гIамалги заманги»
19:55 «За скобками» 12+
20:00 Время новостей. Махачкала
20:20 «Первая студия» 12+
20:50 «Деневб ЛФЛ Дагестан»
22:00 «Психологическая азбука» 12+
22:30 Время новостей Дагестана
22:55 «За скобками» 12+

## Пятница, 3 ноября

### РОССИЯ 1

05.00 «Утро России».
09.00 Вести. Местное время.
09.30 «Утро России».
09.55 «О самом главном». (12+).
11.00 Вести.
11.30 «60 минут». (12+).
14.00 Вести.
14.30 Вести. Местное время.
14.55 «Судьба человека с Борисом Корчевниковым». (12+).
16.00 Вести.
16.30 «Прямой эфир». (16+).
17.30 «60 минут». (12+).
20.00 Вести.
21.15 Вести. Местное время.
21.30 «Ну-ка, все вместе!» (12+).
23.55 «Истории Большой Страны». (12+).
00.55 Х/ф «Вратарь галактики». (6+).
02.55 Х/ф «Любовь на сене». (16+).

### ДАГЕСТАН

07:00, 12:30, 14:30, 16:30, 19:30 Время новостей Дагестана
07:20 Передача на аварском языке «Паданги гIамалги заманги»
08:00 Мультфильмы 0+
08:50 Т/с «Цена жизни» 16 с.
09:45 «За скобками» 12+
09:50 «Молодежный дрифт»
10:25 «Первая студия» 12+
10:55 «Блин.ком» 16+
12:00 «Деневб ЛФЛ Дагестан»
12:50 Т/с «Любить и ненавидеть. Шантаж» 4 с.
13:35 «Психологическая азбука» 12+
14:00 Д/ф «Дело №» «Михаил Зощенко. Из студентов в гренадеры»
14:50 Передача на аварском языке «Паданги гIамалги заманги»
15:30 «Время говорить молодым» 12+
16:05 Мультфильмы 0+
16:50 Х/ф «Серебристый звон ручья» 12+
18:25 «Арт-клуб» 0+
18:45 Передача на кумыкском языке «Халкъ ва заман» 12+
20:00 Время новостей. Махачкала
20:20 «Подробности» 12+
20:55 «Мир Вашему дому»
21:20 «Круглый стол» 12+
21:55 «Время спорта» 12+
22:30 Время новостей Дагестана
23:00 Время новостей. Махачкала

## Суббота, 4 ноября

### РОССИЯ 1

04.40 Х/ф «Злоумышленница». (12+).
08.00 Вести. Местное время. День народного единства.
08.35 «По секрету всему свету».
09.00 «Формула еды». (12+).
09.25 «Пятеро на одного».
10.10 «Сто к одному».
11.00 Вести. День народного единства.
11.30 Большой праздничный концерт «Песни русского мира».
13.00 Д/ф «Русская смута. История болезни». (12+).
14.00 Вести. День народного единства.
14.50 «Измайловский парк». (16+).
17.00 Вести.
17.50 «Привет, Андрей!» (12+).
20.00 Вести.
21.00 Х/ф «Рецепт на любовь». (16+).
00.30 Х/ф «Нет жизни без тебя». (12+).
03.55 Х/ф «Олюшка». (12+).

### ДАГЕСТАН

07:00, 8:30, 16:30, 19:30 Время новостей Дагестана
07:20 Передача на кумыкском языке «Халкъ ва заман» 12+
08:00 Мультфильмы 0+
08:50 «Время спорта» 12+
09:20 Х/ф «Серебристый звон ручья» 12+
11:00 «Подробности» 12+
11:35 «Мир Вашему дому»
12:05 «Время есть!» 0+
12:40 Гала-концерт Международного конкурса народной песни «Добровидение» - 2019
15:10 Передача на кумыкском языке «Халкъ ва заман» 12+
15:50 Проект «Мир без виз»
16:15 Мультфильм 0+
16:50 Х/ф «Пора красных яблок» 12+
18:10 Д/ф «Гомер XX века»
18:45 Передача на лезгинском языке «Вахтар ва инсанар» 12+
19:50 «Точка зрения» 12+
20:05 «Удивительные горцы» 0+
20:25 «Дагестан туристический» 0+
20:45 «Культурный код» 0+
21:10 «Ульяна спросит» 0+
22:00 «Годекан» 0+
22:30 Время новостей Дагестана
22:50 Х/ф «Я подарю тебе любовь» 12+
00:30 Время новостей Дагестана

## Воскресенье, 5 ноября

### РОССИЯ 1

06.15 Х/ф «Любовь не по правилам». (12+).
08.00 Местное время. Воскресенье.
08.35 «Когда все дома с Тимуром Кизяковым».
09.25 «Утренняя почта с Николаем Басковым».
10.10 «Сто к одному».
11.00 Вести.
11.40 «Большие перемены».
12.40 Т/с «Всем по 50». (12+).
17.00 Вести.
17.50 «Песни от всей души». (12+).
20.00 Вести недели.
22.00 Москва. Кремль. Путин.
22.40 «Воскресный вечер с Владимиром Соловьевым». (12+).
01.30 Т/с «Демон революции». (16+).

### ДАГЕСТАН

07:00, 8:30, 19:30 Время новостей Дагестана
07:20 Передача на лезгинском языке «Вахтар ва инсанар» 12+
08:00 Мультфильмы 0+
08:30 Время новостей Дагестана
08:50 Х/ф «Я подарю тебе любовь» 12+
10:25 «Время есть!» 0+
11:00 «Мир Вашему дому»
11:30 «Ульяна спросит» 0+
12:30 Детские новости 0+
12:45 «Арт-клуб» 0+
13:10 «Культурный код» 0+
13:30 Ток-шоу «Общественный интерес» 12+
14:55 Передача на лезгинском языке «Вахтар ва инсанар» 12+
15:35 «Колёса» 12+
16:25 «Психологическая азбука» 12+
16:50 «Дагестан туристический» 0+
17:10 «Точка зрения» 12+
17:25 «Человек и право» 12+
18:30 Детские новости 0+
18:45 Передача на рутульском языке 12+
20:35 «Служа Родине» 12+
20:50 Ток-шоу «Говорить разрешается» 12+
22:00 Гала-концерт Международного конкурса народной песни «Добровидение» - 2020
00:10 «Удивительные горцы» 0+
00:30 Время новостей Дагестана. Итоги

## НУЖЕЕ БАЯНАЛЪЕ

**ХIурматияв магIарулав. Ихдал хур бекьизеги, хаслихъе бачIин бакIаризеги кколеблъи нилъеда лъала. Гьединго лъала щивав чиясе «рухIияб квен» хIажалъулеблъиги. Жакъа гьабураб метер батулин абухъе, миллаталъул гIузрабаздеги миллияб газеталдеги кьолеб кIвар чучлъизе тани, метерисеб кьоялъ «бухIизабизе» букIин хIакъаб буго. Гьедин ккечIого букIине, «рухIияб кванидалъун» гIумру хьезабизе хIалтIи гьабулеб басма буго «ХIакъикъат». Гьединлъидал щивас хIаракат бахъизе ккела гьелдаса битIун пайда босизе, пайдаяб ирсалъе тезе.**

"ХIакъикъат" газеталъул багъа буго:

Бащдаб лъагIалие - 645,06 гъур.

ЛъагIалие - 1290,12 гъур.

## МагIарулазул къанагIатал ва некIсиял цIарал

**А**

Антигъулав, Абайилав, Ахалав, Албилав, Ахку, Ахъай, Аллату, АлдухI.

**Б**

БацIикулай, Барбара, Бамаш, Бара, Бигач, Байсунгъур, Байдарус, Багъужа, Байбун, Багъуча, Булбул, Баригат, Бурагъан.

**Г**

Гибечилав, Геха, Гунащ, Гичибег, Гиручилав, Гьайбат, ГIагалав, Гиназ, ГIамма, ГIебухIилав, Гьанбулат, ГIанкалав, ГIанталав.

**Д**

Демилав, Доногъо, Демеш, Денга, Дарбищ, ДугIур, Дени, Дарчу.

**Ж**

Жават.

**З**

ЗазгIали.

**И**

Ирисхан, ИнкIвачилав.

**К**

Кихасур, Кимало, КIветIгIали, Къуду.

**Л**

Лаченилав.

**М**

Маргъал, Малач, Минду, Милиги, Махи, Маригат, Малигьат.

**Н**

Нуржагьан, Нуричо, Нанибика.

**О**

Омочи.

**П**

Пирилав.

**С**

Сайип, Сукуласулав Сулайсат, Сахло.

**П**

Пари, Паримеседо.

**Т**

ТIехIав, Танка, Тидурилав.

**У**

УругIали, Устархан, УдахIма.

**Х**

Хьатун, Хьилич, ХIонотар, ХIанайлав, Хъазамби, Хати, Хьирим, ХIуризадай.

**Ш**

Шагъумилав.

**Ч**

Чанкур, Чумилав, Чухъилав, ЧIурилав, Чаранав, Чупалав, Чончолов, ЧIегIерчи.

## Дандерижи

**Шамил МухIидинов:** Дир дахIаэбелалда букIана Созон абураб цIар. Гьелъие жиндиегоги гьеб цIар бокьулароан. Амма гьей цIакъ хIеренай, гIакъилай чIужу йикIиналъ, нижеда гьеб цIар квешабин кколароан. Пикру гьабураб мехалъ, гьеб БакътIерхьул рахъалда букIунеб Сюзанна абураб цIаралдасан бачIараб батилин кколеб буго. Ислам бачIиналдего бачIун букIун батизеги бегьула. МухIканлъи лъалес хъвани бокьилаан.

Бахтун, Хатунай, Гъижи, Къумишат, КъиштIун, Истара, Шабага, МалъкIур, Бурти.

**ГIабдулхIалим АхIмадов:** Ражихан бугин ккола унгоунгояб магIарул цIар. Дида лъан ГIарабалдаса лъугьараб анлъго цIар бугин ккола гьениб. Цо-цо Туркалдаса росаралги руго.

Пулян - Фулан
Парукъ - Фарукъ
ТIагьа - Къуръаналдаса сура
ХIурия
Хузаймат
Шагьидав - Шагьид.

## РагIикъотI




**ГIебеде:** 1. Балъго кьолеб, тIатани тамихI гьабулеб сайгъат. 4. Чвердолеб бакI. 7. ГIи-боцIул ургьимесалъул хIадурулеб нигIмат. 10. Черхалъул гIузру, гIунгутIи. 11. ЛъаббокIонаб рамаялда халатал чIваби рараб музыкалияб алат. 12. ЦIакъго тIеренаб ххам. 13. Къиматаб ганчIил роцен. 14. ГIисинал маймалаказул цо тайпа. 15. Автомашинаялъул цо бутIа. 16. Ралъдал гарцI. 17. Материк. 20. Казахстаналда ва Гъиргъизиялда бугеб гIор. 23. ЦIадаса ХIамзатил «Балагьалъул гъамас» пьесаялъул героиня. 26. ТамихI жиндихъ гьабулеб жо. 29. Заманалъе бараб хъорщол рукъ. 31. Хьул гьаби, анищ. 34. Асар. 35. ЦIикIкIун щибниги, гIемер бокьи. 36. КIигIагилаб таргьа. 37. Сундуе бугониги гIилла. 38. Ихтилат, аваданлъи. 40. ГIи-боцIуе кьолеб квен. 41. Грузиялда бугеб гIор. 44. Цебегосеб цIайиялъул роцен. 45. Литературияб жанр. 48. Капурго хвараб хIайван. 51. ГIакъуба кьей. 54. Пайда бугел магIданал рахъулеб бакI. 57. Сура гIурул гIаркьел. 58. Цебе МахIачхъалаялда абулеб букIараб цIар. 60. ГIадамал кIотинарулеб жо. 61. КIутIби релъунеб жо, релъен. 62. ЧIагояб рухI, инсан. 63. Мина-рукъалъул цо бутIа. 64. МутагIилзабазе кьолеб садакъа. 65. ЧчугIил тайпа. 66. ГъутIбузул цо тайпа.

**ГIодобе:** 1. Реактивияб двигатель бугеб боржунеб аппарат. 2. Къеч хIехьараб хIайван. 3. Полярияб мухъалда ругел авлахъал. 4. Сунданиги гIажаиблъи гьаби. 5. Генераласдаса тIадегIанаб рагъулаб чин. 6. Ралъдал рагъухъан. 7. Россиялъул областалъул центр. 8. Спорталъул тIадагьаб атлетикаялъул цо тайпа. 9. Дагъистаналда некIсияб пачалихъ. 18. Тракторалъул, атомобилалъул чирахъ. 19. Аби, бицен. 21. Минаялда цебе бакI. 22. ГIатIидаб, кIудияб майдан. 24. КъвакIараб хьуцIихер. 25. Рагъда кверде восарав чи. 26. Берцинаб кьагIрил къехь. 27. Лъим цIолеб бакI. 28. Автомашинабазул къецал. 29. Бича-хисизе, даран гьабизе гIадамал данделъулеб бакI. 30. Гъваридаб лъим унеб рахъ. 31. ХIайваналъул, инсанасул лага. 32. Япониялъул Хонсю чIинкIиллъиялда бугеб порталъулаб шагьар. 33. Кинаб бугониги иш тIубазабулеб учреждение. 39. ГьитIинабго ххамил сумка. 40. Ханасул кIудияб мина – гьундул. 42. Богорокъоб букIунеб алат. 43. Жаниб пихъ лъолеб тIагIел. 46. ЧчугIил нигIмат. 47. Вагоналда чанго чиясе гьабураб рукъ, къотIел. 48. Ралъдахъанасул хъулухъалъулаб чин. 49. Хоккеялъул ватIан. 50. Квешлъиялъухъ «баркала» 51. Цебе букIараб гIисинаб гIарац. 52. Инсан хведал, гьесул гIагарлъиялда пашманлъи загьир гьаби. 53. ЦIикIкIараб хинлъи. 54. БакIал раялъе хIажалъулеб материал. 55. Анкьил къо. 56. МугIрул-щобазда жаниб бугеб бакI.

*ХIадур гьабуна ГIалиасхIаб ДАВУДМИРЗАЕВАС,*
*ЧIарада район, Гьочоб росу*

ХIАКЪИКЪАТ

**БетIерав редактор**
ХIАСАНОВ Темирхан МухIамадович
65-00-66

**Заместителал**
Пайзула ПАЙЗУЛАЕВ
Зикрула ИЛЬЯСОВ

**Жавабияв секретарь**
МухIамадхIабиб МАХIАТIОВ

**Отделал: Информация ва политика**
Редактор:
Ашахан Юсупов
МухIамад Манапов
Рукъият ГIалисултанова

**ГIелмугун лъай кьей**
Редактор:
Кавсарат Сулейманова
ГIайшат ХIалакъова
ПатIимат МухIамаева

**Адабият ва тарих**
Редактор:
Шамай Хъазанбиева

**РухIияб хазина**
Редактор:
ПатIимат ГьитIинова
ПатIимат СултIанмухIамадова

**Реклама ва подписка**
Редактор:
ГIабаш ГIабашилов

**Социалияб гьинал, IT-технологияl**
МухIамадкарим ХIамзаев

**ЦIалдолезул кагътал**
Нури Нуриев

Электронияб почалъул адрес:
**hakikat1917@mail.ru**
**www.hakikat.info**

Заказ №____
Печаталъе гъулбасана - 20.00
Гъулбасана - 19.00

**РЕДАКЦИЯЛЪУЛ ВА ИЗДАТЕЛЬСТВОЯЛЪУЛ АДРЕС:**
367018
МахIачхъала,
Насрудиновасул проспект, 1-А
Газета къватIибе биччана «Лотос» басмахана»
ОООялъ
367000, МахIачхъала
Пушкинил къватI, 6
«ХIАКЪИКЪАТ» ГАЗЕТА

ГIУЦIАРАЛ:
ДРялъул Информациялъулгун печаталъул агентство

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД от 21.05.2019 г.
Регистрационный номер ПИ № ТУ05-00427

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, балъголъи гъорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.
Редакциялъ кидаго гуро макъалаялъул авторасул пикру гIахьал гьабулеб

**Тираж - 4387**
Газеталъул индекс:
51314
(бащдаб лъагIалие)

Багьа 15 гъурущ

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIаразда гъоркь: «Заман», «Аваристан», «ХIалтIулел чагIи», «БагIарал мугIрул», «МагIарул мискинзаби», «МагIарулав», «Социализмалъул байрахъ», «МагIарул большевик», «Дагъистаналъул правда», «БагIараб байрахъ».